12+

MAX

8

2017



НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор

Ахсар КОДЗАТИ

Редакция

Зам. гл. редактора, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2017

МАХ ДУГ

8

2017

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

Редакци

Сæйраг редакторы хæдивæг, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2017

НОМЫРЫ ИС:

ЧЕРЧЕСТЫ ХЪАСБОЛАТ: 70 АЗЫ

ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат. **Этюдтæ** 7

КАСАТЫ Батрадз. **Кæм агурон зæрдæйы ныфс...** Æмдзæвгæтæ 13

ГУСАЛТЫ Барис. **Мастад цинтæ.** Кæрон 21

НОГ ТÆЛМАЦТÆ

ДЗГОЙТЫ Анатоли. **Ам дæ къалати цæттæ...** Мысинæгтæ 49

ФИДАРАТЫ Руслан. **Абоны хъынцъым.** Æмдзæвгæтæ 73

КОКОЙТЫ Махар. **Дыууæ æмдзæвгæйы** 77

БАГАТЫ Аврам. **Новеллæтæ** 78

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 87

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

МЗОКТЫ Аслæнбег. **«Æгас Ирæн йæ цыт».** 97

НÆ НОМДЗЫД АХУЫРГÆНДТÆ

ТОХСЫРТЫ Къоста. **Дохтыр, профессор, хорз адæймаг.** Уац 104

ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

ЦÆЛЛАГТЫ Муссæ. **Адæмы знæгтæ хæлдтой ахуырадон-иртасæг институты куыст** 113

ХЪ. Хъ. **Æркæсут-ма Барахъты Еленæйы æцæг цæсгоммæ** **117**

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ЗАКАТЫ Алыкси. **Æдзæсгом уари.** Радзырд 122

АРВИСТОН 132

Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы

* * *

Ирон скъола куынæ уа, уæд Ирыстонæн фидæн нæй, æнæмæнг фесæфдзæни. Уый у тæккæ ахсджиагдæр фарста, æмæ æппæт хъуыддæгтæ дæр хъуамæ уыимæ баст уой. Кæнæ ирон скъола – ирон культурæйы артдзæст – уыдзæн æмæ уым хъомыл кæндзысты ног фæлтæртæ, кæнæ та æппындæр ницы уыдзæн. Æрмæстдæр скъолайы фæрцы сырæзын кæнæн ис, сырæзын кæнинаг цы у, уыдæттæ. Æндæр технологитæ нæй. (...)

Æппæты ахсджиагдæр хъуыддаг у сывæллæтты сæ ныййарджытæй рахицæн кæнын. Национ скъола нæ фыццаджы-фыццаг хъæуы, цæмæй басæттæм къуымых, æнæфенд, аморалон ныйарджыты. Цæмæй ног фæлтæрты скæнæм национ культурæйы аккаг фæдонтæ, æнæджелбетт мадæлты æмæ фыдæлты дæлбар чи нæуа, ахæмтæ.

БЗАРТЫ Руслан

ЧЕРЧЕСТЫ ХЪАСБОЛАТ: 70 АЗЫ

ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат

ЭТЮДТÆ

ЗÆРОНД АХУЫРГÆНÆГ

Стыхст зæронд ахуыргæнæг. Ныр ссæдз азæй фылдæр цы пиджак дары, уый арæхстгай раласта æмæ йæ шифанеры сауыгъта. Æнкъардæй æрбадт йæ зæронд тъахтиныл æмæ арф хъуыдыты ацыди. Йæ сæйрагдæр мæт та уыди ууыл, æмæ йæ абон дыууæ ранмæ зиантæм цæуын хъæуы, сабæттаг æхца та йæм нæй. Æмæ йын йæ мидхъуыдытимæ бацайдагъ ныхас:

– Ныр, уæдæ, афтæмæй куыд цардæуа? – дзуры мæстыйæ.

– Æмæ дын кæй аххос у? Уæд дæ ахуыргæнæгыл ахуыр кæнын нæ хъуыдис... – йæ хъуыры фæбадтис йæ мидхъæлæс.

– Æмæ, ахуыргæнæг раздæр кадджын кæй уыдис, уый дæ ферох? Сæ худтæ дæр ма-иу ын куы истой...

– Уый раздæр уыдис. О, уæд-иу ын кæстæртæ сæ худтæ истой, ныр та ахуыргæнджытæн сæхи худтæ дæр сæ сæрæй аскъæфынц... Дæхицæн дæр дын айразмæ дæ сæрæй дæ фыды бухайраг худ нæ фелвæстой?..

– Чифæнды цыфæнды кæнæд, фæлæ æз мæ царды дæргъы æвзæрæй никæд никæмæн ницы ракодтон.

– О, ды бирæты сарæзтай ахуыры фæндагыл.

– Æмæ уый æвзæр у?

– Бафæрс сын сæхи... Дæ фæрцы бирæтæ систы стыр ахуыргæндтæ, фæлæ сæ цард гæвзыккæй гæвзыкдæргæнгæ цæуы...

Тыхсы, катайы бацыди зæронд ахуыргæнæг. Ноджы зындæр та йын уый у, æмæ йæ мидхъæлæсы фæрстытæн йæ бон рæстмæ дзуапп дæттын кæй нæу.

Уæдмæ фæизæр æмæ йæ бандон хæстæгдæр байста рудзынгмæ. Кæсы, æмæ дын сæ разы фæсарæйнаг машинæ æрлæууыд. Рахызти дзы дастсæр, тыппыртæарæзт лæппулæг. Ахуыргæнæгмæ равдыста гæххæтт, ныр, дам, афæдз æхца газæн дæр æмæ рухсæн дæр нæ бафыстай, æмæ йын алыг кодта йæ рухсы телтæ, сæхгæдта йын йæ газы хæтæл.

– Дæлимонов! Иу мæйы ‘мгъуыд ма мын уæддæр радтаиккат...

– А-гъа, базыдтай мæ? Кæддæр мын «дыууæтæ» куы ‘вæрдтай, цалдæр хатты мæ дæу тыххæй уæлдæр кълæстæм кæй нæ сивтой, уый дæ нæ ферох? Æмæ – цы? О, астæуккаг скъола дæр æххæст нæ фæдæн, уæддæр, мæнæ нæ уыныс: мæ быны «Мерседес», дæ быны та зæронд тъахтин.

Зæронд ахуыргæнæг мыдадзын цырагъ ссыгъта. Райста тетрад, дыууæ æмхæст сыфы дзы стыдта, стæй бæстондæр сбадт æмæ Путинмæ райдыдта йæ хъарæг фыссын.

ДЫУУÆ БÆЛАСЫ

Фæрсæй-фæрстæм зайынц – сæ иу фæткъуы, иннæ та хæрис. Фæткъуы бæласы æртæхдзаст сыфтæрты бын сырхварс фæткъуытæ цæхæр калдтой.

Хæрис ыл худтис: «Æдылы къоппа!.. Цæй дыргъты мæт дæ хордта?.. Дæ къалиутæ куы ‘рсæттынц сæ уæзæй!»

...Уалынджы хæдзары хицау рацыд æд фæрæт æмæ хæрис акалдта. Йæ къалиуты саджилсæр хъилтæй йын фæткъуы бæласы зад къалиутæм быцæутæ скодта...

ÆРТÆЙÆ

Цæуæм æртæйæ. Æз, ды æмæ уый. Ды астæуæй, мах дыууæ læппуйæ дæ фæйнæ фæрсты. Не ‘ргъæвст удтæ иу артмæ таваæм – дæумæ...

Згъоры цъитийы дон хæл-хæлæй. Зары æмæ зары. Йæ дыуæ былгæроны та йæм кæсынц æнкъардæй. Фезмæлын нæ уæндынц, дарынц сæ уарзт æмбæхстæй.

Цымæ, цъитидоны абухгæ уылæнтæ кæцы былгæроныл бафæдзæхсдзысты сæхи?..

МÆНÆЙ-ИУ ФЫЛДÆР ФÆЦÆР...

Дæлæ кæнай, уæлæ кæнай, фæнда дæ, ма, уæддæр дæ иу бон чындзы хызы бын æрлæууын хъæудзæн. Мæныл та уыцы тæккæ бон ихкъæвда сæх-сæхæй ныууардзæн, æмæ мæ рухс бæллицтæ сидзæрæй аззайдзысты. Фæлæ цы мæ бон уыдзæн... Рæвдаудзынæн сæ мæ зæрдæйы хъармæй, сидзæрхуыз сæ нæ уадздзынæн.

Дæуæн та мæ хуыздæр арфæ уыдзæнис, цæмæй дын къухылхæцæгæй Уастырджи йæхæдæг ныллæууа, кæнгæ мад дын суа Мады Майрæм, чындзхæсджытæй дын фæцæуой хохы æмæ быдыры зæдтæ, мæй та дын хызисæг куыд уа.

Цæудзæнис рæстæг. Æз Уастырджимæ кувдзынæн, цæмæй-иу æдзухæй дæ рахизфæрсты цæуа, Мады Майрæмæй та курдзынæн, цæмæй дæ фæхайджын кæна сызгъæрин коцораджын лæппутæй æмæ цыкурайы фæрдгуыты хуызæн чызджытæй. Фæдзæхсдзынæн сæ хохы æмæ быдыры дзуæрттыл, цæмæй сæ хизой царды æнæнхъæлæджы æнкъуыстытæй.

Цæй, хæрзбон-иу рау. Æз дæр архайдзынæн, цæмæй дæу дæргъвæтин рæстæг уынон, уый тыххæй фылдæр фæцæрыныл. Фæлæ-иу ды уæддæр мæнæй ноджы фылдæр фæцæр.

УАЦАЙРАГ СÆГЪ

Адæймагæй никуы рох кæнынц йæ сабийы бонтæ. Æз дæр сæ арæх æрымысын.

Мæ райгуырæн хъæу – Ставд-Дуртæ. Хæсты фæстæ уæлдай æвадатдæр, зындæр азтæ. Паддзахадон æнæнымæц фиддонтæ: дзидза, æйчытæ, къуымбил, царв... Алы бæлас, алы карчы цъиуыл дæр – хъалон æвæрд.

Финансты инспектортæ-иу хъæуы куы фæзындысты, уæд-

иу адæм скатай сты, уæдæ ныр нæ хæстæ цæмæй фиддзыстæм, зæгъгæ.

Тынг-иу стыхсти мæ мад дæр. Алы хатт-иу ын афойнадыл бафидын нæ бантыст æппæт фиддонтæ, æмæ-иу уæд инспектор хæдзарыл йæ цæст ахаста æмæ дзы зынаргъ дзаумайæ, йе та фосæй цы ардта, уый-иу балæууын кодта хъæусоветы.

Уыдис нæм иу диссаджы сæгъ. Тынг ахуыр ныл уыд. Уыимæ æхсыр кодта раст хъуджы бæрц. Гъемæ-иу арæхдæр уый фæцис хъалонисджыты амæддаг. Æз, æхсæзаздзыд læппу, ме ‘мбæлттимæ-иу быдырæй кæрдæг нæ хъæбысыдзæгтæ æрбахастам æмæ-иу дзы хъалагъуры сусæгæй нæ сæгъæн бæрзонд кауы сæрты бакалдтам.

Мæ мад-иу кæм æфстау райста, кæм та-иу хионты æххуысæй бафыста нæ хæстæ, æмæ-иу уæд сæгъы уацарæй ссæрибар кодтам.

Афтæ иу ссæдз хатты бæрц.

Гъемæ дын нæ зондджын сæгъ дæр быдырмæ тæрын куынæуал комид! Æз-иу æй аскъæрдтон фосимæ, уый та-иу фæстæмæ æрбалыгъд, уайтагъд-иу бамидæг хъæусоветы раз æмæ-иу, уацары кæм уыд, уырдæм ныллæг сисы сæрты багæпп ласта. Изæрæй-иу æй тыххæй-фыдæй æрластон нæхимæ.

Диссаг: æххормагæй дæр дзы-иу быхста...

АМÆДДАГ

Завод «Налхъуыт-налмас»-ы директор Бухар йæ бинойнаг Варварæимæ сæ «Волгæ»-йыл изæрдалынджы дачæйæ здæхтысты сæхимæ. Фæлæ кæсынц, æмæ фæндагыл цавæрдæр æвзонг læппу мæрдон хуыстæй хуыссы.

Бухар фæурæдта. Хъавыд læппуйæн феххуыс кæнынмæ, фæлæ йæм Варварæ фæлæбурдта:

– Ныууадз æй, ахæц размæ! Ницы дæ хъуыддаг ис! Æвдисæнтæй нæ фæракæ-бакæ кæндзысты!

Сæ фырт Торбег зынæг суанг фæсæмбисæхсæвтæм нæ уыд. Схъуырмæ сты.

Уалынджы ныдздзæнгæрæг кодта сæ телефон. Дзырдтой рынчындонæй, Торбег, дам нæм æрбахауд...

Мад æмæ фыды бацыдмæ лæппу йæ уд систа. Дохтыр загъта:

– Раздæр нæм æй куы ‘рбаластаиккой, уæд ма йын фервæзын кæнæн уыд...

СУАДОНЫ ДОН ЗОНГУЫТЫЛ ÆРЛÆУГÆЙÆ ФÆНУАЗЫНЦ

Нæ, æз афтæ нæ зæгъын, æмæ никуы ницæй тыххæй æрлæууыдтæн мæ зонгуытыл. Æрлæууыдтæн... Уыимæ иу æмæ дыууæ хатты нæ. Бирæ хæттыты. Кæй разы, зæгъгæ, мæ фæрсут?

Табуафси, зæгъдзынæн уын æй: мæ фыды. Йæ цæф къæхтæ æхсгæйæ-иу ын æз æрлæууыдтæн мæ зонгуытыл йæ разы...

Суадоны дон дæр зонгуытыл æрлæугæйæ фæнуазынц...

ДЫУУÆ ЛÆДЖЫ

– Æдзух зæхмæ кæсгæйæ цæмæн фæцæуыс? – фæрсы фыдлæг раст лæджы.

– Диссаг мæм кæсы, фæлæ Хуыцауы комкоммæ бафæрсын æфсæрмы фæкæнын, мæнæ ацы лæджы, ома дæу, цæй охæн равзæрын кодтай а дунемæ, зæгъгæ...

– Æмæ уæд хатгай арвы цъæхмæ та джихæй кæсгæйæ цæмæн баззайыс? – фелхыскъ та йæ кодта фыдлæг.

– Уый та фырдисæй нал бабыхсын æмæ Хуыцауы бафæрсынмæ мæхи фæкъæйных кæнын, Де сфæлдыст ахæм фыдгуырд кæй рауадис, ууыл, ау, нæ фæфæсмон кодтай, зæгъгæ...

САСТ ДИДИНÆГ

Уыдис дæ райгуырæн бон. Хуыздæр лæвараен дын æрбахастон дидинджытæ – сырх-сырхид уардитæ. Æмæ дын ныффæдзæхстон:

– Адонæй фылдæр чи фæцæра, уый æз уыдзынæн.

...Рацыди рæстæг. Иу бон бахызтæн дæ уатмæ. Ды цингæнгæ разгъордтай мæ размæ. Амоныс мын дидинджытæм. Уыдон

баруадысты. Бампылдысты. Æрмæст ма се ‘хсæн цы састзæнг уарди уыд, уый йæхиуыл фидар хæцыд. Йæ сæфт æмбæлттæм къулбæрзæйæ каст. Ды та йыл дæ хъæлæсыдзагæй худтæ. Хъæрæй. Рæузонд чызджы кæл-кæлæй.

Цæмæй йæ ‘мбæрстай уæд, ды мæ састбазыр бæллицтыл кæй худтæ, уый...

ХЪÆБУЛЫ УАРЗТ

Мадæн амард йæ иунæг хъæбул. Фæмард ын фæндаггон бæллæхы. Кæугæ ‘мæ дзыназгæ ахастой судзаггаг зиан. Баныгæдтой йæ. Хæрнæджы фынгыл хистæр фæстаг рæгъ рауагъта. Мæрддзыгой адæм зианджын бинонты бафæдзæхстой Хуыцау æмæ йе сконд зæдтыл. Алчидæр сæ æнæдзургæйæ бацагуырдта йæ хæдзар. Саударæг ныййарæг мад аззад иунæгæй. Афтид кæрты тута бæласы бын даргъ бандоныл йæхи фæлмæстæй æруагъта.

...Æризæр. Арвыл фæзындысты фыццаг стъалытæ. Мæрдты хур – дыдзы хур – зианджынты хæдзарырдæм ныджджих. Кæрты дуары хъæр фæцыд. Уый, хизæнуатæй æрцыд саударæг усæн йæ иунæг хъуг. Æрзылд кæрты къуымты. Нæ тагъд кæны скъæтмæ. Комкоммæ бацыд, абон ацы судзаггаг зианæн гал кæм аргæвстой, уыцы бынатмæ. Туджы тæфмæ гæсгæ хъуг базыдта, хистæн ын кæй аргæвстой, хизæнуатæй-иу фæсизæрты тъæбæрттæй цы цæрдæг хъулон родмæ згъордта, фæстæдæр стыр гал чи ссис, уый. Йе стыр хъоппæг цæстытæ разилынц доны. Арф ныуулæфы. Ныууынæргъы. Раззаг къæхтæй радыгай ныххойы тугвæды бынат.

Саударæг ус йæ хъугмæ кæсы æнкъардæй. Ницы йæм сдзурын у йæ бон. Дзурын æй нæ уадзынц йæ судзгæ цæссыгтæ. Уæдæй нырмæ сæм æдзынæгæй цы мæрдты хур каст, уый дæр ныр сабыргай йæхи айста æмæ хохы фæтæн уæхсчыты фæстæ æрныгъуылд. Бæрзонд арвæй разынди мæй. Æнкъард цæстытæй йæм кæсы рыстзæрдæ мад. Йе стыр, дондзаст хъоппæг цæстытæй мæймæ нымдзаст и хъуг дæр. Хъугмæ афтæ каст, цыма уый мæй нæ уыд, фæлæ йæм бæрзонд арвæй разынд йæ роды сурæт, ныййарæг мад та дзы иста йæ зынгхуыст хъæбулы мондæгтæ... Æмæ мæймæ дыууæйæ дæр кастысты... Кастысты...

КАСАТЫ Батрадз

КÆМ АГУРОН ЗÆРДÆЙЫ НЫФС...

* * *

Уæйгæнæг скадджындæр поэтæй,
Нывгæнæгæн арахъуадзæг – æлдар.
Ысфæлдисæджы уаз сурæты фендæй,
Йæ уарзты рухсæй, нал райы æмгар.

Куыд цæрæм, уæдæ?!
Ацы мæнгард дуне
Дæлгомвæлдæхт,
Æнахъинон куы ссис...
Куыд цæрæм, уæдæ?!
Суанг нæ сыгъдæг удтыл
Куы сси уæлахиз
Хинвæндаг, куы ссис...

* * *

Кæдæм фæлидзон уе ‘хсæнæй, хæлæрттæ,
Куы нал уæ ис, кæмæ хатон тыхстæй?!
Охх, бафæллад мæнгдзинадæй мæ зæрдæ, –
Кæй ма хъæуы мæ уды тох рыстæй?!

Кæм агурон зæрдæйы ныфс, кæм курон,
Кæм агурон æфсарм æмæ æгъдау?!
Уæд та уал, цæй, мæхи удæй фæсурон
Хæрам, фыдæх, ызнæты зынг фæлтау!..

Æртæхæнт уæм, мæ буц хæлæрттæ, зæдтæ,
Уæ хус удтæй уын сыскъуынæнт хæлæг, –
Зæгъиккат кæд: «О курæм уæ, хуыцæуттæ,
Хæрзгæнджытæ уæ фæндиаг цæрæнт!»

Уæд æз уæ цинæй, туджы цæссыг нуазгæ,
Быхсин Амранау, батаид мæ мæт. –
Кæд федтат, кæд, æндон æфсæйнаг тасгæ,
Æви уæ удтыл сау хæйрæг фæхæст?!.

* * *

Мæ сыгъдæг уарзт –
Рæбинагдæр æнкъарæн,
Мæ уды фарн –
Мæ рухс монцты æндзарæн! –
Дæумæ куы уыд
Мæ фæндæгты сæйраг,
Ды куы уыдтæ
Мæ бæллицты фыццаг.
Дæумæ тындзыдтон
Рагбонтæй фæстæмæ, –
Ныр хъусын æз
Дæ карз ныхас хæстæгмæ:
«Сыгъдæг уарзтæй,
Æвзонг лæппу, цы кайыс?!
Дæхи, мыййаг,
Кæд митмæсгуытæй сайыс...»
Мæ сыгъдæг уарзт,
Дæуæн æмбал нæ арын! –
Мæ дудгæ рисыл
Ноджы цæхх луарын...
Æвæдыл мæ
Сыгъдæг суадонмæ ласыс,
Фæстæмæ мæ
Æнæ донæй ыздахыс...

Æви æндæр у
Уаз уарзтæн йæ ахаст, –
Мæ зæрин уадындз
Заргæ-зарын асаст?!.

СЫРДОНЫ МОНОЛОГ

О нартæ,
Бæхджынтæ, гæрзифтонг,
Хæстмондæгтæ, хъалтæ!
О нартæ,
Ыстæрты цæугæйæ,
Дæлдзиныг – мæ бартæ.
Мæнг амонды цинæй
Куы зилынц уæ сæртæ,
Мæнæй уæм хæстæгдæр –
Уæ хъама, уæ кæрдтæ.
Æз хилын уæ фæстæ
Æдзухъом, фæлладæй, –
Куы цæут мыл хинæй,
Цæут мыл мæнгардæй.
Æлхæнут уæ удтæ
Мæ цармæй, мæ удæй, –
Фæзæгъут мын бузныг
Уæ зæрдæты туттæй.
Уæддæр уæ фæфæнды
Мæн фенын æвзæрæй, –
Уæ хъал мыл фæкалут
Уæд хистæр-кæстæрæй.
Фæнды уæ, лæгъстæйаг
Сымахæн куыд фæуон,
Уæ балцы уæ бæхты
Къæдзилтыл куыд хæцон.
Кæнут мæ дæлдзиныг,

Æргомæй æддæссон, –
Зын уыдзæн, фæзонын,
Уæддæр дæн æвæсмон.
Уæ сайд мын дывæр у,
Мæ утæхсæн – бирæ,
Æмæ уын фæдзæхсын:
Ныууадзут мæ иу ран!..

Мæ цæссыг æмбæхсын
Сымах æмæ Ирæй...

* * *

Æхцайы дуне –
Згæхæрд æмæ удхор,
Сæрæй къæхтæм
Æгъатырæй ныхъуыры
Нæ лæгдзинад,
Æгъдау æмæ æфсарм.
Æнæтæригъæд сабийæн
Йæ хъуырыл
Æрцауындзæг,
Ызгæйау ыл нынныхæст,
Ныффидар ис, –
Кæны парахат не ‘хсæн!..
Æмæ йын мах та
Аргъуыцгæнгæ кувæм, –
Йæ ныхмæ нын ысдзурыны хъом нæй.
Хæссæм, æмпъухæм
Згæхæрд æфсондз не ‘ккой,
Фæлæ кæдæм – æбæрæг фидæн, афтид
Нæ уæны бады сау пъæззыйау, йе ской
У тобæ махæн, цъист нæ кæны, хурх...
Æхцайы дуг –
Ызгæхæрд æмæ... удхар.

ДЗÆНГÆРÆГ-ПАДДЗАХ

Дзæнгæрæг-паддзах
Федтон æз чысылæй...
Йæ къæртты раз дæр
Кæд уыдтæн мæлдзыгау, –
Уыди нæ хохы мæсыгæй бæрзонддæр,
Бæрзонд æмæ парахат дуар – йæ къахыр.
Йæ хуылфы та...
Æрхуы хъæлæсæй зарыди йæ хуылфы
Æнæрцæф дымгæ,
Æмæ уæд мæ риуы,
Лæппын риуы, æнахуыр бæллиц райгуырд:
– Куы байрæзон, куы сбирæ уа мæ хъомыс,
Нæртон туджы зынг ме уæнгты куы ссудза,
Йæ бынаты уæд бавæрдзынæн саст фæрск,
Ныдадздзынæн æй бурæмæдзы сойæ,
Куыд нæуал зына састы бынат, афтæ,
Æмæ йæ дзинг æгас дуне куыд фæзма!
О цас рацыд уæдæй абонмæ азтæ,
Фæлæ нæртон нæ басгуыхти мæ хъару, –
Дзæнгæрæг-паддзах дæр лæууы фыццагау...
Уæддæр... Уæддæр мæ рагбæллиц нæ аскъуыд,
Нæ мын дæтты æнцой æхсæвæй, бонæй,
Мæ уды арфы саст мыртæ нырризынц,
Уым баиу вæййынц рухс арвы ыскондæй, –
Сæ зæллангæй мæ рухс бæрзæндтæм сисынц.

* * *

Алчи райгуыры кæугæйæ,
Мæн та Хуыцау, æвæццæгæн,
Æрвыста а дунемæ худгæйæ.
...Æмæ фæцардтæн
Æлгъинæй маст æмæ фыдæхыл.

Мæ игæр мын хæрамдзинад куы карста
Йæ цыргъ кардæй, уæддæр ма ме ‘ргом,
Мæ рухс мидбылхудт, адæмырдæм разылд
Æмæ сын царды ныфс лæвæрдта.
Цыдæр рæстæг-иу амбæхста йæ маст,
Æмæ-иу худтысты кæл-кæлæй.
Уыдысты се ‘ппæт дæр мæ сæрхъæн митæй разы,
Æрмæст дзы иунæг дæр хæлæг
Мæ цард, мæ амондмæ нæ кодта,
Сыгъдæгуд сабитæй фæстæмæ...
Æрмæст дзы иуы дæр нæ фæндыди æмбарын
Мæ удхар, сагъæс æмæ маст,
Хъæугæ дæр сæ нæ кодта.
Мæ риссаг сæм нæ фæхæццæ ныр дæр ма...
Æмæ æгайтма.

МЫГГАДЖЫ ХИСТÆРЫ ФÆДЗÆХСТ

Фыдæлты фарн – Дагом,
Цæргæсты æрбадæн, –
Уыд Касаты уæзæг
Йæ райдиан сæ цардæн.

Сæрибары цæргæс
Цæхæркалгæ тахт,
Уый цардагур кæмттæм
Бæрзонд арвæй каст.

Æвзæрста хуыздæрæн
Цæрынæн бынат, –
Ныддихтæ фыдæлтæн
Сæ уидаг, сæ цард.

О, Дагомы гæнах,
Фыдæлты бындур!
Хуыцау дæ ыскæнæд
Нæ иугæнæг дур!

Нæ фидæны фæлтæр –
Нæ сагъæс, нæ рис!
Уæ бæллиццаг фæндтæй
Рæсугъддæр цы ис?!

Уæ кæрæдзи уарзут,
Æнгомæй цæрут,
Нæ мыггаджы рухс фарн
Æнусмæ хæссут!

ЗАРÆГ
БЕРОЗТЫ ТЕМЫРБОЛАТЫЛ

Джимарайы хохæй лæппын цæргæс ратахт,
Йæ базыр ысфидар Мæскуыйы дымгæтæм, –
Нæ номдзыд ахуыргонд ирон лæгæй баззад,
Æфсармæй, æгъдауæй нæ сæтты хъысмæтæн.

Джимарайы авд дзуары арфæйы дзырдæй
Берозоныл авд арвæй авд хуры разылд, –
Æнæхъæн дунейы сæрæндæр дохтыртæй
Тырсыйаджы зонад бындурондæр разынд.

Амырычы, Францы, уæд Англис, Японы
Наукæйы фидар йæ зондæй рæмудзы,
Æцæг академик æрæнцой нæ зоны,
Æвæллайгæ куысты, уæлтæмæны судзы.

Йæ хæтæнтæ абон – уæларвæй бæрзонддæр,
Нæ фидæны фæлтæртыл дары йæ арм.
Йæ уарзт та Ирыстонмæ – хурæй æргомдæр,
Дæтты йын парахат йæ зæрдæйы хъарм.

Нæ дунейы кæрæтты – йе ‘взонг фæдонтæ,
Кæй базырты бауагъта ахуыры тых.
Сæрыстырæй мысынц йæ кад дæр, йæ ном дæр,
Æрлæууынц сæ равзæрст фæндæгтыл хъæддых.

Бынаты фарн райста нæ хæхбæсты дзуæрттæй,
Хæххон хуры тынтæн – сæ зæрин æлвыст.
Наукон тыгъдады æмырæхгæд дуæрттæн
Сæ байгом кæнынæй нæ фæллад, нæ тыхст.

Цæй, кад æмæ намысы авд фарны зарæг
Берозты сахъ гуырдыл ныккæнæм хъæрæй, –
Уый басгуыхт наукæйы базырджын барæг,
Нæртон куывды Ирæн фæбады сæрæй...

2010

ГУСАЛТЫ Барис

МАСТАД ЦИНТÆ[1]

Советон Цæдисы сидзæртæ

Уæдæ, уæдæ: советон арфæйаг-фæрнæйдзаг дуджы дон дæр бирæ хуылыдздæр уыд, къæвдатæ фæлмæндæр, рыг хъæрмустдæр – бæгъæмвадæй-иу цы хорз уыд «кæсаджы стæгдар» кæнын; мит урсдæр, уарзæтты дзыккутæ æмæ цæстытæ саудæр, хур хурдæр, мæй сызгъæриндæр рухс, арв бæрзонддæр æмæ уæрæхдæр, зараг мæргътæ цъæхснагдæр хъæлæсджын, адæм – адæмдæр.

Мæгуырæй – уæздан.

Æргом хъæздгуытæ та уæвгæ дæр нал уыд – сухты цагъд сæ ныккодтой мæгуырæй уæздæтты джауыр цинæн. Сусæгæй бонджынтæ та уыд – сусæгхортæ, уырытау æмбæхстæй æхсыдтой-æмпылдтой сæ тонайæ амалгонд хæлц. Æхсар уыдоны тыххæй фыста:

Йæ карьерæ уæлдæрæй уæлдæр,
Йæ гæлдæр та дæлдæрæй дæлдæр.

(Цитатæ зæрдæаивæй хæссын æмæ, чи зоны, исты дзы бынтон афтæ нæу...)

Цыфæнды ма фæуæд, фæлæ уæддæр абонимæ абарæн нæй уæды цардæн – йæ хорз дæр æмæ йе ‘взæр дæр бæлвырд бæрæг дардтой, адæм сыл фæцалх сты, сахуыр ын сты советон хицауадæн йæ хинтæ – кæлæнтыл, базыдтой йын – стыр

[1] Кæрон. Райдайæн кæс журналы 2015 азы 7-æм æмæ ацы азы 7-æм номырты.

туджы аргъæй! – йæ бацæуæнтæ æмæ рацæуæнтæ. Хæрæмттæ кæнын дзы, хъулæттæй уарзынтæ дзы царды фæтк ссис – ома, ды хион, ды æддагон; ды зонгæ, науæд зонгæйы зонгæ, науæд та æддагон, æцæгæлон.

Хионизм! Мачи дзы уа!

Блат, дам, выше наркома.

Не подмажешь, дам, не поедешь.

Фæхæцæг дыл куы нæ уа, уæд...

Уæвгæ та уый – ахæм æхсæндзарды уаг – рагзамантæй рацыд фидарæй фидардæргæнгæ, æмæ дзы рауад цардарæзты бындур.

Фæлæ, дам, иу нырыккон лæппу-лæг, – лыстæнты артæй чи сбонджын, ома, адæмы цæстыты раз, æмбойны, – уымæ йæ хæстæг æрхатыд, цæмæй йын йæ чызджы исты хорз куыстмæ райса, сойæвдылд кæм уа, ахæм ранмæ. Æмæ, дам, æй нæ исын иу бынатмæ дæр – институт кæд фæцис, диплом кæд райста, уæддæр ницы ‘мбары æмæ йын фæлтау, йæ хæдзары бадгæйæ, фиддзынæн улупа. Фæхæцæг, дам, дын цæмæй разына, уый тыххæй дæм хъуамæ, цæуыл фæхæца дæ хæрзгæнæг, уый уа...

Бæргæ, бæргæ!

Æрмæст та йæ зонæм, зæгъгæ, æгæр арæх дæр ма рожденные ползать управляют полетами – кæйдæр загъдау...

Цы хорз уыди раздæр, цы хорз. Æмæ ‘рмæст уыйадыл нæ, æмæ уæд æрыгон уыд лæг, йæ туг йæ тæккæ ‘нхъизгæ æмæ фыцгæйæ. Фæлæ, зæгъæм, айдагъ уый дæр цас хорз уыд, цæугæдæттæ сыгъдæгæй кæй цыдысты, æнæ маргхъæстæ, кæсагджынæй. Сæрд сæрды дæргъы хъæуккаг сабиты цин, сæ рæзæнлæппугæнæн-лæггæнæн былгæрæттæ, сæ хъæрмуст тæнджытæ, сæ сатæг малтæ...

Иннæ ахæм скуынæг сты зараг цъиутæ дæр – ныр цал æмæ цал азы нал ис хæрдмæдзу гоппон цъиу – заргæ зарыны, дамиу, йæ гыццыл зæрдæ атыдта – афтæ æгæрон-иу уыд йæ бæрæгбоны цин уалдзæгыл...

Адæм, дам, мæгуырæй дæр кæрæдзи уарзтой, хистæр æмæ ма кæстæр зыдтой. Стæй, дам, партимæ хъусгæйæ, зæрдæхъæлдзæгæй куыстой, арæзтой коммунизм.

Коллективизаци...

Индустриализаци...

Кулактæ...

Адæмы знæгтæ...

Æнæхъæн адæмтæ – знæгтæ...

Æмæ, дам, цы? Рæстæг, дам, ахæм уыд, æндæр гæнæн нæ уыд. Уый хыгъд адæм сæ фидæнæй ныфсджын уыдысты æмæ фæрæзтой æххормаг азтæ æмæ бæгънæг-бæгъæмвад азтæн дæр.

Стæй – уарзтой!

Сталины.

Партийы.

Советон Хицаудзинад.

Фыдау.

Ныййарæг мадау.

Йæ мады та, дам, диттой ничи хоны. Æрмæст гадзрахатæй цæуджытæ.

Алы Гоккитæ: иугæр, дам, Сталины кæм нæ уарзта, уым йæ Райгуырæн бæстæ дæр нæ уарзта. Искуыдæр ма æнæхъæн уац, æви суанг чиныг дæр ныффысс, «Сталин – это война», зæгъгæ! Гоккийæ зæгъын.

Уæдæ ма цæттæ знагыл сыкъатæ вæййы, и?

Стыр ахуыргонд у, дунейыл хъуыстгонд? Æмæ йын Ирыстон та цы кодта – мæнæ йæ ‘лгъыстаджы Рацарæзты заман та чи хъыгдæрдта Токатийы, цæуылнæ ‘рбацыд Ставд-Дуртæм, йæ хъæубæстæ фенынмæ уæд та?

Арв хуынчъытæгæнджытæй уыд уый дæр, æмæ – уынут, климæт фехæлд...

...Уæддæр дзы Ссæдзæм æнусы хистæр фæлтæртæ цытæ бавзæрстой æмæ цæмæнты ныббыхстой, уыдон æнусты æнустæм зæрдæхъæрзгæйæ мысинаг сты – уыдонимæ абаргæйæ цæй «жестокий век» уыд Пушкины дуг дæр.

Фæлæ адæмы тыхст-уырыд цард, сæ трагеди хус ныхæстæй никæй уд нылхъивдзæн, никæй зæрдæ дзы нынкъуысдзæн, цалынмæ йыл стыр аивадон уацмыс фыст не ‘рцæуа, уæдмæ. Фидæны Толстой-Шекспиры сисæй.

...Куыд ферох вæййы алцыдæр, куыд! Сау над дæ кодтой, кæуын та дæ нæ уагътой: нал сæ нымайын, сау над цы хонын, уыдæттæ – æбар колхозоны цард, алы хъалонтæ, заемтæ, недоимкæтæ, встречный пълантæ, трудоденьтæ: колхозы, дам, кус, дæ гуыбын хус, цы бакуыстай, уымæй, дам, фылдæр бахордтай сихорыл æмæ дæм мызд нæ цæуы, фæлæ ма дæхæдæг хæсджын дæ...

Колхоз...

Йæ хъиамæтагдæр фæстиуæг: адæм зæхх нал уарзынц, сæ дарæг æй нал хонынц, быдыртæ дæр æмæ цæхæрадæттæ дæр зæрæстон кæнынц. Фермерты уарзт та йæм уырнинаг нæма у – ома, зæхмæ.

Æмæ уæдæ абон чи стæм хистæрæй-кæстæрæй? Советон Цæдисы æвæгæс сидзæртæ. Раст уыдон дæр, уыдон – царды чи бахауд, уыдон – дзул мыды тулджытæ.

Ивгъуыды амонджынæй, дам, æнамонддæр ничи у.

Сентябрь, 2016 аз, Зилгæ,
3 май, 2017 аз, Мæскуы

Тарст туг

Иу зындгонд фыссæг иннæ номдзыд фыссæгæн æнахуыр хъаст кæны – æппæлинаг æргомæй:

– Сымахæн Камалимæ циу: хицæутты хицау куы уыд Билар Емазаевич, уæддæр дзы уæ дыууæ нæ тарстыстут, къæйных фыстытæ кодтат, æз та ма дзы абон дæр – пенсионерæй дарддæр куы ничиуал у, – æмризæджы ризын, дардмæ йæ ауынгæйæ дæр!

Тæппуды низ та йыл, партийы обкомы инструкторæй куы куыста, раст уæд бахæцыд.

Гъемæ ахæм тарст, удаист туг кæй дадзинты кæлы ферхæцферхæцгæнгæ, уыцы фыссæгмæ цавæр аивадон уацмыстæ сфæлындынмæ æнхъæлмæгæсæн ис?

Æндæр хатт та афтæ ралæхурдта йæ дæлæмæдзыд уды долапи куырой:

– Сталин чи у, Сталин, ирон домбай лæг, уый пыл уыд, пыл! Æмæ размæ лæгæрста, ссæндгæ бырста, егъау паддзахад саразыны сæрвæлтау. Æмæ-иу йæ цырыхъхъыты бын куы мæлдзыджытæ фесты, куы дзы-иу гæккуыритæ бахаудтой, куы та ма алы кæлмытæ-хилджытæ æмæ тугдзых сырдтæ дæр.

Уæдæ, уæдæ: маршæлтæ – мæлдзыджытæ, фысджытæ – гæккуыритæ, зæхкусджытæ кулаччы фидиссаг номхæсгæйæ – тугдзых сырдтæ, Бухарин, Троцкий, Каменев, Зиновьев, Рыков æмæ Ленины иннæ гвардионтæ та...

Ай та нын йæхицæй афтæ ‘нхъæлы, æмæ залмы сыфтæй Сталин-пылы бындзытæ сурæг-инструктор уыдаид æмæ дзы

уæд Билармæ дæр – ай ардыдæй! – державон цырыхъхъы иу мыхъхъ уæддæр æрхаудаид – йæ хъихъхъ дæр æмæ йæ хъинц дæр нал фæцыдаид!

Цагъайраджы бæллиццагдæр амонд: де ‘лдары чырыны сæр къах-къухтыл æркафын...

21.09.’16, Зилгæ,
5.05.’17, Мæскуы

Ахуыр

Куыдз, дам, æйчытæ хæрын куы сахуыр уа, уæд лæхъуггæ дæр хæрдзæн.

...Æмæ ‘нцад йæхицæн уызыны балцы, Нигеры уынг æмæ Проспект хæрхæмбæлд кæм фесты, уыцы тигъæй хæхтырдæм цыди.

Æмæ уал ын, уынджы ‘хсæн дыууæ рæнхъæй арвмæ сæххæсгæ бæлæсты афтæ цæнгкуылтæ кæй бахсæстой, уый фæхъыг.

Ныр ыл кæдæй нырмæ нал вæййы иу зонгæ фембæлæг, кæдæй нырмæ! Уалæ цалынмæ Парчы бацæуæнмæ схæццæ уай – Куйбышевы номыл уынгыл ахиз (чи уыд, чи?!), стæй та Горькийы цæхгæрмæ уынгыл, – мæнæ афтæ хъуыдыдзастæй, цадæггай цæугæйæ, уæдмæ. Зонгæ адæмы раст цыма Хуыцау йæхимæ фæхаста, науæд сыл рын сыстад, уыйау сæ федзæрæг Дзæуджы егъау хъæу.

Ох-хына!

Абон дзы цы дзыллæтæ сты йæ цæрджытæ, йæ хъæубæстæгорæт, уыдон цыма сæ кæрæдзийæн дæр æмæ кæддæры ирон адæмæн дæр æппындæр ницы бавæййынц, уыйау дæм фæзыны, куы сæм кæсай æмæ хъусай, уæд.

Ног дуг, ног рæстæг-заман Проспектæн цыма йæ раздæры цардбæллон уд сласта, йæ хæдзайраг хъарм ын дымгæтæм ныддардта – фæстæзады хос йеддæмæ дын ницы у, зæгъгæ: англисаг æвзаг æй æнæ гуыпп-гæрахæй бацахста.

Æмæ – фецæгæлон Ирыстоны сæйраг бæстыхай ирон зонд æмæ тугæн. Уазал ад дæтты, дæхи дзы æнæхуынд уазæгау æнкъарыс, хæддзу тæтæйрагау.

Стæй ма дзы цæй зонгæтæ домыс, цæй: уартæ-иу дæсфынддæс азы размæ дæр ма бæлæсты ауон рейкæтæй бæстон конд бандæттыл къордтæ-къордтæй бадтысты ас лæгтæ. Æмæ – фысджыты хистæр фæлтæр.

Æмæ-иу сæ ‘вдæлд мысинæгтæм, боны фæтк æмæ суанг дун-дунеты хабæрттæм лæмбынæг æркæсынмæ, алы политикон-æхсæндзардон хатдзæгтæ скæнынмæ.

Стæй-ма...

Стæй-ма дзы-иу кæрæдзийы гуыбын адауыны æгъдау дæр разынди сихорафон: кæм бæгæныйæ бабуц кæнын кæрæдзи, кæм æмвосæй дыууæ ресторанæй – «Терк» æмæ «Интурист» – иумæ бацæуынмæ бахæссын дæ ныфс: фæйнæ туманæй æртæ læджы сæхи тынг дзæбæх федтаиккой.

О, фæлæ хорз цы у ацы къæссафæлдæхт царды, уый дæр æнæфиппайгæ куыд уа læг цыфæнды мæстæйхæлгæйæ дæр: уый дын æмæ райдзаст цæрæн хæдзæрттæ, ногтæ æмæ бындуронæй цалцæггондтæ; дуканитæ; афтеччытæ; автобустæ æмæ «маршруткæтæ»...

Алы товартæ – хæрх.

Удæнцойы мадзал – дзыппыдаргæ, ронылхæсгæ телефонтæйедтæ.

Цас хæрзхъæд сты алцытæ, уый та ‘ндæр мæстджын ныхасаг у. Æрмæст дзы мæстыты масты сæр уæддæр йед у... Ног адæм дæм, фæсивæд дæм дæхи уарзон ирæттæ кæй нæ кæсынц фыццаг фæзылд-бакастæй дæр, дæхæдæг та уыдонæн, чи фæдзæгъæл, ахæм æцæгæлон чидæр кæй дæ, уый – ома, уыцы æнæбайрайгæйы уавæр.

Цымæ уартæ сæдæ азы размæ дæр – 1917-æм азы паддзахадон фæфæлдæхты, буц номæй та Октябры Социалистон Стыр Революцийы фæстæ дæр фыццагон адæм, ног фæлтæры царды-уагмæ кæсгæйæ, сæхи афтæ æцæгæлонтæй хатыдтой? Æви уæд фæлтæрты ‘хсæн арæн ноджы уæрæхдæр æмæ ... æмæ æмыр æхгæддæр фæцис, æмырдæр æхгæд?

...Афæдз иу хатт уыдаид, дыууæ азы иу хатт, фæлæ-иу æй йæ мад Фассæ йемæ горæтмæ куы скодта бирæ лæгъстæты фæстæ, уæд та йæм-иу æрхатыд, мама, цом-ма «Универмаг»-мæ, зæгъгæ.

– Сыгъдæгæй та дæ бæрзондæй ныллæгмæ ракæсын фæнды, нæ? – йæ цæстытæй йæм-иу бахудт мад.

Афтæ, афтæ...

Уæдæ хъæуы дыккаг-æртыккаг уæладзыг иу хæдзарæн дæр куы нæ уыд, уæд дын кæцæй кæса уæле бынмæ, цæмæй йæ гыццыл зæрдæ цыдæр ахæм дисы бацæуа, мæнæ куыд æнахуыр у бæрзондæй дунемæ фæлгæсын, зæгъгæ. Бæласы цъуппыл та парахатæй не ‘рлæудзынæ, стæй дын кæм уа дæ бынты уыйбæрц адæм цæуæг дæр...

Уæх, æмæ йын куыд фæхъыг, цавæрдæр амалджынæй цæрæг чидæр «Универмаг»-æй фондзыстъалыджын фысымуат «Александровский» куы рауайын кодта, уæд – тынг аивтæ агъуыст æддаг бакастæй дæр, мидæгæй та... мидæмæ та кæд экскурсийы хуызы бацыдæуа, кæд бауадзой, уæд... О, æмæ йын уый куыд фæхъыг, йæ сабидуджы «Универмаг» кæй нал ис, уый!

Сабийы фыдæфхæрд куы бакæнай, кæд æм раст уыйау нæ фæкаст.

Уалынджы æнæнхъæлæджы нывмæ фергомыздæхт: æрæджыты фæзы цы хытъынджын æмæ бæзджын рихиджын городовойы цырт слæууыд зæххæмвæз, уый чъылдымæй... йæ ауунæй, ома, куы галиуырдыгæй, куы йæ рахизфарсæй йæ сæр радары рæстæмбис кары лæг æмæ йæ рæзты цæуæг адæмыл – сылгоймагæй уа, нæлгоймагæй; стырæй уа, чысылæй – фæхъæр ласы:

– Руки на зад! Не разговаривать! По сторонам не смотреть!

– Стой! У кого какие жалобы на условия содержания? Я всенепременно доложу прокурору по надзору!

– Здесь вам не курорт и не санаторий! Скорее крематорий.

– Не положено! Чаушеску, закрой, хлеборезку! Кишки простудишь!

– Ес лебе геноссе камрад Сталин! Да здравствует великий товарищ Сталин! Наше дело правое! Победа будет за нами! Руки на самый зад я сказал!

Сæрæйхъуаг рынчынмæ куы кæсай тæригъæдгæнæг цæстытæй, уыйау æм бакæсынц, æмбаргæ худтæй бахудынц æмæ дарддæр сæ фæндаг дарынц тезгъогæнæгæй, æнæвдæлон цæуæгæй. Лæппу-лæг та кæнæ æфсæддон гауптвахтæйы, науæд ахæстоны кусгæйæ фæзондцух, феррадзæфау. Æмæ, цы сахуыр къорд азты дæргъы, уый кæны – нæ халы йæ зæронд ахуыр, мæгуырæг.

Алкæмæн дæр йæ фыдбылыз – йæ хъуынджын уæрцц – цæттæ: куыддæр ыл йæ цæст æрхæцыд ног æрцæйцæугæ лæгыл –

ænусы æмбис ыл цыдаид, æви чысыл фылдæр – афтæ йæ бамбæрста: цардæфхæрд у, æнæзæрдæзæгъгæ хъысмæт рауад йæ хъысмæт – йæ хъоппæг стыр цæстытæ сауæвзалыйы æрттывд кодтой, йæ русты стджытæ ратигъ-рацыргъ сты фæлурс, хурхъуагæй. Стæй, йæ сæр бæрзæндты хæсгæйæ дæр æмæ хуымæтæг растæй дæр нæ хæссы, фæлæ къулæй, гуыбыр-гуыбырæй – мæнæ дæ ныртæккæ сæрæй цыма сцæвдзæн, смыхъхъ ласдзæн, ахæм арæзтæй.

Хъæрмуст, зæрдæхæлар фæлмæн изæр кæд уыд, уæддæр лæг скодта цъындабыд къуымбил свитер – йæ риугуыдырыл фæдисонæй дугъ кæнынц урс сагтæ. Бæзджын хæдоны бынæй дæр цъупп дардтой йæ фæтæн уæхсчыты стæгджын къуызыртæ – раст бирæгъы нуæрттæй конд, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм гуырд...

Æдылыдзæф ууыл дæр куы схъæртæ кодта, уæд фæдзыхълæуд. Æдзынæг, йæ цæстытыл чи не ‘ууæнды, ахæм лæджы æдзынæг кастæй йæм ныккаст. Афæстиат. Гъестæй йыл йæхи бауагъта, йæ ирон мыггаг ын уырыссагау зæгъгæйæ:

– Гурчиев! Ах ты крыса! Ах ты сукарно индонезийская и петух гамбургский! Ах ты мразюга! Ах ты... – Йæ тæрттæй йæ ацахста æмæ йыл галиу къухæй хæцгæ кодта, рахизæй та хойгæнæмгæ. Уый сын хъусæй, æнæ хъыпп-сыппæй быхста æлгъыстæй уæд, надæй – æппæтæн дæр: йæ зылын, йæ азым чи фæзоны, ахæм æфхæринаг адæймагау: йæ къухтæ бæндæнуагъд æркодта æмæ сæ йæ былты туг дæр нæ сæрфта, асдæрдта-иу æй æмæ-иу æй аныхъуырдта.

Дыууæ ‘рыгон домбæйттæарæзт лæппуйы сæм уæзбын цыдæй бацыдысты, уæзбын – нæмæг æй дзæгъæлы кæй нæ нæмдзæн æдылыдзæфы, уый сæ цыма уырныдта, кæнæ та йæ цыма хорз зыдтой, уыйау. Фæлæ уæддæр йæ мастисæг лæгæн уайдзæфгæнæгау загътой:

– Он же больной, – лæгмæ лæмбынæгдæр бакастысты, ирон кæй уыдзæн, уый сæ бауырныдта, нал ыл дызæрдыг кодтой æмæ уæд сæ ныхасмæ иронау дæр бафтыдтой. – Уый фæнды нæм, фæнды ма – ницы ‘мбары... – Æмæ сыл фæйнæрдæм ахæцыдысты, баиргъæвтой сæ зæрдæйæ.

Лæг срæмыгъта, мæстæлгъæд хъæрæй загъта:

– Ай рынчын нæу, рынчын, фæлæ у дурты бын маринаг куыдз! Æвзæр куыдзæй дæр куыдздæр! Дойныйæ мæлæгæн зымæгон

армыдзаг мит нæ радтаид, тамакойыл хъырдыгæнæгæн дзы «бычок» дæр нæ рантыстаид. Ахæстоны куыдз! Куыйты раздзог! У-у! – февзыста йæм, фæлæ уый йæхи нæ фæсайдта, æрмæст йæ сæвджын былты туг ныр асæрф-асæрф кодта, йæ цæсгом дзы сырххъулæттæ самæста, стæй гæпдугъæй фысымуат «Александровский»-ы уæлвæрсты фæцæуæг Терчырдæм.

– Цу, цу, æвзæрты ницæйагдæр, дæхи Терчы басхой æмæ дæ кæд Хъаспы кæсæгтæ бахæриккой, тутæ дыл кæнгæйæ.

– Бадгæ кодтай? – куыддæр æй æфсæрмдзастæй бафарста, лæппутæй хистæр чи зынд, уый.

– Лæугæ дæр æмæ дзы-иу хуысгæ дæр акодтон, – загъта, – стæй цæхгæр аздæхт, йæ къухтæм æркаст – йæ дзыппæй къухтыкæлмæрзæн систа, æртутæ йыл кодта, йæ æрмттæ тугæй амæст кæмыты фесты, уыдон ныссæрфта, хæцъил быröндоны ныппæрста æмæ Проспекты дæлæрдæм нал ацыд, раздæр йæ арæзт куыд уыд, афтæ, фæлæ Куйбышевы номыл уынгмæ базылд, фæауон.

...Никуыдæм уал æй хаста йæ къах – йæ фæд-йæ фæд фæстæмæ раздæхт, хъæмæ батагъд кодта: бирæ нал хъуыд фæстаг хабæрттæм, æмæ фена-байхъуса, Сири, Ирак, Турк æмæ Украинæйы ногæй цытæ цæуы, уымæ, кæд сæ зæрдæцъæх фæцис, уæддæр.

28.01.'17, Дзæуджыхъæу,
6.05.'17, Мæскуы

Хъæмпдзæгъдæн

Абоны бон – 2016 азы 29 сентябры – Стыр Ныхасы стыр ныхас бацайдагъ, ахсджиагдæр зын ссарæн у, дыууæ ахæм хъуыддагыл: сæ фыццаг «Дом-2» тыххæй. Нæ дзæбæх фæсивæды, дам, нын халы ацы æдзæсгом, ацы æнæфсарм, ацы æнæхæдзар-æнæмыггаг равдыст æмæ йæ сæхгæнын кæнæм – уартæ Цæцæн æмæ Мæхъхъæлы куыд бакодтой, растдæр афтæ.

Цалдæр ас læджы – Стыр Ныхасы Президиумы уæнгтæ, стæй Ирыстоны районтæй æрвыст æвзаргæтæ – ныхмæ уыдысты, ахæм курдиаты ныхмæ: нæхимæ, дам-ма, фенæм, æркæсæм нæхи хабæрттæм, Ирыстоны сæйраг горæты, дам, уыцы «Дом-2»-йæ кæуылты фылдæр ис хъылматауæн æмæ 'фсармхалæн

бынæттæ, алы джыртмæдзæуæн финнаг саунæтæ-абанатæ, ресторантæ æмæ клубгæндтæ, ноджы ‘взонг чызг æмæ лæппу фæсивæдыл згæхæцæнтæ, тутсæргæнæнтæ, афтид уд æмæ зæрдæ æдзæрæггæнæнтæ.

Стæй, дам, зæгъæм, æвзонг чызг йæ фыды уæзæджы къæсæрæй уыцы ‘лвæст фæлмæн æрбадæнтæ æмæ ‘рдæггом риутимæ куы рацæйцæуы, уæд æй хистæртæй ничи уыны, нæдæр ныййарджытæ, нæдæр хотæ-’фсымæртæй? Кæй нæ нæ уадзы уыцы «Дом-2» нæ фæзминаг ирон æгъдæуттыл хæцын?! О, æмæ, дам, мæнæ Гузеева æмæ Сябитовайы равдыст «Давай поженимся» цæмæй тæхудиагдæр у?

Стæй...

Стæй, дам, кæдæй нырмæ нал æмбийы кæсаг йæ сæрæй – кæдæм кæсы хуыздæр Путин, сæ ных сын цæуылнæ бакъуыры æнады телеуынынады хицауадæн, йæхицæн дæр амондагур дыууæ чызджы куы ис, уæд?!

Уæвгæ, дам...

Уæвгæ, дам, дунейы бардуаг æхца сси, æмæ уыцы ТНТ-йы хицау дæр æмæ Эрнст дæр мах, ома, Ирыстон, æд бындзытæ æмæ мыстытæ балхæндзысты. Гъемæ, дам, нæ хъаст-хъыллистæй ницы рауайдзæн...

Уæддæр фæстагмæ бауынаффæ кодтой нæ Сæргълæууæг æмæ Парламентмæ курдиат барвитын, цæмæй æппæт гæнæнтæ æмæ хъарутæй дæр бацархайой «Дом-2»-йы трансляци бауромыныл, нæ дзæбæх, æнæхæлд фæсивæд дзы ирвæзын кæныны охыл. Нæхи ирон саунæтæ-абанатæ æд æвзонг æхсинтæ æмæ алы клубгæндтæ та сæ хъазуатон куыст дарддæр æнæкъуылымпыйæ кæнæнт –Ирыстоны иномаркæты «сифилисовозтæ» цы центрон газетты хуындæуы, уыдон та чи кæсы ирон хуымæтæг адæмæй?!

О, не ‘хсæндзарды хъæнтæ æмæ аиппытæ комкоммæ адæмæн сæхи аххос кæй сты, уый дæр загъдæуыд. Æрмæст та ныр дæр, алкæд куыд вæйиы, афтæ уæлахиздзау уыдысты, тынгдæр чи фæхъæр кæны, уыдон – нымадæй цалдæр рæстзонд лæджы састы бынаты баззадысты. Æз дæр мæ бырынкъыл мидæмæ хæцыдтæн – кæдæй-уæдæй, уымæн æмæ сæ быцæу ныхас афтæ стæвд, афтæ сырх зынг афæлдæхт, æмæ дзы рæстдзинад пæлхъпæлхъæй фыхт æмæ тæфау уæлдæфы æвæдæй сæфт.

Хъæмпдзæгъдæн куынæ уыдаид, зыгуым дымгæмæ дарæн,

уæд афтæ бафæрсин не ‘ппæты дæр фæсбыцæу:

– Кæдæй нырмæ нæм сæвзæрд ацы уавæр: «лæджы хуызæн лæг нæм стæм»?

– Кæдæй нырмæ у афтæ, æмæ «бæрæг дæр нæ нал ис, цы стæм»?

– Цæмæн уадзынц нæ цардхъом фæсивæд сæ райгуырæн бæстæ – «фос дæр ма афтæ ныппырх кæны сырд»?

– Цæмæн ма табу кæнæм абон дæр, рухс кувæндæттæй чи хынджылæг кодта, адæмы хуыздæрты чи цагъта æмæ сын къæрццæмдзæгъд чи кодта, уыцы зондсайд дзыллæты дыууæ фæтæгæн?

– Цæуылнæ мæлæм фæсмонæй, æрцæуæг хæддзутæй æлдæрттæ куы кодтам, уæд?

– Кæй зондыл лæууа, кæй фæдыл цæуа абоныккон кæстæр?

– Чи стæм æмæ цы стæм нæхæдæг, нырыккон зондамонæг хистæртæ?

– Кæдмæ рæхысбаст уыдзысты не уæнгтæ, пъæззыахст нæ зонд, уынаффæйæ сæрибар паддзахадон æппæтадæмон хъуыддæгты? Зæгъæм, нæ сæргъы лæууæджы æвзæрстыты?

Æви хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ нæма стæм наци.

Нæдæр ирон, нæдæр быцæуаг алайнаг...

Къоста цардис 1859–1906 азты. Æмæ абон цæмæйты барухс уыдаид йæ зæрдæ, ирондæр зæрдæ зæгъæн нæй, йæ ахæм зæрдæ?

Секъа та цардис 1855–1915 азты. Æмæ цыма йæ фæдисы дзæнгæрджытæ сæумæдæвдæгæй тæккæ абон цагъта, афтæ нæ хъуысынц:

Фесæф, фесæф, нæ фæсивæд,
Хъæмпæй хосы не ‘взарыс, –
Дæ цины дæр дæхи ‘взагæй
Зæрдæрухсæй не сзарыс.

* * *

Тæхуды, ирон лæг
Йæхи куы зонид,
Йæхи æнæмæнг
Бæстон куы хонид.
Ирон адæм цытæ сысты?

Чи – гуырдзиаг, чи – уырыссаг,
Чи – тæтæйраг, чи – кæсгон.
Никуы федтон ахæм диссаг,
Ныр куыд сæфы Ирыстон.

Æллæх, æллæх, ныр йæхи заман-йæ дуджы цæрæг ирон чызджыты тыххæй цытæ фыста фарны лæг Секъа, уыдон дæр уын бадарон, нæ хъалтæ, нæ хъæмпдзæгъдджытæ, уæ цæстмæ?

Хорз, æрмæст цалдæр рæнхъы йе стыр æмдзæвгæйæ – «Ныры дуджы чызджытæ»:

Худгæбылæй – саузæрдæ,
Хъазты цъилау ныззилынц.
Æнæ лæгтæй лæппынтæ
Иугай-дыгай æвзилынц.

Уый дын дзы алантæ æмæ аланкæтæ... Уæд дæр «Дом-2» уыд?

7.05.'17, Мæскуы

Дыууæ рухсы

Мæ мад Замирæты бон куы нал уыд нæдæр стурвос, нæдæр æгæр-мæгуыр мæргътæ дарын, уæд-иу æй къуыригæйтты 'мгъуыдмæ горæтмæ сластон – мæ фыд хæсты кæй байсæфт, уый сæрмæ йын дзы иууатон къуым радтой.

Гъемæ дзы-иу бон – дыууæ бонмæ атыхст, хъæумæ мæ нæхимæ фæнды, зæгъгæ-иу мæ бадомдта. Æмбæрстон ын йæ уавæр, йæ утæхсæн, фæлæ йын гæнæн æмæ амалæй йæ курдиат алы 'фсæнттæй не 'ххæст кодтон, бонæддæдæр ын æргъæвтон йæ балцы æмгъуыд. Уымæн ын æгоммæгæс сдæн, æмæ йын иунæгæй хъæуы хæдзаргæсæй уадзæн нал уыд раздæрау – мæ хо Знаретæ ма æгас куы уыд æмæ нæм цæргæ та хæстæг куы кодта, уæдау.

Искæй йын баххуырсон фæкæсæг æмбалæн, уый та йæ æппындæр нæ фæндыд. Хъæуы цæргæйæ нæуæг бинонтæ скæнон, зæгъгæ, уый фаг та мæнмæ нæ разынд лæгдзинад æмæ фæсмойнаг горæтаг сдæн...

Хъызмыдæйы (Гуымыдæйы) æлгъыстæй æз дæр æлгъитын Гитлеры, мæрдты хæрæджы тъæнгтæ хæргæ фæцу, зæгъгæ, хорзæй куы ницы сарæзтай дæхи адæмæн дæр, уæд нæм, хæстæндзаргæйæ, цæмæн æрбалæбурдтай – æрбабырстай... Чи дзы фæцагъды мæ фыдау, уыдон дæр нын куыд не сты мыггагмæйы цæссыгæй æхсинаг, фæлæ хæсты азым-аххосæй дунемæ чи нæ рантыст, уыдон та, уыдон? Зæгъæм, мæ фидæны хотæ æмæ 'фсымæртæ – абон сæ исчи, кæстæрæн куыд æмбæлы, афтæ йæ фыдæлты иузæрдион бындар уаид, бинонджын бындар.

Уæддæр та мамайы бон-дыууæ боны 'мгъуыдмæ Зилгæмæ ныххæццæ кодтон, уæдæ куыд....

Кæддæр егъау акъаци бæлас акалдтон фæрæтæй – цæй бензинæй кусгæ хырхытæ-йедтæ уыд уæд æрмæст мæнмæ нæ, фæлæ хъæуы æндæр искæмæты дæр. Æмæ уыцы бæласы стыр къодах дæргъæй лæууы нæ кæрты дуармæ фæзы иуварс аууоны.

Æруагъта йыл алкæдау йæхи мæ мад, арф ныуулæфыд, йæ къухтæ фæйнæрдæм айтыгъта – цыма театры хъазы, хорз хъазы, уыйау æмæ дын, мæ мæрдон сахатмæ мæ цы ныхæстæ нæ ферох уыдзысты, ахæмтæ куы зæгъид:

– Мæнæ мæ удмæ цас рухс æрбакалд!..

Ауынгæг мæ зæрдæ, фæлæ йын сусæг хъæрзтæй схъæрзынæй фалæмæ цы мæ хъомыс уыд...

Куыдз!

Мæнæйуый!

Æндæр уæдæ дæ ныййарæг мадæн йæ зæры бонты дæр йæ фарсмæ ма у хъарм-хъæрмусты æххуыс-ахъазæн!.. Мæ ингæны къæсæрыл æцæг фæсмойнаг, уæдæ нæ.

Мама куы нал ис, уæдæй нырмæ нæ сидзæры адгæнæг хæдзар бабæрæг кæнын мын кæд къуыри иу хатт, науæд дыууæ бантысы, уæд – хорз. Æмбойны фæзилын фæстæмæ. Тынг стæм хатт дзы бахсæвиуат кæнын. Гъемæ дын мын иуахæмы нæ сыхаг Оля – Замирæты æнувыд ныхасæмбал, уыцы тæхудыгæнгæйæ, афтæ:

– Цы 'хсызгон мын вæййы, цы, æхсæвыгон уæ рудзгуытæй рухс куы фæкæлы, уæд. Раст цыма дæ мад Замирæт йæхæдæг фæрухс кæны... Уæ саугуырм рудзгуытæм кæсынæй та мæ зæрдæ дæр саугуырм кæны, æмæ тагъддæр иннæрдæм азилын, æхсæвыцæстыл ма мæ фосмæ куы ракæсын хæдзарæй, уæд.

Нал ис Оля йæхæдæг дæр. Æмæ ныр уый рудзгуытæй дæр

рухс нал кæлы: йæ иунæг лæппу æндæр хъæуккаг сиахс бацис æмæ мæнæ раст мæнау мидæгмойы царды бахауд...

1.10.'16, Зилгæ

Куыдзау куыдз

Уый Зилгæйы нæ сыхæгты – Оляйы – куыдз у ахæм кадджын номы аккаг. Суанг мыл къæбылайæ фæстæмæ фæцахуыр – йæ гуыбын-иу ын адаудтон горæтаг уæлдæйттæй, нæхицæн-иу æнæ бахæргæйæ чи алæууыд, ахæм дзадзджын хай дæр æм-иу æрхауд хаттæн.

Оляйы лæппу ма мын афтæ хъаст дæр ракодта:

– Мацуал ма йын дæтт, науæд дæ хуынты фæстæ айдагъ хус къæбæр нал фæхæры – йæхи йыл атигъ кæны, куы йæм басмуды, уæд. Дзулы кæрстытыл, ома...

Куыд ын нал хастаин йæ хай, мæхиуыл æй куы сахуыр кодтон, уæд: дардмæ мын кæнæ мæхи ауынæд, йе та, цы таксийæ 'рцæйцæуын, уый – цыппæрвадæй згъордзæн мæ размæ. Вæййы искæд афтæ дæр, æмæ 'ндæр кæцæйдæр фæзынын ... афтидармæй. Æмæ уæд мæныл йæ къæдзилы цины хъазуатон ратилбатил фæдзæгъæлы вæййы æмæ тæргайхуызæй аздæхы сæхимæ, фæстæмæ фæкæс-фæкæсгæнгæйæ, раст æй цыма нæ фæуырны, æнæрæвдауæг æз дæр йæ хорз зонгæ кæй дæн, уый.

Уæд дын мæ иу тыхст бон цыдæрагур-адгур Олятæм бацæуын куы бахъæуид – уый тæккæ хæдразмæ та сын сæ куыдзæн йæ гуыбын адаудтон. Æмæ дын... Æмæ дын мæм куы лæбурид фæхæцындзæттæйæ! Уыцы знæтæй рæйы, уыцы хъыхъхъагæй, раст мæ цыма йæ дунейыл дæр никуы федта, науæд та йæ цымæ иу кæддæр бон бафхæрдтон, дурадзагъд ыл кæнгæйæ, афтæ.

Уæд дын мæм, уыдæттæ уынгæйæ, нæ дæлбыл сыхаг лæппулæг Хъазыбег хъæрæй дзуры:

– Ахæм у, ахæм! Æз дæр ын æд дзидза стæг аварын, фæлæ дын мæ сæхимæ бауадза!.. Нæ хицæуттау гæртамæлхæд нæу, йемæ блат не скæндзынæ!

1.10.'16, Зилгæ

Зæрдæргом давæг

Мемæ иу аз, иу мæй æмæ уыцы иу бон кæй райгуырд Мурасты Эльбрус, уый æрмæстдæр йе ‘фснайæн бон базыдтон – йæ рæстæгмæйы хъæдын цыртыл ын æй бакастæн.

Афтæмæй та кæрæдзиимæ зонгæ уыдыстæм сау сæрæй урс сæрмæ.

Иттæг зæрдæхæлар, цæстуарзон, æнæхин адæймагæй йæ зыдтон æз, иннæтæн бар сæхи. Телеуынæны куы куыста, уæд цалдæр фыссæджы тыххæй ахъаззаг равдыстытæ сарæзта. Йæхæдæг дæр рагæй зæрдæргъæвд уыд литературон сфæлдыстадмæ.

Вæйиы иу ахæм бон, æмæ дзы зæрдылдаринаг цауæй ницы ‘рцæуы, афтæмæй дæ бирæ дугты нал рох кæны, æхсызгонæй та йын æрымысыс йæ хуры рухс, йæ сабыр ахаст, удæнцойы сахат, куыд уæнгрог æрыгон уыдтæ, куыд æнæфхæрд зæрдæ, уыдæттæ. Хуыцауæй стыр разыйы хуымæтæг бон...

Кæм уыдыстæм æртæйæ – Æхсар, Эльбрус æмæ æз, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ уыд сызгъæриндонытылд фæлмæн хурджын фæззыгон бон. Горæты кæрон. Кæцæйдæр здæхæм, зæрдæбын ныхæстæгæнгæ. Æмæ хæхты уындæй райы зæрдæ, стæй дæм уый, дæ зæрдæ, афтæ дæр дзуры фырбуц хъæбулы зæрдæйау, цыма уыдон дæр, ома, хæхтæ дæр райынц не ‘ртæйы уындæй – Ирыстоны хорз зæрдæйы ныфс хорз цоты уындæй...

Ницы дæ риссы, фæлæ уд адджын хъæрзтæй хъæрзы: цы йын ис æнæниз æмæ æнæмастæй, Хуыцауы цæстуарзон лæварæй, уый йæм фаг нæ кæсы – нæ йæм хъары йе ‘дылыйæ, æцæг амонджын ныр кæй у, уый.

Фæлæ йын цы зоныс, бирæ фæстæдæр дæм де ‘рыгон дуг цыфæндыйæ дæр – æххормаг уыдаид, бæгънæграгъ, уæддæр цы тæхудиагæй зындзæн, уымæн...

Æхсарыл уæдмæ курдиатджын поэты ном сбадт, мах та Эльбрусимæ – æрмæстдæр подающие надежду...

Бонтæ халасдзæф æрæгвæззæджы сыфтæрау азгъæлдысты, рæстæджы æнæзивæг дымгæ сæ фæхаста æбæрæг ран сæ хуыздæр заманты ‘рцыдмæ бафснаины охыл (о, нæ; куыннæ стæй!).

Эльбрус дын æнæнхъæлæджы тележурналисты мамæлайы къæбæрамал куыст фæуагъта Рацарæзты зилгæдымгæйы æмæ фæсæудæджер. Æмæ – фæцæрæгхæдзар. Æмæ – фæмерсе-

десджын. Æцæг – нæ фæхъал: баулæф æм, мæнæ нæ уырдæм æмæ уырдæм куы бадавис, уæд дæ мах нæ, фæлæ Иры зæдтæ æмæ дауджытæ дæр ма фæбузны уаиккой!

Æмæ йæ цалх тулæд, æндæр – табуафси...

Рацæй-рабон, æмæ дын мын афтæ:

– Мæ фыссын никуы уагътон, сындæггай-сындæггай цыдæртæй гæххæтт хъулæттæ кодтон æмæ мын чиныджы фаг баисты. Йед... Мæхи хардзæй йæ рауадзинаг дæн æмæ мын редактор куы ныллæууис... Йед... Мæ базарадон хъуыддæгтæ ныссуйтæ сты æмæ дын, æргом дын æй зæгъын, ницы бафиддзынæн, кæд дын исты зæрдæлхæнæн скæнын бауа мæ бон, æндæр... И?

– Æхцаты кæри мыл куы самайай, уæддæр мæ не ‘вдæлы, Эльбрус!

– Мæн та æндæр исчи нæ хъæуы.

– Былдауæн ныхæстæ мын ма кæ! Мæхи кусинæгтæ-кæнинæгтæй мæ хæцаг куыдзыл дур фехсынмæ дæр не ‘вдæлы – бауырнæд дæ.

Ныттардзæсгом, нырхуым – йæ род цыма йæ хуылфы амард кæмæй фæзæгъынц, раст уыйау.

– Иу æртæ мæйы фæстæ та, афæдзырдæджы?

Нæ зонын – кæд, фæлæ ‘рцыд уыцы бон дæр. Кæсын ын йæ сæвджын къухфыст, ницы уыйбæрц редакцигæнинаг у. Уалынджы дын!

Фембæлдмæ фæсидтæн Эльбрусмæ, йæ къухфысты сыфтæм ын амонын:

– Лæппу! Адон дын цытæ сты? Плагиат цы у, искæй фыстытæ ралухын, уый дæ рох фæцис? Йед мын дæ – Белиты Берда? (Кæуылдæр, пароди йыл фысгæйæ, ахæм ном сæнарау батъæпп ластон, æмæ та-иу æй, худæгæй бакъæцæлтæ, афтæмæй æрымысыд.)

– Хæблиаты Сафары тыххæй? А, уыдон, мæ зæрдæмæ дын тынг цы уац фæцыд, «Хорфыцæн хурбоны сатæг изæр», зæгъгæ, уырдыгæй фæйед кодтон – рамырхтон. Бирæ йæ уарзтон æз дæр Сафары...

– Омæ мын мæ ныхæстæ уæд та дыкъæдзыгты сæвæрдтаис! Уæд та йæ исты хуызты фæнысан кодтаис, мæнæй сæ кæй исыс, æфстау исæгау, уый! Плагиаторы ном дыл нынныхасон ныр?!

– Цæй-ма, æппындæр куы ничи ницуал кæсы, уæд ма дын

дæу дæр æмæ мæн дæр афтæ лæмбынæг кæсæг чи разындзæн! Мæ зæрдæмæ та уыцы абзацтæ афтæ тынг фæцыдысты, æмæ дын æй куыд зæгъон...

Ницуал æм сфæрæзтон. Рацыд мыхуырæй йæ чиныг. Æз ын – редактор. Мæ гонорар та – иу литр водкæ æмæ дынджыр ног костюм, мæ хуызæттæй дыууæйы фаг уæрæх. Мæ бæзæрхыгтæ сиахсæн æй радтон...

Эльбрусы æнафоны зиан та мын абон дæр стыр хъыгаг. Стæй ма 'ндæр къорд æмгары зиантау...

8.X.'16, Зилгæ

Уæлвых бæх

Ныр та «кишлачный этимолог»-тæ сæ даргъ ныхтæ нæ дзаджджын уæлибæхты ныссагътой: уыцы чъиритæ, дам-иу, уæлкъæй фыхтой, уымæ гæсгæ сæ хонын дæр хъæуы УÆЛИВЫХТÆ, мæнæ сойыфыхтау, сурвыхау... Æндæр, дам, цавæр бæхы кой цæуы ам...

Гъемæ – хорз. Æрмæст афтæ куы у, зæгъгæ, куы зæгъут: уæлЕйы фых, уæлИ нæ, фæлæ. Стæй Фых куы ис йæ бындуры, уæд æй Вых цæмæн фыссын кæнут?

А, хæдæгон, æвзаджы мид-закъонтæй аразгæ дзырдтæн у афтæ сæ арæзт, и?

Ноджы, дам, уæлибæх æд «бæх» дзурын æвидауц у.

Ранымайон уын, дзигло-этимологтæ, уырыссаг æвзаджы иуæй-иу дзырдтæн цы 'нæфсарм кæрæттæ ис, цы чъизи дзыхæй æлгъитæн хæйттæ, уыдон?

Уартæ советон 1967–68 ахуыры азты завучæй куыстон Цæцæны иу хъæуккаг скъолайы. Æмæ-иу ахуыргæнджытæ скатай сты ногдзауты æмбырды агъоммæ: К делу Коммунистической партии будь готов, зæгъгæ, ахæм цытджын сидт кæй уыд, уый ма хистæртæ хъуыды кæндзысты. Дзырд «будь» та цæцæйнагау æнæуаг ныхас у...

О, «чъири» дæр, дам, гуырдзиагау æвзæр цыдæр у. Нæ, нæу: уыцы 'взæр «чъири» хæринагмæ ницы бар дары.

Мæнæ дзырд «цæфхад» та иу «цæф»-æй æмæ цыдæр «хад»-æй арæзт нæу, фæлæ «цæг» æмæ «фад»-æй. «Фыццаг» та равзæрд «фындзаг»-æй...

Стæй абон уæлиБæхтæ уæлкъæй нæ, фæлæ духовкæйы фыцынц, гъемæ сæ уæд «духвыхтæ» рахонæм?

Мæнæ, дам, Уастырджи дæр æмæ Джеоргуыба дæр йедтæ не сты, гуырдзиагтæ, фæлæ...

Абайты Вассо худти:

– Ныр алы кæсаг дæр ихтиолог куы уаид, уыйау сты уыцы этимологтæ дæр!

17.X.'16, Дзæуджыхъæу

Фыдæхы уидæгтæ

Хицæн адæймагæн дæр æмæ мæм иугуыр æхсæнадæн дæр уымæй тæссагдæр низ никæцы кæсы: адæмты 'хсæн æнæуынондзинад, фыдæх куы фенхъизынц æмæ фæфыцынц, уæд уый.

Удхор у уыцы æхсæндзарды уавæр, зондхал-зондталынггæнæг.

Ноджы ма цыбырзонд хистæртæ фыдæхтауæг куы свæййынц æнахъомты зондахаст æмæ удысконды, уæд та уый бынтон бæллæхæрцыдтæм сайæг æууæл у.

Æмæ та нын ацы хъуыддаджы дæр фæзминаг кæй зонд у, кæй ахаст цардыуагмæ, уый – Къоста, афтæ зæгъæджы:

– Я равно страдаю от страданий ингуша ли, ирона ли, дагестанца ли или кабардинца.

Мæхъхъæлон...

Бæлвырд æй нæ зонын, фæлæ, цыма, раздæрты ирон хъæутæй мæхъхъæлон хъæутæм Зилгæ æмæ Уæлгинскæйæ 'ввахсдæр ничи цард.

Куы сæ хастой, уæд æрмæстдæр мæ цыппар азы фесты мæхи æмæ уыцы фыдгæнд цауæн æвдисæнæн нæ бæззын, фæлæ сын чысылæй фæстæмæ сæ хорзы кой гæзæмæ хатт хъуыстон хистæртæй, фылдæр – фосдавæг æмæ, дам, æнафоны цæуæг бæлццæтты стигъæг абырджытæ уыдысты... Дæсæй иуы.

Бирæ фæстæдæр сæм аивта мæ зондахаст, фæлæ мæн дæр фыдæхы уидæгтæ куыд арф ныххызтысты, ууыл мæхæдæг дæр хаттæн дисы бацæуын.

Хæрзæрæджыты уыд Джемалдин Яндиевы 100 азы юбилей. Нафийы тæлмацæй йын «Мах дуг» йе 'мдзæвгæты цикл рауагъта – бæззонтæ сты. Журнал ын йæ чызг Марьямæн балæ-

вар кодтон, уый та мын Джемалдины æмбырдгонд радта – къорд поэты йын раивтой уырыссаг æвзагмæ йæ поэтикон уацмыстæ. О, æмæ дзы кæсын:

Месяц тонет
В дымке тонкой,
Гаснет сонный небосклон.
Мать баюкает ребенка,
А над ним
Летает сон.
В дом вступает сновиденье,
Дрема ходит в серебре,
Мать поет.
И спит селенье.
Спит селенье на горе.

Мæхъхъæлон поэты – хорз поэты! – райгуырæн хъæу у Балта, æмæ ‘мдзæвгæйы дæр ацы хъæуы нывтæ ‘вдыст сты. О, хорз тæлмац куыд нæу Арсени Тарковскийы куыст дæр, фæлæ...

Фæлæ мæнæ куыд фесхъиудта мæ зæрдæ рагон, мæ сабибонты фыдæхы ардыдæй, мæнæ: ау, зæгъын, кæд мæхъхъæлон ныййарæг мад дæр йæ дзидзидай хъæбулæн авдæны зарджытæ фæкæны, уæд уыдон, куы бахъомыл вæййынц, уæд... уæд...

Цы – уæд?

Фыдæх зæрдæ дарын райдайынц ирæттæм?

Цæмæн?

Кæд уымæн, æмæ сын ало-лайты фæстæ фыдæхифтонг хистæртæ сæ хъусты æндæр зарджытæ бацæгъдынц?

Цæмæн?

Кæд уымæн, æмæ раст тæккæ афтæ кæй кæнынц ирон хистæртæ дæр.

Фæлæ цымæ, нæ дыууæ сыхаг адæмæй фыццагдæр фыдæхтауæгæй чи басгуыхт?

Æмæ нæ фыццагдæр уыцы низ чи нал парахат кæндзæн, йæ маргхъæстæ гага нæмыг ын рæзинæгты зæрдæмæ чи нал æппардзæн фидæны фыдæхы тыллæджы номыл?

Джемалдин та, дам, нын цыдæр тугхæстæг дæр æййæфта, хæларæй цард ирон фысджытæй кæимæдæрты, иттæг хорз дзырдта иронау æмæ йын тынг зæрдæмæдзæугæ уыд ирон арахъхъ дæр...

17.X.'16, Дзæуджыхъæу

...Æмæ ‘хца ссарай!

Уый мæ фыдымад Дыдтайы фæдзæхсты æмбис у:

– Кæрдзынæн йæ сыгъдтытæ къæрисмæ ма кæс – ахæр æй æмæ ‘хца ссарай!

...Иу мæгуыр лæппу фæндагыл цæугæйæ ссардта ‘хцатæй тыппыр дымст чыссæ. Æмæ, кæмæй ахаудтаид, уыцы хъæздыг лæджы базыдта. Бацыд ын йæ хæдзармæ, радта йын йæ чыссæ. Уый дзы иу сом систа æмæ йæ лæппуйы къухты фæсагъта:

– Гъа, æдылы, цу æмæ дзы дæхицæн ауындзæн бæндæн балхæн: ды мæгуыр куы дæ, æз та ацы ‘хцайы хъуаг куы нæ дæн, уæд мæм сæ цæмæн æрбахастай?!

...Нæ сыхæгты ус Елмæсхан кæмæйдæр цыбыр æмгъуыдмæ куырд бæхуæрдоны Зилгæйæ Бæслæныхъæумæ сосафæндагыл фæцæуы. Кæсы, æмæ дæлæ фæндаггæрон дзыхъхъы чысыл чумæдан. Баурæдта, æрхызт зæхмæ, систа йæ æмæ – йæ былтæм æхцаты гуцъулатæ-цъæпæратæй æмыдзаг!

Цы мæстæй йæ мардтой нæ сых, цы мæстæй! Нæ, дам, раздæхтæ уæлвæндагыл – ома, фæсвæдты – фæстæмæ æмæ ‘мбойны не схъæздыг кодтай дæхи, дæ чындздзон чызджы, фæлæ чумæдан гуыффæмæ уæгъд æппæрстæй баппæрстай æмæ дарддæр скъæрыс дæ бæхы!

Цы машинæйæ ахаудта, уый йæ сæййæфта – банчы æхцатæ сты, зæгъгæ, йын дзы иу хуынкъ суари дæр нæ саккаг кодтой бузныгадыгъæдæн.

...Дыууæ ‘мкусæгæй сфæнд кодтам рынчындоны нæ иннæ ‘мкусæджы бабæрæг кæнын. Гъемæ нæ фæндаг стыр базарыл акодтам, хæссынæн рог æмæ дзы хæрынæн та адджынæн истытæ немæ айсæм, зæгъгæ.

Базармæ тæккæ бацæуæны дын – адæм дыууæрдæм кæм кæнынц, уым зæхмæ фæкомкоммæ дæн, æмæ дын дæлæ æддæгмидæг уæлæнгай тыхт æхцайы дыууæ гæххæтты – фæйнæ æртæ сомы.

Æхсæз сомы!

Уæды советон заман – дуцгæ сæгъ балхæныны фаг! Хъазгæйæ-иу афтæ дзырдтам...

Адæм хæрдтыгæс сты, æндæр сæ уæдæ мæ размæ куыд ничи фæфиппайдта, æцæг диссаг уый уыд. Æмæ уæд иннæ хатт та...

...Зилгæмæ мæ арæзт, афтæмæй, тындзгæ цыдæй цæугæйæ, Рæмоны-фырты уынгмæ базылдтæн – æдзух адæмæй æмыз-

мæлд кæны: чи базардзау у, чи уырдыгæй здæхы.

Кæсын мæ развæндагмæ. Уалынджы дын мæ цæстытыл не ‘ууæндын: тротуарыл цæхæртæ калы сау-сауид чыссæ!

Фелвæстон æй, алырдæмты ахъахъхъæдтон, кæд, кæмæй ахауд, ахæм удаист лæджы ауынин, зæгъæ. Нæй, никæуыл æрхæст мæ цæст..

Иу ацæргæ ус мæм дзуры:

– Мæгуыр адæймагæй ахаудаид, æндæр бонджынтæ фистæгæй нæ цæуынц. Стæй, куы цæуой, уæддæр сæ мацы ахауа!..

Ныппæрстон чыссæ мæ хызыны дзыппы, – кæсгæ дæр æм нæ ныккодтон, – æмæ та атындзыдтон. Æмæ дын...

Æз йæ рахизфæрсты цæуын уынгæн, уый та – галиувæрсты, рæстæмбис кары къуылых сылгоймаг, сабиласæн уæрдон йæ разæй тулы.

Мæ зæрдæ йæм фæкъæпп ласта: «Чыссæ уымæй ахаудтаид!» Фæндаджы сæрты бахызтæн, дзурын æм:

– Нæ хойы хай, ницы дæ ахаудта, фен-ма.

Сонтæй асгæрста йæ кæттаг хызын, афæлурс:

– Мæ чыссæ... Цыдæртæ ма мын дзы аззад, фæлæ уæддæр...

Æвдисын æм æй:

– Мæнæ ай у дæу?

– О, мæнон у...æмæ... Аргæ йæ скодтай?

Радтон ын æй, фæцæуæг дæн. Мæ фæдыл дзуры:

– Чи дæ, чи? Гъа-ма, тамакоты фаг уæддæр... Бæгæныйы...

Нал æм раздæхтæн.

...Мæ хъæуккаг чызг-сылгоймаджы йæ куыстырдæм хæццæ кодтон райсомы фараст сахатмæ. Проспектмæ ма нæ нымад санчъехтæ хъуыд, Куйбышевы уынгыл цæугæйæ. Æрмæст дзы иугай адæймæгтыл æмбæлдыстæм. Æмæ дын мæнæ нæ къæхты бын иу, дыууæ, æртæ ног сæдæсомон гæххæтты!

– Сис сæ! – дзурын сылгоймагмæ.

– Нæ сæ уæндын сисын...

– Кæмæй сæ нæ уæндыс – нæ дыууæ йеддæмæ иу цъиузмæлæг куы нæй хæстæджыты!

– Нæ йæ зонын, цæмæй тæрсын, уый – дæхæдæг сæ сис.

Систон сæ. Ныр сæ мæнæй айсын бауæндыд, бахудызмæл:

– Цы хорз у: ныр нын дыууæ мæйы мызд нæй...

Ныр та, сæйраджыдæр цы хабар-хыбуры тыххæй радзырдтон æппæт адæттæ, уый...

...Тъæнджы мæйы хъызт уазал изæр. Æрталынгтæ. Проспект æмæ Горькийы номыл уынджы тигъыл трамваймæ ‘нхъæлмæкæсгæйæ лæууы Æлборты Хадзы-Умар. Ныссалд, гæртт-гæртт кæны.

Уалынджы Терчырдыгæй æрбатахт кæрдæгцъæх «УАЗ» æмæ поэты цур дзыхъæуд фæкодта: йæ мотор ахуыссыд. Цалдæр афицеры дзы ракалдысты. Дзæбæх ностдзæф кæй сты, уый сыл бæрæг дардта. Сæ фæстæ рахызт ностхъæлдзæг æрыгон сылгоймаг дæр – уый дæр æфсæддон дарæсы.

Сæ иу ныггуыбыр æмæ машинæйы бынмæ бакаст, стæй йын йæ капот схъæн кодта, цыдæртæ дзы ацархайдта – мотор скуыста. Багæппытæ ластой мидæмæ араллогæнгæ æмæ алæвæрдтой, фæаууон сты.

Ныр Хадзы-Умар чи у, æрдæгсалд поэт, нырма къуыри дæр æххæст нæма рауад, афтæ Хуссар Ирæй цардагур-куыстагур Дзæуджыхъæумæ ‘рбацæуæг, уый миты рагъмæ кæсы æмæ цы уыны? Над миты рагъыл уыны дæнгæлтæ дымст зынаргъ портмоне-чыссæ.

Уæзбын æвнæлдæй йæ систа, рафæлдæхтытæ йæ кодта, ныккаст æм – къахнадау у доллæртæй! Сонтæй, «УАЗ» кæцырдыгæй аныгъуылд, уыцырдæм ахъæр кодта:

– Йæй! Мæнæ уæ чыссæ та?! – тилы йæ, бæрзонд сисгæйæ.

Æмæ уæдмæ трамвай дæр фæзынд. Æмæ дзы, мæгуыр æмæ гæвзыкк, салд æмæ æххормаг поэт не сбадт, фæлæ рохстæй лæууы, чыссæ цы фæкæна, уымæ нæ арæхсы йæ сыгъдæгзæрдæйæ. Йæ цæстытыл уайы, æхцатæ кæмæй æрхаудысты, – машинæйы бынты бакæсынмæ куы ‘ргуыбыр, уæд, – уыцы афицеры маст.

Æмæ та – ногæй уалынджы: машинæ, йæ фæдисон цырæгътæ ныйирдгæнгæйæ, фæстæмæ ‘рбатæхы...

Арфæйагæй йын доллæртæ лæвæрдта афицер, фæлæ сæ Хадзы-Умар нæ бакуымдта: – мæ фысымтæм мæ куы ныххæццæ кæниккат, – уыд йæ курдиат.

Сæххæст ын æй кодтой. Кæмæн нæ куыд у йæ зондахаст, ахæм зæрдæ йæм бадардзæн Хадзымæ.

Рухс дзæнæты сыгъдæджытимæ – йе ‘нустæм бынат. Æмæ, дам, ацы къуыдар, ацы...

2016 азы кæрон, 22.05.’17,
Дзæуджыхъæу

Æфсад лæгтæ

Сæдæ æмæ æстдæс азы размæ – 1899 азы 13 мартъийы Къоста Бетъырбухæй Цæлыккаты Юлианæмæ уырыссагау цы писмо фыста, уым мын иу кæддæр мæ зæрдæсæр ныццавтой, рагон зарæгæй цы дыууæ рæнхъы æрхаста, уыдон:

Ой, Сосе! Хæрисæй, дам, цæвæджы хъæр
нал хъуысы...
Ой, Сосе! Фæдисæй, дам, дæ лæджы хъæр
нал хъуысы.

Рифмæгонд дæр – замманай, фæлæ, зæгъын, чи уыдаид уыцы хорз лæг, адæмы ныфс-фæдисон, æфсадæххуыс. Стæй цы 'вгъауаг у ахæм зарæг дæр рохуаты баззайынæн.

Цас рæстæг аивгъуыдтаид, нæ зонын, фæлæ та иуахæмы Салæгаты Зояйы арæзт чиныг – «Ирон адæмон сфæлдыстад»-ы фыццаг том райстон æндæр хъуыддаджы фæдыл, æмæ дын дзы фæкомкоммæ дæн «Сосейы зарæг»-мæ. Æнæхъæнæй!

Бацин кодтон раздæр, стæй фæсыкк мæ цин: ам цы Сосейы кой ис, Бигъатæй, уый мæм, Къоста цы Сосейы мысы, уый нæ фæкаст, фæдисæтты раззаг – ай Хуымæллæджы рæгъау давæгтæрæгæй фесгуыхт. Уæддæр æй цыдæр æфсонæй, науæд кæйдæр цæстмæ хъæбатырыл зарæджы аккаг рахуындæуыд...

Дарддæр цы зæгъинаг дæн, уымæн мæ уæлæмхасæн быцæуæн, цæджындз æмбалæн ноджыдæр ма иу рагон цау бахъуыд: Алыккаты Хазби, дам, алырдæмты фæдисæттæ-хæстмæхонджыты арвыста.

Æмæ йæм æрмæст Санаты Беслæн фæзынд йæ авд фыртимæ, иннæтæ йын алы 'фсæнттæ скодтой...

Дзырд, дам, цæмæй сахада, бахъара искæмæ, уый тыххæй хъуамæ рацæуа нымад æмæ кадджын лæджы дзыхæй – дзырддзæугæйæ. Йæ ныхас, Рубайты Микъалайы ныхасау, кæрдаг кæмæн у...

Æвзæрау мæхи кой ракæнон: мæ чиныгæн сæргонд æвзæрстон æмæ уал æй, «Арвистон», зæгъгæ, кæд рæстæгмæ схуыдтон, уæддæр дын ын эпиграфы бæсты æмдзæвгæгонд куы æрбаймысин – мæ хиуарзон зæрдæ ныббуц, дзырд дыууæ хайы кæй фæкодтон, хъуыды дзы бавæргæйæ, уыйадыл:

Фыдæлты уæзæгæн

Æрмæст мын дæ уарзт у
Мæ цæрыны хос.
Æрмæст мын дæ маст у
Мæ исбоны фос.
Мæ сæрыл арв истон
Дæ уды рыстæй,
Фæлæ мæм фæдисон
Иу зынæг нæй!

Уæдмæ чиныгыл æндæр ном сбадт, фæлæ мæм ацы хиппæлой ныхæстæ фæсвæд бавæрынмæ тæригъæд фæкастысты, скодтон сæ уæддæр эпиграф чиныгæн. Æмæ ныр уазал зондæй мæхиуыл æрхудын, цы стыр ныхæстæ кæныс, мæлæты хæстдзуфæдисдзау мын дæ Ирыстоны сæрвæлтау, зæгъгæ...

Хорз, æз къуыбырыл лæугæйæ дæр нæ зынын адæммæ, фæлæ дын Зояйы чиныджы дарддæр кæсын:

...Хъарадзау Зæрæмæгмæ æрæмбырд кодта Нары, Тибы, Захъайы, Зæрæмæджы æмæ сын раныхас кодта, чиныджы цы фыст уыди, уыдон.

Уый загъта:

– Æз цæуын, фæлæ уæ рæстæг кæмæн ис, уый мемæ рацæуæд.

Битарты Хъайтыхъо йеддæмæ ничи фæци йемæ цæуæг. Дыуæйæ ныццыдысты Куырдтаты коммæ, куыд загъта, уымæ гæсгæ. Æрæмбырд сты Куырдтатæ лæгæвзæрстæй Хидыхъусмæ.

Хъарадзау сын загъта:

– Æндæр цæуæг никæцæй ис?

Уыдон ын загътой:

– Фехъусын кодтам алы ранмæ дæр, æмæ нæм сымах йеддæмæ зынæг нæй.

...Цы ‘нахуыр зæллангæнгæ фидауынц фæрсæй-фæрстæм дыууæ ‘фсад лæджы æд ном æмæ æд мыггаг:

– Мамиаты Хъарадзау!

– Битарты Хъайтыхъо!

...Ахæм хъуыдыйы хицау дæр уыдтæн нымадæй цалдæр азы размæ: кæрæфæй сæйæг коммунисттæ æмæ раздæры фæскомцæдисон фæтæгты бæсты, зæгъын, хицауады къæлæтджынтæ ныр та, йæхиуыл чи фæхæцыд, фæхъæздыг, ахæм лæппутæ

куы ‘рцахсиккой, уæд-иу уыдон кæд æхсæны æхсыры цад цъулбертау йæ бынтæм нæ нынцъухиккой – адæмы дæр дзы-иу уæд та ма хъæстæ фæкæниккой... Куы ис ныридæгæн дæр амалхъом бизнесментæй дæр адæмæн хæрзтыцæуджытæ – зæгъæм, Кцойты ‘фсымæртæ, Колыты...

Меценаттæ.

Филантроптæ.

...Фыдуац æрбайхъуыст уæд Абхазийæ: æнæнхъæлæджы йæ рухс дунейæ ахицæн йæ тæккæ цардбаргæйæ Сергей Багапш, адæмæн уарзон Президент. Уый хæдуæлвæд дын Беслæныхъæуы мæ мадыхотæй æрцæуын автобусты рæсæнмæ æмæ мæ мæ зонгæ сылгоймаг – Сокаты ус, бахатыр ма мын кæн, зæгъгæ, ныхасмæ куы æруромид:

– Иу хъыг мын у, иу хъыг, уартæ Багапш кæй фæзиан, уый æмæ! Иннæ хабар та мын Хуыцаумæ хъыг ма фæкæсæд, фæлæ нæхи хицауад та æмхуызонæй дæр куы фæхъæуиккой, уæддæр сыл цыма не схъæрзин. Тобæ, Хуыцау, тобæ! Афтæ ма дзы дæхæдæг дæхи адæмæн сæнадгæнгæ уыдзæн... Æнахуыр зæронд ус дæм нæ кæсын?

– Нæ кæсыс.

Фæссоветон дугты хицауадæй – Ирыстоныл у мæ зæрдæрыст ныхас – иу дæр ахæм нæ уыд, æмæ советон бæрнон бынæтты ма сфæлтæра, ма бахсида. Дзасохты Алыксандр ерысы куы бацыд Президенты бынатмæ дугъы, уæд æй иу æмбырды фарстой, ды, дам, коммунисттæн сæ тæккæ бынæйласгæтæй куы дæ, уæд ныр та демократæй агæпп ластай, зæгъгæ. Æмæ дын, дипломат, йæ цæст дæр ма фæныкъула – загъта:

– Я реальный политик.

Ома, дымгæ кæцырдæм кæны, уый фæздæгæй хуыздæр ничи зоны, æмæ куы бахъæуа мæнæ нырау, уæд, дам, цæттæ фæздæг дæн. Гъемæ йын йæ фыццаджы кад дæр рæстæджы дымгæ фæздæгау ахаста – иу лæгæй уал мæ хъыгæн...

...Бон цæуы æмæ тæхудиаджы фарн хæссы. Æмæ йын ном дæр ма уыд, ном уыцы фарнæн: Æгъуызарты Кимы фырт Тамерлан.

Йемæ нæм фидæнæй нывылдæр царды рухс æрбагуылф кодта, коммунизмæй фыдæнхъæл адæммæ дæр æмæ, æнæсæрбос галау, дзæгъæлтæгæнæг рæстæджы цот æрыгон фæлтæрмæ дæр.

Цы мæгуыр стæм, цы – хъысмæты сидзæртæ. Æндæр уæдæ,

паддзахадырдыгæй цытæ ‘мбæлы, æрмæст уыдæттæ чи кодта, уый дын афтæ фæзынаргъ уæд, суæд дын ныфсæвæрæг, царды тыхдæттæг!

Лæгау læджы ад дзы ранхъæвзта. Фæлæ та Хуыцау мах уый аккаг не схуыдта æмæ нын æй Йæ цæст нал бауарзта, фенæхай дзы стæм удмарæн æнæнхъæлæджы.

Æртындæсаздзыд læппуйæ судзгæ цæссыгтæ згъæлдтон адæмты фыд Сталиныл, Зилгæйы клубы раз фæзы мæ мадыфсымæр Хадзымырзæйы (Дзгойты Валодяйы) раныхасмæ хъусгæйæ. Дзыллæ дæр æрдиаг кодтой, иуæй-иу дурзæрдæтæй фæстæмæ. Фæлæ нын уæд стырæй, чысылæй дыууæ цæргæсæй иуы уæлдай уарзтæй уарзондæр скодтой пропагандæ æмæ агитаци, фольклор æмæ литературæ. Ныр та...

Мæ рыст-тыхст риуæй цæссыгæргом ныхæстæ хъарæгзарæгæй сирвæзтысты – Тамерланы æфснайæн бон «Рæстдзинады»-ы Касаты Батразы ‘мдзæвгæимæ иумæ рацыдысты. Æфсад læджы бынат арвыл дзагъырдзæстæй баззад...

Ирыстон йæ фæдыл сæнкъуыст – рагæй никæуыл уал уыдысты ирон адæм афтæ иузæрдыг. Фæлæ, дам, кæуылдæрты та уæд сæ амонды хур мидбылхудгæ скаст...

Цасдæр рæстæг рауад. Мæ хорз зонгæ læг мыл, телефонæй мæм дзуры, афтæмæй йæхи цæгъды:

– Зæронд куы бадæ, уæд...уæд... Уыцы læг уартæ Сæйраг тæрхондоны сæрдар куы уыд, уæд цы ‘нæфсис гæртамхорæй айхъуыст йæ ном, уый дæуæн дæ хæræджы хъустыл никуы ‘рцыд?! Ды та йыл судзаггаг зианы хъарджытæ мысыс! – æмæ хæтæл æртъæпп ласта.

Дзуапп дæттыны фадат мын куы уыдаид, уæддæр мæхи рæстытæ кæныныл не схæцыдаин. Тамерланæн йæхицæй нæ, фæлæ йын йæ фыд Кимæй зонын, æхсызгон мын чи уыд, ахæм ныхæстæ – нымад læг кæй уыд, уæлдайдæр уый тыххæй æхсызгон:

– Æз дæм тынг зæрдиагæй фæхъусын, телевизорæй куы фæдзурыс, уæд. Дæ хъуыдыты фарс дæн æз дæр. Æхсарбег дын мæстытæ кæй скодта, уыцы хабар дæр æрцыд мæ хъустыл, æмæ мын æхсызгон уыд, кæй та балымæн стут, уый...

Рауад та рæстæг. Æмæ та дын мæм мæ хорз зонгæ, алывыд мын чи акалдта мæ зарæг-хъæræджы фæдыл, уый дзуры:

– Тамерланы фаззон æфсымæр Мураты æвзæрстытæй кæй систой, уый зондзынæ, уæдæ нæ. Æмæ йын афтæ куы зæгъис,

цæмæй йæ фарс чи у, уыдонмæ мах кандидаты фарс схъæлæс кæныны тыххæй æрхата, фæсида сæм.

– Лæгæй-лæгмæ зонгæ не стæм Муратимæ... Стæй, гæртамхорæн йе ‘фсымæр дæр хуыздæр уа йæхицæй, уый дыууæйыл у, – æмæ ныр та æз æрæвæрдтон хæтæл.

...Ныр мæ кæддæры бæллицмæ раздæхон, мæнæ ма бæрзонд къæлæтджыны амалджын лæппу-лæджы сбадын кæнынмæ куы батæхуды кодтон, уыцы хъуыдымæ ома. Æмæ дын æй Тамерлан царды рауагъта!

Зоны йæ алчидæр, ам кæй кой ракодтаин, уый. Фæлæ дзы æгæр дæрдтыл дзуринæгтæ ис æмæ сыл талф-тулфæй нæ дзурын. Цыдæртæ дзы йæ куыст – йæ архайдæй зæрдæ исы, цыдæртæй дзы изгард кæны. Æмæ йын мæ зæрдæбын арфæ ахæм у:

– Йæ фыдæл Битарты хорз Хъайтыхъо дзы разы æмæ сæрыстыр уæд, цы рухс дунейы ис, уым. Хуыцауæн фæндон разынæд, цæмæй æфсад лæг басгуыха уый дæр адæмы хæрзæбонæн æмæ йæхи мыггагмæйы кадæн.

24.XII.’16, Дзæуджыхъæу

Рагон таурæгъ

1550 аз. Юлий Æртыккæгæм сси Ромы Папæ. Æмæ йын иу моладзан арфæтæ нæ кæны, фæлæ тæфæрфæс, цы мæгуыры бон, дам, дыл акодта, цы! Цас бæрн дыл сæвæрдзæн дæ бынаты æвирхъау уæз: æнæхъæн дунейæн дæ разамынд дæттын хъæудзæн...

Стæ-ма, рафыссон æй, Юлий латинагау куыд загъта моладзанæн, уый:

– An neseis, mifili, quantilla prudentia mundus regatur?

Бирæтæ цы ‘взаг нал зонынц – ирон – уымæ йæ стæлмац кæнон раздæр, стæй та, мадæлон сын чи сси – уæлæ кæнай, дæлæ кæнай! – уымæ: уырыссагмæ.

– Ау, æмæ йæ, мæ лæппу, нæ зоныс, цæмæй дунейæн разамынд дæттай, уымæн цы цъус зонд хъæуы, уый?

– Сын мой, разве ты не знаешь, как мало надо ума, чтобы управлять миром?

24.V.’17, Дзæуджыхъæу

НӀОГ ТӀЕЛМАЦТӀЕ

ДЗГОЙТЫ Анатоли

АМ ДӀЕ КЪАЛАТИ ЦӀЕТТӀЕ...

Мысинӕгтӕ

Разныхӕс

1984 аз 19 декабрь. Советон Цӕдисы дыууиссӕдз азы ӕвӕндонӕй фӕцӕрыны фӕстӕ ныр дӕн Сан-Францискойы, Харбины кӕимӕ цардтӕн, уыцы хиуӕттӕ, хӕстӕджытӕ ӕмӕ ӕмгӕртты ‘хсӕн. Цард аивгъуыдта: ныр мыл цӕуы 62 азы, фӕсте аззадысты ӕнӕмӕт сабидуг ӕмӕ амонджын ӕвзонг азтӕ, советон ахӕстӕттӕ ӕмӕ каторгӕйы дӕс азы, бынтон мӕ среабилитаци кӕнын ӕмӕ мын мӕ граждайнаг бартӕ фӕстӕмӕ раздахыны рӕстӕджытӕ.

Америкаг хӕлӕртты ‘хсӕн бамбӕрстон, Советон Цӕдисы фӕсхӕст царды ӕцӕгдзинад бирӕтӕм кӕй нӕ бахъардта. Повесть «Один день Ивана Денисовича» чи бакаст, уыдон иу фыдбоны тыххӕй базыдтой, мӕ царды та ахӕм уӕззау бонтӕ 3413 уыд – фараст азы ӕмӕ цыппар мӕйы. Нӕй сын ферохгӕнӕн, кӕд иучысыл мигъы фӕлмы аныгъуылдысты, уӕддӕр дзы ирддӕр, уӕззаудӕр цаутӕ мӕ зӕрдӕйыл ӕрлӕууынц. Уыцы бонты тыххӕй мӕ фӕнды радзурын, кӕй ныййарджытӕ, ӕфсымӕртӕ, хотӕ фесӕфтысты Харбинӕй 1945 азы, уыдон никуыуал ӕрыздӕхдзысты. Бирӕты дзы дӕс азы фӕстӕ сраст кодтой, фӕлӕ сӕ фылдӕр ӕнустӕм баззадысты Урал, Сыбыр, Колыма ӕмӕ Воркутайы

æфсымæрон ингæнты. Афтæ сбуц кодта уарзон Фыдыбæстæ, шахтæтæ, æрзæткъахæнтæ æмæ Сыбыры хъæдты рæстзæрдæйæ чи фæллой кодта, уыцы чызджытæ æмæ лæппуты.

Æз райгуырдтæн 1923 азы Харбины, Цæгат Ирыстонæй рацæуæг ирон бинонты ‘хсæн. Мæ фыд йе ‘мцахъхъæнтимæ 1905 азы хуыздæр цардагур Маньчжуримæ афтыд.

1945 азы онг мæ цард цыдис уæды заманы куыд уыд, афтæ: ахуыр, спорт æмæ романтикон зæрдылдарæн цаутæ... Каст фæдæн æрыгæтты чырыстон цæдисы гимназ æмæ 1938 азы бацыдтæн Гонконгы университетмæ. 1941 азы мын бантыст Гонконгы япойнæгты æрхъулайы уацарæй раирвæзын. Шанхаймæ схæццæ дæн, уырдыгæй та мæ хæдзармæ ссыдтæн. Харбины колледжы фæстæ мæ фæллойадон фæндаг райдыдта муниципалитеты библиотекæйæ, стæй та Биньузянсчы Базарадон-промышленнон банчы. Æппынфæстаг куыстон гермайнаг телеграфон агентад – ДНБ-йы. Германы капитуляцийы фæстæ агентад сæхгæдтой, мæн та раивтой Кокуцуйы Паддзахадон телеграфон агентадмæ, корректоры бынатмæ. Куыстон дзы, цалынмæ Сырх Æфсад не ‘рбацыд, уæдмæ. Ахæм куыст кодтон Сырх Æфсады политхайады «Боевой листок» – зæгъгæ, уым дæр.

Ахæст

1945 азы 28 сентябры боны æртæ сахатыл нæ хæдзары дуармæ æфсæддон машинæ куы ‘рлæууыд, уæд дзы рагæппытæ кодтой: капитан – фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй йæ мыггаг Васильев, æмæ салдат автоматимæ. Мæ фатеры фæмидæг сты. Æз фыццаг афтæ ‘нхъæл уыдтæн, зæгъгæ, кæм куыстон, уыцы «Боевой листок»-æй сты. Фæлæ фатеры къуымты джигул кæнын куы райдыдтой, уæд бамбæрстон, хъуыддаг цæй мидæг ис, уый. Капитан йæхи къæлæтджын бандоны уæгъдибарæй ауагъта æмæ мæм алы фарстытæ дæтты. Уыцы рæстæг салдат калдта хæдзары дзаумæттæ æмæ дзы зынаргъæй цы ардта – ног велосипед, цырыхъхъытæ, кавказаг роны æвзист фæлындæнтæ, цухъхъайы бæрцытæ, – уыдон машинæйы бавгæдта. Уыцы бон мæ хорз хæлар Олег Литков бинонты хъуыддаг кодта, æмæ дзы æз та хъуамæ къухылхæцæг уыдаин. Мæхи сарæзтон чындзæхсæвмæ, куыд æмбæлы, афтæ.

Капитаны фыццаг фарст уыдис: «Цирчы кусæг дæ?» Æвæццæгæн, мæ костюм æмæ мæ хъуырыл бант чекистмæ цирчы кусæджы дарæс фæкастысты. Йæ зæрдæмæ нæ фæцыд, ног велосипед дæр мæм кæй уыдис, æмæ мын афтæ: ахæм дзауматæ, дам, мыздæй балхæнæн нæй. Мæ бон уыдис фæсдуæртты алидзын, уымæн æмæ йæ зыдтон: ницæмæй дæн аххосджын. Фæлæ мæ мæ мад баурæдта, стæй мæ хо æмæ мæ фыдыфсымæры дарддæры хъысмæтыл мæт. Ныфс мæ уыдис, кæй мын бамбардзысты мæ рæстаг уд, япойнаг фашисттæм æз кæй ницы бар дарын, советон бæстæйы æмцæдисон Англисы гражданин кæй дæн, уый. Гонконгы мын цы документ радтой, уый капитанмæ радтон. Уый британайнаг герб куы ауыдта, уæд йæ мастæн кæрон нал уыд. Бæргæ ма бамбæрстон мæ рæдыд, фæлæ байрæджы. Документ æрфарсты протоколмæ бахаста. Банымадтой йæ «Британайнаг коронæйы пайдайæн шпионаж»-ыл. Æрфарсты кæрон мæ управленимæ аластой иуæй-иу фарстытæ фæбæлвырддæр кæнынмæ, фæлæ цавæр управлени уыд, уый мын нæ загътой. Куы мæ фæцæйкодтой, уæд тыргъы мæ мад æмæ мæ хойы тарст цæстæнгасæй чифæнды дæр фæуыргъуыйау уыдаид. Æнцад æнцойæ йæхи æнкъардта æрмæст капитан. Мæ фыды ‘фсымæры афарста, цал сахаты у, зæгъгæ. Уый йæ дзыппæй хуымæтæг æфсæйнаг сахат куы систа, уæд капитаны рæстæг дæр æмæ æз дæр иу уысм æрбайрох стæм. 10 минуты фæстæ мæ бахæццæ кодтой фысымуат «Хеяндза»-мæ.

Бæстыхай уыдис, кæм цардтæн, уыцы уынджы чъылдыммæ. Уым мæ ефрейторы бар бакодтой. Йæ ныхас уыд цыбыр: «Дæ дзыппыты цы ис, уыдон стъолыл æрæвæр, рон ралас, батинкæты бостæ райхал æмæ «шагом марш!» Дуары къæсæрыл лæууыд, гермайнаг телеграфон агентад – ДНБ-йы кæимæ куыстон, уый – Виктор Борейко. Йæ къухы англисаг æвзагыл чиныг æмæ цавæрдæр тыхтон. Фæстæдæр куыд бамбæрстон, афтæмæй нын гæнæн уыдис кæрæдзийæн бæлвырд нæ хабæрттæ фæкæнынæн, уымæн æмæ нæ дыууæ дæр фыццаг цыппар азы ахæстæтты фæрахау-бахау кодтам. Викторы-иу ефрейтор сæхимæ ауагъта. Хъуыддаг та афтæ рауад, æмæ Викторæн йæ бинойнаг цы къухдарæн балæвар кодта, уый йын ефрейтор райста. Виктор ын лæгъстæтæ кодта, цæмæй йын æй фæстæмæ радта, йæхæдæг та йын йæ ныхмæ сæ хæдзарæй æндæр кæй рахæсдзæн. Фæлæ дыууæ къухдарæны дæр ефрейторы баисты. Викторы та саха-

тырдæджы фæстæ мæ фæдыл æрбахæццæ кодтой. «Ша-а-гом марш!», зæгъгæ, та райхъуыст конвоиры барджын хъæлæс.

Æз йæ разæй пъадвалмæ ныххызтæн. Уым, нарæг бацæуæнтыргъы фæйнæ фарс ставд фæйнæгхъæд къулты фалейæ, фæйнæджыты ‘хсæн чысыл зыхъхъыртæй, зындысты контрреволюционерты фæлурс цæсгæмттæ, фæлæ дзы мынæг рухсмæ базонæн никæй уыдис. Хатæнкъулты фæстæ та ахст адæм сæхи зыхъхъыртæм нылхъывтой æмæ, тыргъыл чи цыдис, уыдоны уыдтой. Æнæнхъæлæджы мæ хъустыл ауадысты зонгæ мелодийы мыртæ «CastelsinShain». Базыдтон, камерæтæй иуы мæ хорз хæлар Юрæ Шультейс кæй бады.

Ацы мелоди махæн уыдис сæрмагонд дзæнгæрæг. Йæ фæрцыиу адæмы тымыгъы кæрæдзи ссардтам. Юрæйы мæнæй æртæ къуырийы фæстæдæр æрцахстой, йæ гуырæнбоны кадджын фынджы уæлхъус бадгæйæ. Æз æрлæууыдтæн, фæлæ мыл конвоир фæхъæр кодта: «Валяй, валяй», – æмæ мæ размæ камерæмæ басхуыста. Нæ зонын, камерæ æви йæ къалати схонон, уый. Йæ бахизæн иу квадратон метрæй фылдæр нæ уыд, йæ бæрзæнд та дыууæ метры, адæймаджы асæй чысыл фылдæр. Йæ пъол та æмбæрзт уыдис пырындзы хъæмпæй. Цы гæнæн ма мын уыд, систон мæ шляпæ, раластон мæ пъалто, райхæлдтон мæ галстук æмæ пъолыл æрбадтæн. Алцæмæндæр бабыхсæн уыдис, фæлæ «уазæгдонæй» цы тæф калдис, уый фындзыхуынчъытæ æхгæдта.

Мæхи къуымы нылхъывтон, æрсабыр дæн æмæ хъуыдыты аныгъуылдтæн. Мæ уаваæр, мæ хъысмæтыл сагъæс кодтон. Уæд мæм афтæ фæкаст, цыма Япойнаг раздæры жандармерийы хайадтæй иуы уыдтæн. Скæсæйнаг бæстæты культурæйы амынд ис, ома, гæнæн цæмæн нæ уа, уыдон уæддæр бакæнын. Сырх контрразведчиктæн та уæлдай нæ уыд, «урс эмигранттæ» цы уаваæры уыдысты, уый. Уымæн æмæ нæ сæ фыдыбæстæ уæйгæнджытыл нымадтой, япойнаг фæсдзæуинтæ æмæ зæвæтысдæрджытыл. Уыцы уысм æз ацы дзырдты мидис нæма æмбæрстон, фæлæ мæ дзырдуат уырыссаг æвзагæй ам «Смерш»-ы къулты ‘хсæн æртæ къуырийы æмгъуыдмæ фæхъæздыгдæр ис.

1945-1947 азты, цалынмæ слест цыдис, уæдмæ Смершы кусджытæй бирæты базыдтон. Слестгæнджытæ кæрæдзи ивтой. Æнæуынон сын уыдысты нæ цардыуаг, нæ хъомылад æмæ ахуырад. Мæсты кодтой, исты азым нæм æрхæссæн кæй нæй, ууыл.

Се ‘ппæт слестгæнджытæ дæр уыдысты афицеры цины, хистæр лейтенантæй майоры онг. Хæстæн йæ цæхæрæй чи аирвæзт æмæ фæсчъылдымы бонасадæн чи кодта, ахæмтæ уæддæр майдантæ æмæ ордентæ райстой. Уыдон уыдысты уæлдæр чиновникты фырттæ, коммунистон пропагандæйæ йæ сæрызонд кæмæн сæмхæццæтæ, ахæм фæскомцæдисонтæ. Дыууæ азы дæргъы æрфарсты рæстæг ацы афицертæй уæлдай никæй федтон. Раст зæгъгæйæ, иу хатт бахаудтæн æфсæддон-уæлдæфон тыхты капитанмæ. Уый фæстæ, ахст адæмимæ ныхасгæнгæйæ, базыдтам, «уæлдæфон æмæ денджызон æфсæддонтæ» зæрдæхæлардæр кæй уыдысты «фистæг æфсæддонтæй».

Мæ уавæр уыдтон, фæлæ кæмдæр мæ зæрдæйы арфы ныфсы цырагъ гæзæмæ сыгъдис, æууæндыдтæн, кæй мæ сраст кæндзысты, ууыл. Куыд базыдтон, афтæмæй, ахст адæмæй ам мæйæ чысыл фылдæр чи уыдис, уыдонæй дæр никæй суæгъд кодтой. Мæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыд, æнхъæл дæр нæ уыдтæн, æмæ нæ Сыбыры бинаг къæйы балæууын кæндзысты, хъæдтæ фæлдахдзыстæм, шахтæты уæззау куыстытæ кæндзыстæм, уазал æмæ стонгæй тухитæ æвзардзыстæм, уый.

Мæ хъуыдытæ мын атыдтой æфсæддон къахыдарæсы уæззау къахдзæфтæ. Камерæмæ æрбахызт ног контрреволюционер. Пырындзы хъæмпыл йæ цинел баппæрста, æнæуаг æвзагæй нылгъыста æмæ æрбадтис. Дæс минуты бæрц æдзæмæй лæууыдыстæм, стæй райдыдта мемæ ныхас кæнын. Афтæмæй мемæ камерæйы разындис отряд «АСОНО»-йы æрыгон сиддон Александр Колесов. Уый йе ‘фсæддон хæс дыккаг аз æххæст кодта Маньчжурийы уырыссаг лæппуты балы. Уыдонæн сæ фылдæр уыдысты, паддзахадон кусджыты хыгъды чи нæ уыд æмæ ахуыр чи нæ кодта, ахæм фæсивæд.

«Райсомы цыппар сахатыл нæ фæдисы фестын кодтой» – райдыдта йæ ныхас Колесов.

– Æртæ боны фаг хæлцимæ нæ къазарматæй рацыдыстæм. Япойнаг хистæр афицертæ сæ чемы нæ уыдысты, сæ ныхæстæиу уырыссаг афицертæм баппæрстой. Мах, куыд бамбæрстам, афтæмæй нæ ракодтой хæстон ныббырстыты архайынмæ. 1905 азы уагъд фондзæхстонтæ æмæ рог сармадзантимæ цыдыстæм, Европæйы æрдæг чи бацахста, уыцы сырхæфсæддон техникæйы размæ. Япойнаг афицертæ кæрæдзимæ тарстхуызæй ракæсбакæс кодтой.

Фондз минутмæ нæ хабæрттæ фесты. Æнæ япойнæгтæй нæхæдæг цалдæр сахаты цыдыстæм, урс тырысатæ нæ къухты, афтæмæй уацары нæхи сырх æфсæддонтæм радтам. Байстой нын нæ сампалтæ æмæ нæ иумæйаг колоннæйы рæнхъыты смидæг кодтой. Аздæхтыстæм Харбинмæ. Уым та нæ Смершы бар бакодтой. – Æмæ мæнæ æз дæр ацы ран дæн. Райсомæй нын аходæн фыццаг «наркомон» паек радтой: 300 граммы сау дзул æмæ фых дон, сихорыл иу къоппа кас, изæрæй та ногæй фых дон. Бонтæ цыдысты, æрфарстмæ та нæ никæмæ дзырдтой. Камерæты уыдис сабыр. Æз-иу иуæй-иу хатт Юрæ Шультейсимæ аныхæстæ кодтон. Йæ камерæ мæ бакомкоммæ уыдис. Юрæ куыд хъуыды кодта, афтæмæй нæ хъуамæ фехстаиккой. Ацы хъуыды йæм цæмæн сæвзæрд, цавæр бындур æмæ йын аххоссæгтæ уыдис, уый та бæлвырд зæгъын йæ бон нæ уыд. Мемæ камерæйы чи уыдис, уыцы ног хæлар Сашкæ æппындæр нæ хъынцъым кодта: «Ницы нын акæндзысты, мах уыдоны рæнхъытæм бацыдыстæм. Фæдардзысты нæ ам цасдæр, стæй нæ федде кæндзысты».

Уый уыдис бæзæрхыгтæ, сырхуадул, фæтæнуæхск лæппу, иудадзыг мидбылхудт æмæ хъазæн ныхасгæнаг. Уæд нæ зыдтам, хъысмæт нæ бирæ азты дæргъы кæрæдзиуыл кæй сбæтдзæнис, консервы банкæйæ конд къусæй хæрын нæ дзæвгар рæстæг кæй бахъæудзæн, уый.

«Хеяндза»-йы фæдæн фараст боны. Химæ базилыны хъуыддæгтæ мæм фыны фенæгау кастысты. Ахуыр кодтам коммунистты цардыуаг базонынылъ. Мæ хæдон бызгъуыры гæппæл фестад, æрмкъухтæ æмæ чъилджын худ кæнгæ дæр нал скодтон. Мæ хъуыры бант та мын хæлафы ронæн бабæззыд. Дæсæймаг бон фæци, советон царды æцæгдзинадимæ зонгæ кæныны фыццаг рахæцæн.

Ахæстон

Æхсæвы мæ уæзласæны гуыффæйы Харбины районтæй иуы ахæстонмæ аластой. Конвоир мæ дыккаг уæладзыгмæ скодта æмæ мæ камерæмæ басхуыста. Къулрæбын уыдис дæргъæйдæргъмæ хъæбæр хуыссæнуат. Хуыссæнуатæй дуары астæу та æртæ метры фæзуат, ахст адæмæй дзаг. Фæсивæды ахсын рай-

дыдтой «сæрибаргæнджыты» фæстæ. Камерæйы фынддæс адæймагæй чидæртæ бафалдæртæ кодтой, цæмæй мæм бынат æрхаудтаид. Мæ фарсмæ та разындис мæ хорз хæлар Роман Северюков.

Романы æрцахстой йæ чындзæхсæвы дыккаг бон. Куыд, цы, зæгъгæ, мæ хынц рафæрс-бафæрсыл систы. Сабыргай камерæ ахст адæмæй дзагдæр кодта. Æрбаппæрстой Сева Чеусов, Зырянов Вася æмæ ма кæйдæрты – се ‘ппæты нæ бахъуыды кодтон. Нæхи-иу кæрæдзимæ нылхъывтам, афтæмæй æхсæв фынæй кодтам, æндæр гæнæнтæ нын нæ уыдис, уымæн æмæ нæм конвоиртæ иудадзыг сæ цæст дардтой. Æнуд æмæ дзы тæвдæй сулæфæн нæ уыд. Ахæм фыдæхсæвтæ ‘рвыстам.

Цыдысты бонтæ. Ног хабарæй нæм æддейæ ницы хъуыстис. Ахстыты дæр нæм нал æрбакодтой. Камерæйы бирæйæ кæй уыдыстæм, уымæ гæсгæ нын æрхуыссæн бынæттæ дæр нæ фаг кодта, æмæ уал-иу нæ иутæ лæугæ кодтой, иннæтæ та фынæй. Алы райсом дæр-иу райдыдта конвоиры хъæрæй: «Кончай ночевать!» Нæ йæ зыдтам, цы афон у, уый дæр – нæ сахаттæ нын байстой, рудзгуытæ та фæйнæгæй хост уыдысты. Æфсæн дуары хъыррыст-иу куы фехъуыст, уæд-иу, радгæс нæ чи уыдаид, уыдон алы мигæнæнтæ æддæмæ хастой. Алкæй дæр нæ фæндыд радгæс уæвын. Уымæн æмæ ‘рмæст уæд уыдис сыгъдæг уæлдæфæй аулæфæн, исты ног хабæрттæ базонæн.

Китайы ахæстæтты чи нæ уыд, уый зынтæй бамбардзæн, æнæхъæн суткæ къуындæг, талынг камерæйы уæвын куыд у, уый. Нæ дзуринæгтæ æмæ нæ мысинæгтæ дæр фесты. Æнкъард, æрхуымæй æрвыстам нæ бонтæ. Ахæстон чи ифтонг кодта, уыцы китайæгтæй-иу нын бирæтæ аххуыс кодтой. Кæм нын-иу къусы китайаг хуыппаг æрбалæвæрдтой, кæм нуры кæнæ хъæдындз. Нæ фыстæджытæ нын-иу сусæгæй нæ бинонтыл куыддæртæй сæмбæлын кодтой. Фæлæ-иу махмæ нæ хæдзæрттæй цы писмотæ фыстой, уыдон-иу алкæд нæ райстам. Китайæгтæ-иу конвоиры сусæгæй уыцы писмотæ зынтæй, фæлæ сæмбæлын кодтой.

Не ‘нæниздзинад фæцудыдта, æххормаг, æгъуыссæг бонтæ ныл фæбæрæг сты. Сбирæ и сыст дæр. Фыццагдæр сæхи ныхын райдыдтой лæмæгъдæртæ. Сæ иу, Германæй чи ралыгъд, ахæм дзуттаг лæг Пройс. Цæй тыххæй ахст æрцыд, уый дæр бæрæг нæ уыд. Тынг лæмæгъ уыдис алцæмæйдæр, цы удыкондæй, цы æнæниздзинадæй. Нæ цæстыты раз баруади, бонæй-бонмæ тади.

Цавæр æууæлтæм гæсгæ, уый нæ зонын, фæлæ алы къорд-тыл дих кæнын райдыдтам. Алы къорды ‘хсæн дæр-иу фидар хæлардзинад сырæзт. Афтæ схæлар дæн Роман Северюков æмæ Ермолаев Калинникимæ. Кæд быцæу никæимæ кодтам, йе хыл, уæддæр бахъуаджы сахат нæхи бахъхъæнынмæ цæттæ уыдыстæм. Искуы иу хатт-иу нæ камерæйæ искæй акодтой. Цæмæн, цы йæм кастис, уымæн та мах ницы зыдтам. Уымæн æмæ-иу фæстæмæ нал æрбаздæхт.

Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй-иу сæ æрфарсты фæстæ иумæйаг камерæмæ аивтой. Рад æрхæццæ Романмæ. Не ‘хсæн «хистæртæ» нал баззад, уæддæр мæнмæ дзурæг нæ уыдис. Мæй ахæстоны фæуæвыны рæстæг базыдтон, ахæстæн дæр цавæрдæр бартæ кæй ис, уый. Зæгъæм, слестгæнæгæй мæ бон æрдомын уыдис, мæ хъуыддаг бæлвырддæр базонын. Уый охыл хъуамæ чысыл рудзынг бахостаин æмæ бадомдтаин афицермæ фæдзурын, æз та радхæссæг конвоиры фарстон, цæуыннæ мæм фæдзурынц, уымæй. Конвоир мын-иу мæ фарстæн дзуапп авæрдта: «Зачем тебе следователь, и так получишь свои девять грамм». Ома дамбаца ТТ-йы нæмыг. Фæлæ, мæ амондæн, хæларзæрдæ адæймаг разынд конвоир, йæ царды зындзинæдтæ бирæ чи федта, ахæм. Ахæстоны хицауадæн мæн сæ зæрдыл æрлæууын кодта æмæ мæм октябры кæрон фæсидтысты: «С вещами на выход».

Æрфарст

Фондз минутмæ хъуамæ мæхи арæвдз кодтаин, фæлæ мæ цастæ рæвдзытæ хъуыд! Æмæ та гуыффæйы февзæрдтæн, бæмбæджджын гобан дзы тыд. Чи йын цы зоны, мæн хуызæттæ йыл бирæтæ фæбадтис æви нæ, уый? Мæ фарсмæ – конвоир, афтæмæй фæраст стæм. Уынгтæ Мостовая æмæ Китайскаяйы чъылдыммæ, ресторан «Иверия»-йы раз, сæргуыбырæй лæууыдис мæ фыдыфсымæр, фæлæ мæ нæ бафиппайдта.

Ацы хатт мæ ‘рбаластой фысымуат «Гранд Отель»-ы пъадвалмæ – уыдис алырдыгæй æфсæн хызæй æхгæд. Исдугмæ мæм афтæ фæкаст, цыма Харбин æнæхъæнæй дæр камерæтæ æмæ ахæстæтты бынат фестад. Япойнæгты «бынтæ» уыдысты уыцы арæзтæдтæ æви советон техникæйы куыст, чи йæ зоны. Мæ

ног бынат разынд æрмæстдæр иунæгæн. «Къалатиты» æфсæн уисты астæуты-иу мæ бакомкоммæ фенæн уыдис сыхаджы æмæ-иу ныхас æппарæн кодтам кæрæдзимæ.

Фыццаг бон мын бабар кодтой хæринаг уарын. Касы къус æмæ тæвд фых дон. Хæринаг та хастон пъадвалы хæринаггæнæнæй. Кусгæ дзы кодтой харбинаг уырыссаг сылгоймæгтæ. Иу мæм дзы зонгæ фæкаст æмæ йемæ баныхас кодтон, цæмæй мын мæ писмо мæ хионтæм фæхæццæ кæна, ууыл. Хъахъхъæнджытæ уыцы рæстæг зыдтой, кæцы фыдгæнджыты къордмæ хаст æрцыдыстæм, уый æмæ нæ хъуыды дæр нæ кодтой. Ничи нæ никæдæм алидздзæн, уый æмбæрстой: «Гранд-Отель» мæ уæд барвæндонæй бæлвырд æмгъуыдмæ æрбацыдысты уынгты комитетты сæрдартæ – тонаригумтæ, зындгонд артисттæ (Турчанинов-Лавров), музыканттæ (Ж. Кожевников), æхсæнадон архайджытæ, ахуыргæнджытæ æмæ иннæтæ. Хонгæ та сæ фæкодта НКВД æмæ ам баззадысты. Уралы хъæдты цы лагерьтæ уыдис, уым ахæстæй арвыстой 25 азы.

Дыккаг бон мæ изæрæй слестгæнæгмæ акодтой. «Руки взад, гляди у пол, шагом марш». Гыццыл агъуысты стъолы фарсмæ бадтис хистæр лейтенант, чекист, стъолыл та йæ дамбаца ТТ, æмæ дуары раз бандон.

«Цæй, дзургæ, шпионы куыст куыд райдыдтай, цал хатты ахызтæ арæныл æмæ цал уырыссаджы бабын кодтай?». Искæд мæ исчи афтæ фæрсдзæн, уый æнхъæл никуы уыдтæн.

«Æмбал лейтенант», – зæгъгæ, сдзырдтон, фæлæ мæ чекист фæурæдта:

– Серый волк в Брянском лесу тебе товарищ, падла белогвардейская. Дæуæн æз дæн гражданин начальник, уый бахъуыды кæн, науæд...

Æмæ фæлæбурдта дамбацамæ. Æз мæ мидбынаты нымпылдтæн, æнхъæлмæ кастæн мæ царды кæронмæ. Мæ хъуыдыты фæзындысты Игорь Волковы уацау «Солнце всходит на Востоке»-йы чиныгæй скъуыддзæгтæ. Уацауы дзырд цæуы, æфсымæртæ Юри æмæ Игорь, Дардыскæсæн сталинон лагерьтæй 1936 азы куыд алыгъдысты, уый тыххæй. Фæлæ дамбацайы гæрах нæ фæцыд, агъуыст сабыр уыд. Мæ маст æм рафыхт, æмæ мæ удаист дæр цыдæр фæци. Мæ сæрыл уæлæмæ схæцыдтæн æмæ йæм комкоммæ бакастæн. Æдылы ми уыдис, кæй зæгъын æй хъæуы, мæхимæ слестгæнæджы уæлдай хатт

смæсты кæнын, мæ хъысмæт уый къухты куы уыдис, уæд. Æмæ йæ зыдтон, протоколы цы ныффысса, уымæ гæсгæ мын тæрхонгонд дæр кæй цæудзæн.

Бахъуыр-хъуыр кодта: «Вас допрашивает старший лейтенант Смерша Виноградов. Отвечать на вопросы кратко и четко, за ложные показания – расстрел!» Фарста мæ мæ ныййарджытæй, мæ царды хабæрттæй. Фарстытæ амынд уыдысты протоколы æмæ мын мæ дзуаппытæ слестгæнæг йæхæдæг рæстытæ кодта. Куыд базыдтон, афтæмæй мæ азымджын кодтой контрреволюцион организаци БРЭМ-имæ бастдзинадæй (Бюро по делам российских эмигрантов). Дзæгъæлы йын æмбарын кодтон, мæнæн мæ ахастдзинæдтæ ацы организациимæ хæрз хуымæтæг кæй уыдысты, семæ-иу æрмæст паспорттæ æмæ продукттæ исынæн карточкæтыл кæй дзырдтон. Слестгæнæг протоколы ныффыста: «В контрреволюционной организации состоял, но подрывной и диверсионной деятельностью не занимался».

Зылынгæнæн хъуыддаджы дыккаг пункты нысантæм гæсгæ, горæтаг советы кусгæйæ, гермайнаг телеграфон агентад ДНБ-йы информацион хайады æз æххуыс кодтон æппæтзæххон буржуазийæн. Куы йын загътон, библиотекæйы уырыссаг хайады хуымæтæг кусæг уыдтæн, уæд мын уайдзæфгæнæгау афтæ бакодта: «Знаем мы вас, библиотекари, токари, пекари». Бынтон мæсты та уæд ссис Виноградов, ДНБ-йы телетайпы хабæрттæ Берлинæй англисаг æмæ немыцаг æвзæгтыл кæй истон, ууыл. Фæлвæрдтон ын бамбарын кæнын, уый къæбæрамал кæныны куыст кæй уыдис. Фæлæ йæ дзуапп уыд, уый бæсты, дам, сыдæй амардаис, буржуйтæн кусыны бæсты.

Æрфарст цыдис цыппар сахаты. Протоколы æрмæг стыр уыд æмæ мын æй мæ къух бафыссынмæ æрæвæрдта. Кæсын æй райдыдтон, фæлæ слестгæнæг æрдомдта тагъддæр дзы мæ къух бафыссын. Æз уæддæр дарддæр кæсын. «Конвой», – зæгъгæ, фæхъæр ласта. Йæ хъæрмæ æрбахызт æрдæгфынæй салдат, цыбыр кæрцы æмæ нымæтын цырыхъхъыты, автомат йæ къухты.

«Ахон уал æй, уадз æмæ йæ «тæвд» æрхауа». Кæрты сахат фæлæууыдтæн, рацу-бацу кæныны бар мын нæ уыд. Аникæ – æфсæддон кæрцы лæууыд, æз та костюмы. Уазалæй куы ныцъцъæх дæн, уæд мæ фæстæмæ слестгæнæгмæ акодта. Уый йæ къæлæтджыны уыцы рæстæг адджын фынæй бацис, фæлæ фехъал æмæ афтæ «Цæй, цы, кæронмæ йæ бакастæ? Бафысс ныр дæ къух!»

Бафыстон, уæдæ ма мын цы гæнæн уыдис. Алы сыфыл дæр æвæрдтон мæ къух. Фæстаг сыфыл мыхуыргонд уыдис:

«Зылынгонд цæуы УРСФСР 58-æм Уголовон кодексмæ гæсгæ

Параграф 4 – контрреволюцион организациты архайд;

Параграф 6 – шпионы архайд капиталистон бæстæты пайдайæн;

Параграф 11 – æппæтадæмон буржуазийæн æххуыс.

Æрвыст цæудзæн режимы лагерьмæ 15-25 азы онг.

Афтæмæй фæци мæ фыццаг æрфарст, æмæ советон закъонимæ базонгæ дæн. Советон Цæдисы уæвгæ дæр куы никуы уыдтæн, уæд мæ цæмæн азымджын кодтой уæлдæр амынд статьятæм гæсгæ, уыимæ ма мæн хуызæттæй авд-аст мин адæймаджы дæр? Чи ратдзæн ацы фарстытæн дзуапп?

Этапæй – Сыбырмæ

Райсомæй мæ фæстæмæ ахæстонмæ аластой. Раздæр кæм уыдтæн, уыцы камерæйы та мæ бакодтой. Куыд раздæр, афтæ та мæм бирæ фарстытæ лæвæрдтой, фæлæ сын мæ бон цы уыд зæгъын? Не ‘ппæт дæр уыцы иу хъизæмæрттæ куы æвзæрстам. Нæ хъысмæт аразгæ уыдис Сталины лозунгæй: «Лучше десять невинных угробить, чем одного виновного упустить».

Æмæ ацы хъуыддаг сæ къухы æфтыд. Бирæ æнаххос адæмы фесæфтой уæд. Фæсхæсты азтæ уыдысты, æмæ йæ не ‘мбæрстам, адæттæ антисоветон архайд кæй уыдысты. Контрреволюционерты нысан уыд, Советон бæстæйæн лæвар кусджытæ, уыимæ дæр хуымæтæг нæ, фæлæ сау кусджытæ, æххуырстытæ æппæты уæззаудæр куыстытæ æххæст кæнынæн æрвитыны нысан. Уыдон уыдысты æххормаг, æрдæгбæгъæг, ссæст адæм, йæ цард капеччы аргъ дæр кæмæн нæ уыд, ахæмтæ. Мæлыс? Амæл!

Æрмæст, æнæнхъæлæджы, дунейы пролетариаты фæтæджы мæлæтимæ æрцыди стыр ивддзинæдтæ ахæстæтты æмæ лагерьты, чи ма дзы баззад æгасæй, уыдоны уавæр фæрогдæр ис. Сталины адзал тынг бафæстиат. Камерæты нæ бирæ нал фæдардтой. Æнкъардтам цыдæр тасдзинад. Фæлæ цæттæ уыдыстæм алцæмæ дæр. Юрæ Шультейсæн куыддæртæй бантыст йæ хорз хæлар Н.Э-имæ бастдзинад саразын. Уымæн уæд йæ хæдзары

цы хъалагъурты взвод æрæнцад, уыцы æфсæддонтæ нæ бинонтæм бацыдысты æмæ сæ куырдтой, цæмæй нын хъарм уæлæдарæс æрбарвитой. Харбины ахæстоны фæбадыны кæронмæ мын иу голладжы дзаг нæхицæй хъарм дарæс æрбарвыстой. Уыдис дзы: цыбырдым пъалто, костюм, хæдон, хъарм батинкæтæ, бæмбæджджын хъæццул, мидæггæгтæ æмæ носкитæ.

Ноябры фыццаг бонты, æхсæвы, зонгæ хъæлæсы зæлтæ айхъуыстам: «Кончай ночевать, складываться». Мах тагъд нæ дзаумæттæ акодтам, нæхи барæвдз кодтам æмæ æнхъæлмæ кастыстæм, дарддæр цы уыдзæн, уымæ. Конвоир нæ радыгай тыргъмæ хизын кодта. Фыццаг рацыд Ю.Шультейс. Махырдæм ракаст æмæ, мæн куы ауыдта, уæд мын хæрзбон загъта. Æддæмæ нæ, фæлæ йæ акодтой тыргъы иннæ кæронмæ. Æрцыдис мах рад дæр. Иу иннæйы фæдыл цыдысты ахæст фæсивæд. Фæлæ та мæнмæ дзурæг нæ уыд. Камерæты дуæрттæ æхгæнын куы райдыдтой, уæд конвоир мæ камерæмæ æрбахызт. Куы мæ ауыдта, уæд йæ хъæр ссыд «А ну, давай на выход, к ядреной матери!»

Мæ бон бамбарын нæ уыд, афтæ цæмæн рауад, уый: кæнæ мæ «хъуыддаг» нæма æрхæццæ слестгæнæгæй, кæнæ... Ам æмбарын ницы хъуыдис, фæлæ æмбæхсын мæ хуыссæнуат, нары кæй хонынц, уый бын. Талынг дзы уыдис æмæ мæ ничи бафиппайдтаид. Фæлæ байрæджы, фæлæбурдтон мæ голлагмæ æмæ кæртмæ ахызтæн. Ме ‘мбæлттæ гуыффæйы бабадтысты, сæ фæйнæ фарс салдæттæ автоматтимæ, афтæмæй. Мæн дæр уыдонмæ басхуыстой æмæ гуыффæйы фарс сæхгæдтой.

Не ‘рвитыны размæ æз мæ бинонтæм фыстæг ныффыстон æмæ йæ мæ хæдоны мидæг бамбæхстон. Мæ зæрды уыдис, искуы йæ мæ хæдзармæ æввахс аппарын. Фыстон сæм, цæмæй, æз кæдæм æрвыст æрцæуон, уый цалынмæ нæ базоной, уæдмæ сæ бынатæй змæлгæ дæр куыд нæ фæкæной, афтæ. Мæ зæрдæ дардтон, чекисттæ хъуыддаг кæй равзардзысты æмæ нын фадат кæй ратдзысты кусынæн. Цæй æдылы сæнттæ мæм уыд!

Уæзласæн машинæтæ кæрæдзи фæдыл ныххал сты талынг уынджы, стæй базылдысты тигъыл иннæ уынгмæ. Фæндзгæйттæй бадæм рæнхъгай нæ уæрджытыл, не ‘ргом кабинæмæ, афтæмæй. Æз мæхи ныхын райдыдтон, стæй мæ къух мæ пъалтойы мидæг атъыстон. Фыстæг сластон, фæлæ тарстæн, куы мæ бафиппайа

шофыр, уымæй. Тагъд кæнын хъуыдис ацы хъуыддаджы. Машинæ куы адард уыдаид, уæд ма йæ дзæгъæлы æппæрстаин уынгмæ. Аппæрстон фыстæг фæйнæджыты ‘хсæн зыхъхъырæй.

40 азы фæстæ, Сан-Францискомæ куы бафтыдтæн, уæд базыдтон, фыстæг ме ‘рдхорд Виктор Ведмедюк кæй систа æмæ йæ мæ бинонтæм кæй бахаста.

Харбины æфсæнвæндаджы товарон станцæмæ ныххæццæ стæм фæсæмбисæхсæв. Цъиузмæлæг дзы нæ уыд. Фæлæ «Сырхытæ» сусæгæй ахст адæмы куыд фæфале кæной, уый тыххæй бæрæг бæлвырд ничи зыдта. Конвоиртæ рагæппытæ кодтой гуыффæйæ, байгом кодтой борт æмæ нæ рахизын кодтой. Æхгæд вагонтæм нæ батардтой. Фос, змис æмæ æндæр уæзæгтæ кæм фæласынц, ахæм вагонтæм. Вагонтæм къæпхæнтæ арæзт нæ уыд æмæ сæм æнæхъару, æрдæгæххормæгтæй тыхтæй-амæлттæй схызтыстæм. Иу вагонмæ-иу схизын кодтой 75 адæймаджы. Куыддæр фæстаг ахæст фæмидæг, афтæ фæцыди дуары æхгæнæнты хъыррыст. Вагоны уыд, йæ уæрх цыппар сантиметры кæмæн уыдис, ахæм фæйнæджытæй конд хуыссæнтæ. Фыццаг уæладзыджы фæйнæджытæ пъолæй 50 сантиметры бæрзæндæн уыдысты, дыккаг æмæ фыццаг уæладзыджы æхсæн уыди метр. Вагоны дуары бакомоммæ та къулрæбын – хуынкъ. Хи хъуыдыйы хабæрттæ кæнынæн.

Лæууæм сахаты бæрц. Ныхас никæмæй хъуысти, лæппутæ æнкъард æмæ рохст. Командæйы сæргъы æрлæууыд Масла-ченко, йæ фæсномыг – Кум. Уый нæ рæнхъгай фæйнæджытыл нудæсгæйттæй байуæрста. Уазал дзы нæ уыд æмæ нæ хуыссæг ахста. Афынæй стæм. Бон нæма æрбарухс, афтæ вагоны дуар иуварсырдæм байгом, æмæ салдат мидæмæ æрбагæпп ласта. Æрбалæвæрдтой йын бандон дæр. Уый, йе ‘ргом махырдæм, афтæмæй æрбадт, автомат цæттæйæ йæ разы æрæвæрдта: «Всем лежать, не высовываться!»

Вагон базмæлыди, поезд размæ аккуырста. 22-24 вагонæй алкæцыйы дæр 75 ахæсты, афтæмæй æппынкъаддæр уыдаиккам 1700-йы бæрц. Этапæй кæй арвыстой, уыдоны фыццæгтæ мах уыдыстæм. Йæ фæстæ ма цал ахæм поезды рацыди, Хуыцау йæ зонæг. Уралы æмæ Казахстаны лагерьтæй-иу кæдæм бахаудтæн, алы ран дæр дзы-иу сæмбæлдтæн харбинæгтыл.

Поезды цыд тагъдæй-тагъддæр кодта. Фæлгæсыдыстæм алырдæмыты, агуырдта нæ алчидæр зонгæйы, фæлæ дзы никæй ссард-

там. Поезд цыдис скæсæнырдæм. Уыдис не ‘хсæн скæсæйнæгтæ дæр æмæ-иу уайтагъд базыдтой, кæм райгуырдысты æмæ схъомыл сты, уыцы бынæттæ. Ахæмтæ нæ вагоны фондз-æхсæз уыдис. Уыдонæй иу Виктор Стуканов, фæстæдæр хъæдфæлдахæн бригады кæимæ уыдтæн, уый конвоирæн лæгъстæ кæнын райдыдта, цæмæй йæ сæхимæ ауагътаид, нæ поезд се станцæйы куы æрлæууыдаид, уæд. Викторыл 18 азы дæр нæма цыдис. Йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд бамбæхсын æмæ фæстæмæ мауал æрбаздæхын.

Слестгæнджыты, хицæутты æмæ рæнхъон кусджыты къорд нын нæ зæрдæйы ахаст раджы базыдта æмæ нæ æдылытыл нымадтой. Поезд Митькины станцæйы баурæдта. Викторы лæгъстæтæм автоматджын афтæ: «Ну, давай, поперву хот помаленьку, а потом дуй во всю. Да мори мне, не запоздай!» Виктор цыппæрвадæй æрлæвæрдта. Цæуыл хъуыды кодта, цымæ, уыцы уысм? Иннæ вагонгæстæй йæ исчи фехстаид, стæй нæхи конвоирæн дæр хъазгæмхасæнты йæ бон уыд фехсын, æппынфæстаг æй сæ бон уыд бауромын æфсæнвæндаджы милицæйæн. Сахатырдæг дæр нæ рацыд, афтæ фæстæмæ фæзылд, йе ‘ккой голлаг. Йемæ æрбахаста хæринæгтæ. Конвоир йæ мидбылты бахудт, фæлæ фæстæмæ йæ цæстæнгас фæтар кодта. Цымæ, Викторы ныййарджытæ цæуыл хъуыды кодтой? (Сæ дыууæ læппуйы дæр сын æрцахстой). Цæуыннæ йæ бамбæхстой, фервæзын кодтой? Æмæ та ацы фарстытæн дæр ис уыцы иу дзуапп – ныфс сæ уыдис, сæ зæрдæ дардтой, сæ læппутæ аххосджын кæй ницæмæй сты, уый кæй сбæрæг кæндзысты, уымæй. Уыцы рæстæг парти æмæ советон хицауады директивæ куы зыдтаиккам, уæд зондджындæр уыдаиккам.

Худæг цау æрцыд не ‘мбæлттæй иу Роман С-йыл. Цыдæр дыууæ станцæйы ‘хсæн быдыры æрлæууыдыстæм. Конвоиры барлæвæрдæй йæхи хъуыдыйы ахызт. Æнæнхъæлæджы поезд фенкъуыст, стæй йæ цыд фæтагъддæр. Роман нæ ссуры йæ тых йæ бонæй. Ацы цау ын дæс азы лагеры тых куыстытæн ахъаззадджы æмгъуыд фæцис. Куыддæртæй фæхæст вагоны дуары тигъыл, æмæ йæ уæд læппутæ мидæмæ сластой. Конвоиры куы бафарста, поезд баййафын мæ бон куы нæ бауыдаид, уæд та, зæгъгæ, уæд ын ахæм дзуапп авæрдта, æз, дам уæ бæлвырд нымæцæй ласын. Чи нæ фаг кæна, уый бæсты та иу «къуындæгцæсты» рацахстаин æмæ – фæцис.

Нæ фæндаг цалдæр боны ныддаргъ. Харбинæй станцæ Пограничнаямæ цыдыстæм æхсæз боны. Уыцы бонтæ нæ алчидæр арвыста арф хъуыдыты æмæ сагъæсты. Бæрæг бæлвырд ницы зыдтам. Немæ цы конвоир уыдис, уый æвзæр læппу нæ разынд. Нæ фарстытæн нын сабыр дзуаппытæ læвæрдта: «Ну куды? В лагеря, стало быть, на работу, лесок поваляете, жить будете».

Арæн

Пограничная станцæйы эшелон æнæхъæн суткæ фæлæууыд, æмæ нын фадат фæци дон хæссынмæ ауайынæн. Сау дзулы буханкæ æртæйыл дих кодтам, къалбас æмæ хуыйы нард дæр афтæ.

Изæрырдæм нæ конвоир вагонæй зæхмæ æргæпп кодта, йæ бандон дæр айста йемæ, афтæмæй. Уæззау дуар та ныл дзыгъал-мыгъулгæнгæ æрбахгæдтой, æмæ бæстæ федзæм. Стæй æвиппайды æрбайхъуысти хъæр ныхас æмæ цавæрдæр командæтæ. Уæллаг тæрхæгыл чи хуыссыд, уыдон нын фехъусын кодтой, вагæттæ уромæн кæройнаг læууæнтыл æрбынат кодта конвой, ластой сармадзантæ, фæзындысты сырх пъагонджынтæ, (Мидхъуыддæгты Министрады æфсæдтæ), бирæ афицертæ, æфсæддонтæ куыйтимæ.

Æхсæвы араст стæм дарддæр. Лæсæгау кодта нæ поезд. Фæзилæнты нæ læппутæ вагонтыл ауыдтой урс фыстытæ. Æдзынæгдæр сæм куы бакастысты, уæд сыл федтой ахæм фыст – «Адæмы знæгтæ». Мæнæ нæ рахизын кодтой иу станцæйы. О, Стыр Хуыцау! Цы диссæгтæ дзы цыдис, цы!.. Поезды алыварс – æфсæддонтæ куыйтимæ, вагæттæ уромæн кæройнаг læууæнтыл – пулеметæй æхсджытæ, вагзалы фæзыл æрхъула кодтой автоматæй æхсджытæ. Алырдыгæй хъуыстам чъизи æфхæрæн ныхæстæ.

Фæндзгæйттæй нæ æрлæууын кодтой. Фыццаг хатт уæд фехъуыстон, дæс азы дæргъы бон дыууæ хатты цы бардзырд хъусдзынæн, уый: «Всем руки назад, не отставать, шаг влево, шаг вправо считаю побегом, стреляю без предупреждения. Шагом марш!» Автоматтæ нæм дарынц, куыйтæ рæйынц, афтæмæй нæ колоннæ фæраст. Зын зæгъæн у, цас цыдыстæм – сахат, чи зоны фылдæр, фæлæ нын уæлдай нал уыд. Ацы адæмы 90 про-

центы Советон Цæдисæн æппындæр æвзæрæй ницы ракодтой, уæддæр сæ «адæмы знæгтæ» рахуыдтой. Чъизи, уазал æмæ стонг, куыйтæ æмæ мæстæлгъæд салдæтты æрхъулайы цыдыстæм æмæ цыдыстæм, фæлæ кæдæм, уымæн ницы зыдтам. Афтæ ныл «сæмбæлд» 1945 азы йæ хъæбултыл Фыдыбæстæ.

Цæрæн хæдзæртты рæзты аивгъуыдтам, цæуынтæ байдыдтам тыгъд быдыры æмæ нæм дардæй разындысты арæзтæдтæ. Уыдон уыдысты хъæдын баракгæ. Хъæугонд æрæхгæдтой сындзджын телы дыууæ рæнхъы, æмæ æддаг рæнхъы цыдис ток. Кулдуары сæрмæ фæйнæг-æрдынæгыл фыст: «Только честным трудом ты добьешься освобождения». Уыцы фыстæн йæ фæйнæ кæроны иуырдыгæй фыст «Ленин – Сталин», иннæрдыгæй та – «Маркс – Энгельс». Æрдынæгæн йæ фæйнæ къуымы та – æхсырф æмæ дзæбуджы нывтæ. Фæстæдæр куыд фехъуыстон, афтæмæй алы лагпункты дæр уыдис культурон-хъомыладон хай, æмæ уым æппæты «курдиатджындæр» ахст адæймæгтæ рæстæгæй-рæстæгмæ зилынц ацы фыстытæм.

Афтæмæй, Советон Цæдисы зæххыл æрлæууыдыстæм. Баракгæ рæнхъгай арæзт кæм уыдысты, уыцы лагерь афтид уыдис, фæлæ дзы нæ цæст ахастам фондз уæзласæныл. Алы машинæйы раз дæр дзы иугай колоннæтæй æрлæууыдыстæм.

Кæцæйдæр фæзындис иу лæг урс халаты, санитар, йæ астæуыл – æфсæддон рон дамбацаимæ, йæ цырыхъхъытæ цæхæр калдтой, йæ сæрыл хъусджын худ иуварс æркъул. Йæ тамакойы махоркæ кæд емынæйы тæф кодта, уæддæр ын æм зыдæй кастыстæм, уымæн æмæ рагæй нал бадымдтам. Санитар нæ, «обработкæ» кæй хуыдтой, уыцы агъуыстмæ бакодта, æмæ уым нæ уæлæдарæс раластам. Æз мæ уæлæдарæс «зонгæ» дæр нал бакодтон, афтæ аивта йæ хуыз «обработкæйы» фæстæ. Фæстæдæр мæ пъалто баивтон цыппар буханкæйы сау дзул æмæ касы дыууæ къусыл.

Нæхи «сыгъдæггæнæн» процесс тагъд фæцис æмæ та дуары раз æрæмбырд стæм. Стæй нæ радыгай баракгæм къордгай хуыдтой. Конвоир украинаг уыдис æмæ ныл-иу куы ныхъхъæр кодта, уæд-иу къулрæбынты аныгъуылдыстæм. Нæ дзы бандæттæ уыд, нæдæр стъæлттæ, тæрхæджытæ. Афтæ райдыдтой нæ бонтæ Фыдыбæстæйы зæххыл. Райсомы æхсæз сахатыл-иу фæгæпп кодтам, авд сахатыл иу аходæн бахордтам – фых дон æмæ 300 граммы дзул, дæс сахатыл та-иу нæ тезгъо кæнынмæ

акодтой. Кæрты иу сахат фæулæф сыгъдæг уæлдæф æмæ та – барактæм, афтоматæйæхсæджы иудадзыг цæстдардмæ.

Уазал мæй ноябрь ралæууыд, фæлæ ма кæрты донцъирæны хи æхсадтам. Фæлæ уыцы амонд дæр алкæмæ нæ хауд. Сихорафон нын лæвæрдтой, кæсаджы сæртæ фых кæм уыдысты, ахæм хуыппаг. Баракты æвдгæйттæй цардыстæм, уалæй нæм хаудта иу дзулы буханкæ, йæ уæз – дыууæ килæйы. Æмæ уыцы буханкæйæ конвой сæхицæн фæстауæрц кодтой 100 граммы. Афтæмæй, лагеры 250 адæймагыл цы дзул уæрстой, уымæй-иу 25 килограммы фæстауæрц рауад. Æмбисонд куыд зæгъы, фыстæ дæр æнæхъæн, бирæгътæ дæр сæ хъæвдынтимæ æфсæст. Нæ нын уыдис, хæринаг цæм æркодтаиккам æмæ цæмæй хордтаиккам, ахæм уидгуытæ æмæ къустæ дæр. Афицерты уæлдæйтты фæстæ-иу сын сæ консервты къоппытæ быröндонæй систам æмæ сæ къусты бæсты пайда кодтам. Телæй та-иу уидыджы æнгæс дзаума сбыдтам. Æхсæвæр нын лæвæрдтой изæры æхсæз сахатыл. Фыхдон æмæ 200 граммы дзул. Æцæг-иу уый дæр чысыл фæкъаддæр. Æвæццæгæн исчи бафæрсдзæн, цы уæлдай дзы ис – 200 граммы уа æви – 190,5 граммы? Дæс граммæй ма уæлдай æфсæст уыдзынæ? Æххормаг, стонг бонтæ чи нæ бавзæрста, уый мæ зынтæй бамбардзæн.

Райдыдтой та нæ слестгæнджытæ хынцфарст кæнын. Æрцыд мæ рад дæр. Ацы хатт нæм боныгон дзырдтой. Кабинет уыдис рухс. Хуры хъарм тынтæ нæ рæвдыдтой. Фæрстытæ мæм лæвæрдта капитан-тæхæг. Йæ размæ стъолыл мæ уголовон хъуыддагыл арæзт гæххæттытæ сабыргай фæлдæхта. Æваст мæм комкоммæ æрбакаст æмæ мын афтæ бакодта: «Æвæццæгæн æххормаг дæ». Æз дзургæ ницы скодтон, фæлæ ме уæхсчытæ иучысыл разыйы змæлд бакодтон. Уый сыстад, стъолы лагъз раласта æмæ дзы армыдзаг махоркæ систа, мæ разы мын æй гæххæттимæ æрæвæрдта.

«Æз ныртæккæ тагъд æрбацæудзынæн, ды та уал тамако адым», æмæ федде. Дæс минуты фæстæ фæзынд гæххæттын тыхтонимæ. Райхæлдта йæ æмæ стъолыл авæрдта урс дзулы буханкæ. «Ахæр, æз та дæ «хъуыддаджы» æрмæгмæ æркæсон», – зæгъгæ, бавдæлд лæмбынæгдæр куыстмæ

– Уæддæр цы у æрыгон адæймæгты чырыстон цæдис? – зæгъгæ мæ афарста.

Æз ын æй бамбарын кодтон, мæ бон куыд уыдис, афтæ.

Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, йæхæдæг мæнæй фылдæр зыдта:

– «Костровые братья» та? Хъæдты цы лекка кæнут?

Ногæй та йын цыдæртæ бамбарын кодтон.

– Цы дын кæнон, æфсымæр? – зæгъгæ, бакатай кодта.

– Нæхимæ мæ ауадз, ницы аххосджын дæн æппындæр, – ныллæгъстæ йын кодтон.

– Байрæджы ныр, Харбины нал стæм, фæлæ Советон Цæдисы зæххыл – Спасскы, – уыдис йæ дзуапп капитанæн.

О, Хуыцау, кæдæмты нæ æрбахæццæ кодтой! Доны цад Ханка кæм ис, уырдæм. Ацы ран япойнæгтæн дæс азы размæ бæрзæйсæттæн цæфтæ ныккодтой сырхæфсæддонтæ. Дард скæсæны ахæстæтты лагерьтæ – мингай ахст политиконты хасты æмæ сæрсæфæны бынат.

– Мæнæ ацы махоркæ æмæ дзул демæ айс æмæ цу баулæф. Дзул-иу æрмæст æмбæхсгæ бакæн. Протоколы уый фæстæ дæ къух æрæвæрдзынæ, – загъта та капитан.

Цалдæр боны фæстæ мæм куы фæдзырдтой, уæд бацин кодтон, ацы адæймаджы та кæй фендзынæн, ууыл. Фæлæ, хъыгагæн, капитан уым нал уыд. Йæ бæсты, интеллигенты хуыз кæмæн уыдис, ахæм сержант мæм протокол æрбахæстæг кодта. Æз дзы мæ къух æрæвæрдтон, фæлæ фæстаг сыфыл цы 58-æм статьяйы дыууæ пункты амынд цыдис, уым ауыдтон мæ дарддæры хъысмæт: 10 азы фæллойы лагеры фæбадын. Шпион мæ нæ рауад. Ацы хъуыддаг мæнæн цины хос фæци æмæ мæхимидæг бузныг загътон капитанæн.

Райдыдта радон этап, æмæ нæм баракмæ ‘рбакодтой Юркæ Шнайдеры. Уый дæр мæн хуызæн ахæстоны размæ йе ‘рдхорд Олег Литковы чындзæхсæвы æрурæдтой, фæлæ йæ ауагътой цыбыр рæстæгмæ. Юркæ сын дзырд радта, фæлæ чындзæхсæвы фæкъуымæлдзæф æмæ дзы айрох, æмæ йæ мæйы фæстæ æрцахстой. Юркæмæ уыдис урс дзулы буханкæ æмæ уазал мыдадзы хуызæн хъæбæр сойы къæртт. Цавæр сойы мыггаг уыдис, уый нæ зыдтам, фæлæ йæ, уæддæр бахордтам. Шнайдер нæм куыд æвиппайды фæзынд, афтæ æвиппайды æрбадæлдзæх ис. Харбинмæ æрыздæхт æмæ йæ суæгъд кодтой, махмæ дæр ныццыд æмæ мæ хионтæн хабæрттæ ракодта. Федтон ма йæ Канадæйы 1987 азы.

Ныгуылæнмæ

Уыдис декабрь. Уазæлттæ тыхджынæй-тыхджындæр кодтой, ныууарыд мит, æмæ райсомæй нæ тезгъоты рæстæг дæр фæцыбырдæр. Фæндыдис-иу нæ тагъддæр баракмæ, тæвд пецы фарсмæ абадын. Пец скодтам æфсæн боцкъайæ æмæ-иу ын йæ мидæг бандзæрстам. Кæртæй æвзалы хастам, фæнык та-иу зесты гæбазæй расыгъдæг кодтам.

Иу изæр баракмæ «цæстдарджытæ» фæзындысты, агъуысты астæу бандон авæрдтой æмæ нын нæ сæртæ ælвыныныл балæууыдысты. Дыууæ мæймæ нæ сæрыхъуын афтæ рахæцыд, æмæ нæхæдæг нæхицæй тæрсын райдыдтам.

Уый фæстæ нæм райдыдтой джигул кæнын. Алкæйдæр нæ сбæгънæг кодтой, къухтæ уæлæмæ, афтæмæй нæ æртæ хатты дзуццæджы æрбадын кодтой, куы та нæ-иу гæппытæ кæнын кодтой, хынджылæг нæ кодтой. Байстой нын нæхи конд уидгуытæ дæр.

Джигулы фæстæ райхъуыстис командæ: «С вещами на выход». Бавгæдтой та нæ машинæты, уый фæстæ – вагæтты. Фыны фенæгау ногæй нæ раздæры хъизæмæрттæм раздæхтыстæм. Вагоны дуары хъыррыст райхъуыст, æмæ та этапы араст стæм. Дуаргæрон – цугун пец, йæ тохына рудзынгæй æддæмæ арæзт, ахæстоны нарæтæ. Иу вагоны кæимæ цыдтæн, уыдонæй ма хъуыды кæнын Вано Акоповы, Мишæ Колесниковы, Саша Стукановы, Виктор Борейкойы, Н.Лалетины, Акъоты А., В.Хундадзе, Ю.Радоман, Г.Дубинины æмæ Ю.Касакины. Æхсæв-бонмæ удхар фæкодтам, стæй райсомырдæм æрфынæй стæм. Иу станцæйы сихорыл вагоны дуар байгом æмæ нын голладжы дзаг дзул æрбаппæрстой, Харбины зындгонд музыкант-пианист Жорж Кожевников æмæ Виктор Лавров-Турчанинов та нын дыууæ къæртайы хуыппаг æрбахастой. Ацы дыууæ лæппуйы уыдысты, хæдзарадон командæ кæй хуыдтой, уыцы хайы æмæ сæ уавæр махæй хуыздæр уыдис, кæй зæгъын æй хъæуы.

Тæвд хуыппаг бæргæ фæдæле кодтам, фæлæ голладжы цы иуæндæс салд дзулы уыдис, уыдон та куыд адих кодтаиккам, куыд сæ æркарстаиккам, нæ телæй конд цыргъаг æмæ нын нæ уидгуытæ дæр куы байстой, уæд?

Не ‘хсæн уыдис, бахъуаджы сахат-иу исты мадзал чи ‘рхъуыды кодтаид, ахæм лæппутæ. Фенкъуысыд та поезд æмæ сабыр-

гай атылд йæ æфсæн фæндагыл. Мах дæр дзултæ нæ рæтты бакодтам æмæ сæ афтæмæй хъарм кодтам.

Куыддæр амæлттæй нæ дзултæ æртæфстысты æмæ сæ сабыргай, муртæ куыд нæ кæной, афтæ ныддихтæ кодтам æмæ сæ байуæрстам. Фæлæ цугун-пецы цы амалæй бандзæрстаиккам, уый нæ зыдтам. Йæ разы зæххыл æвзалы кæригондæй лæууыд, бæргæ, фæлæ арт цæмæй ссудзæм, лыстытæ нын кæм уа?

Лæппутæ бинаг нарæтæй иу фæйнæг стыдтой, чи ма дзы баззад, уыцы фæйнæджытæ та кæрæдзимæ фæхæстæгдæр кодтой, цæмæй бæрæг нæ уыдаид, уый тыххæй. Фæйнæг ныссастам – нæ амондæн æмæ нæзыхъæдæй уыдис æмæ йæ ‘нцонæй уымæн асастам. Тæссаг дæр куыннæ уыдис нæ архайд: конвой нæ куы фехъуыстаид, уæд æнæмæнг банхъæлдтаид, лидзынвæнд скодтам, зæгъгæ.

Уыцы фæйнæг лыстытыл ныссæстытæ кодтам æмæ нæ алчидæр уыцы сугтæй йæ нывæрзæны бамбæхста. Зынг нæ никæмæ уыд, иуæй-иутæ загътой, хъæд хъæдыл адау æмæ дзы зынджы стъæлфæнтæ хаудзысты, зæгъгæ, фæлæ – ницы. Кæмæдæр япойнаг зымæгон цинел разынд. Йæ иу дыс ын райхæлдтам æмæ дзы бæмбæджы гæбæзтæ-уадздзæгтæ стыдтам. Нæ лæппутæй сæ иу æнгом батыхта, иу уадздзаг – рахизырдæм, иннæ уадздзаг та фыццагыл – галиуырдæм æмæ дзы рауади чысыл мутака-тулæнгонд. Пъол рыг æмæ æвзалыйæ асыгъдæг кодта, тулæнгонд ыл æрæвæрдта æмæ йæ къахæй тагъд-тагъд ратул-батул кæны. Иу минуты фæстæ йæ систа, фæхæцыд ын йæ дыууæ кæроныл æмæ йæ æваст фæйнæрдæм атыдта. Тынды кæрæттыл ныффу кодта. Иу кæрон дзы фæздæг суагъта, стæй ссыгъд.

Вагон талынг æмæ уазал, къухтæ басыдысты, коммæ нæ кастысты, лæппутæ уæддæр тых-тухитæй зынг сцагътой. Арт пецы сырх æвзæгтæ суагъта. Ацы удыбæстæ нын чи сарæзта, уыцы лæппуйæн та радтам уæлæмхасæн дзулы хай. Зын радзурæн у ацы фыдæбæтты тыххæй. Дон нæм фаг нæ уыд æмæ-иу нарæты бынæй рахафтам чырс, кæнæ бæттæныл баст консервты къоппытæ рудзынгæй æппæрстам æддæмæ æмæ дзы æвгæдтам мит. Фæлæ-иу фылдæр хатт нæ къухы ницы бафтыд.

Базыдтам æй, ныгуылæнмæ нæ кæй ласынц, уый. Цы ма уыдис, цымæ, уымæй æнæсæрфатдæр хъуыддаг? Адæмы раздæр скæсæнмæ атæр, стæй сæ фæстæмæ лас! Ранæй-рæтты-иу по-

езд куы ‘рлæууыд, уæд-иу, ме ‘мбæлттæй цæрдæгдæр чи уыд, уыдон æвзалымæ згъордтой. Дзулы буханкæйыл ивтам чи йæ хæлаф, чи йæ хæдон, чи йæ хъусджын худ.

Сретенск, Нерчинск, Шилкуйыл цæугæйæ азылдыстæм цад Байкалы рæзты, ног азыл сæмбæлдыстæм Омскы. Адæм цин кодтой, хъæлдзæгæй æрвыстой сæ бæрæгбон, мах та – чъизи, фæздæджы алайæ сау ахуырст, æххормаг æмæ дойныйæ мардыстæм. Советон Цæдис йæ уæлахиз бæрæг кодта, махæн та – эмигранттæн – нæ цæсгомыл ту бакодта. Хорз ма хъуыды кæнын, Гонконгы колледжы куы ахуыр кодтон, уæд нын географийы ахуыргæнæг æппæты уазалдæр уырыссаг горæтты нæмттæ куыд зынтæй дзырдта: Омск, Томск, Якутск, Верхоянск. Ахæстоны командæгæнынад дæр махæн ахæм уазал бынат равзæрста, фæлæ Верхоянскмæ нæ бахаудыстæм.

Фынддæс суткæйы æвзæрстам фыдбонтæ. Бынтон æвзæр уаваæры бахауд мæ хæлар – Акопов Вано. Мæныл цыдис 22 азы, ууыл та 60. Йæ кармæ гæсгæ зынтæн бафæразын йæ бон нæ уыд æмæ йе ‘нæниздзинад бонæй-бон фыддæр кодта.

Æрлæууыд поезд, æмæ, «Открывай», зæгъгæ, райхъуыст. Мах дуар байгом кодтам, æрбагæпп нæм кодта конвой æмæ йæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кодта: «Все налево, направо». Ацы бардзырдæй-иу вагоны куы иуырдæм схъиудтам, куы иннæрдæм. Уый фæстæ-иу райдыдта нымайын. Иугай гæпп кодтам иннæ фарсмæ, фæсте аззайæг лæппуты-иу салдат даргъхъæдджын дзæбугæй æрцæфтæ кодта. Перроны та нæ ныхмæ лæууыд дыууæ автоматджыны.

Цы-иу сгæрстой, цы агуырдтой, цæмæн сæ бахъуыд ацы комеди? Хынджылæг нæ кодтой, сæ хъару ныл æвзæрстой, не ‘нæбондзинад нын зыдтой æмæ ныл алцæмæйдæр æлдариуæг кодтой, архайдтой мах – «адæмы знæгты» – къахы бын ныккæныныл. Ахæм хъæддаг митæ чи уарзта, уыцы æрдæгахуыргонд советон адæймæгтæ лагеры дæр æмæ сæрибар царды дæр бирæ федтон.

Ног 1946 азы æхсæв æз æмæ Виктор Борейко пецгæс уыдыстæм. Нарæты бынæй ихын цъар банкæмæ арæхстгай хафтам æмæ йæ тайын кодтам. Уæлæмхасæн хæринæгтæ дæр нын схай кодтой æмæ кæрæдзийæн бæрæгбоны арфæтæ ракодтам. Уыцы ‘хсæв пецы фарсмæ бадтыстæм æмæ, мынæг арты цæхæрмæ кæсгæйæ, нæ хъуыдыты аныгъуылдыстæм. Викторы бинойнаг

Лидæ дзидзидай сабиимæ баззад Харбины æмæ æдзух йæ сагъæс уыдоныл уыд. Æз та хъуыды кодтон мæ хиуæттыл мæ бинонтыл, мæ дарддæры хъысмæтыл. Эшелон хылдис. Цæстдарджытæ зыдтой, кæм стæм, уый. Сабыргай фæсте аззадысты Петропавловск, Челябинск, Тюмень, Свердловск. Нæ разæй, æфсæнвæндаджы дыууæрдыгæй дæр хъæутæ нал уыдис, фæлæ нæзы хъæды тæлмытæ уыцы бæзджынæй зындысты. Нæ алывæрсты мит, мит æмæ мит.

Хурныгуылæн афон тыгъд быдыры æрлæууыдыстæм. Сахатырдæг рацыд, æмæ та бардзырд: «Открывай!» Миты рагъмæ нæ рахизын кодтой. Уазал уæлдæфæй нæ сæртæ зылдысты, къæхтæ-иу афардæг сты уæрджыты онг хъæпæны. Сыхаг вагонæй раластой, уазæлттæй чи басыд, ахæм кардзыд лæджы мард. Йæ худ йæ сæрæй ахауд æмæ йæ урс сæрыхъуын зынд. Акопов лæууыд мæ разы æмæ, ацы ныв куы федта, уæд ставд цæссыгæй ныккуыдта. Ахæм цаутæ дзы уæд бирæ уыд, фæлæ сæ мах нæ зыдтам. Поезды размæ дзоныгътæ æрбатардтой. Сбадтыстæм æмæ талынджы дарддæр афæд кодтам нæ фæндагыл. Æрфарст, этап, иу ранæй иннæмæ ракæ-бакæ, джигул чекистты мæнгард миниуæг уыдис. Ацы хъуыддæгтæ æххæст кæнын æхсæвыгæтты уарзтой.

Цæуæм, ницы уынæм нæ фæйнæфарс, не ‘мбæлттæ æмæ салдæттæй дарддæр. Уазал, январы мæй, ноджы ма ‘хсæвыгон. Сындæггай цæуæм. Нæ пъалтотæ æмæ батинкæты цыппар къуырийы дæргъы тухæнæй фæмардыстæм. Конвой та кæрцытæ æмæ нымæт цырыхъхъыты æнæмæтæй лæгæрстой. Нæ нын уыдис хи хъуыдыйы дæр æрлæууыны фадат. Уæвгæ, рæстæджы дугъ æмбаргæ дæр нал кодтам. Нæ къæхты æнгуылдзтæ сийын райдыдтой, хъуыдис-иу къæхтæй зæхх æрхойын, фæлæ нæ фæндгæ дæр ницыуал кодта, куыдфæндыйы цæстæй кæсын райдыдтам алцæмæ дæр, нæ цардмæ дæр ма...

Кæдæй-уæдæй абанамæ æрхæццæ стæм. Абанагæс ахст адæмæй уыд, радта нæ алкæмæн дæр цавæрдæр смаггæнаг сапоны къæрттытæ. Фæзындис хилдасæг дæр. Йæ хæс сæххæст кодта, базылдис нæм. Советон лагерьты (æз дзы бавзæрстон ссæдз) хиуынаффæйады фарстатæ æххæстгонд цыдысты, æууæнк кæуыл уыдис, уыцы ахст адæймæгты фæрцы. Фылдæр, фæлтæрддзинад кæмæ уыд, ахæм фыдгæнджытæ сæхи закъонтимæ. «Вор в законе»-иу хатгай уыдис æгъдауджын адæй-

маг. Уый-иу лагеры разамынд снысан кодтой комендантæй, нарядчикæй, хæрæндоны сæргъæууæгæй, уымæн æмæ иннæты рохтыл хæцын хорз зыдта. Куыдæй йын æнтыстис ахст адæмы фидар фæткы дарын, уый хицауады не ‘ндæвта. Ахст адæмимæ архайын: куыстмæ сæ æрвитын, абанамæ кæнын, хæрæндоны хойраг уарын æмæ ‘ндæртæ, кæй зæгъын æй хъæуы, Мидхъуыддæгты æфсады булкъон не ‘ххæст кодтаид. Комендант кæд хæдзарадон фарстатæм йæ цæст дардта, уæд нарядчик та – кусæг тыхмæ. Уыдис дзы, культмассовик кæй хуыдтой, ахæм дæр; стæй зынгхуыссынгæнæг, бухгалтери, гæрстæхсæн, хилдасæн æмæ санитарон хæйттæ. Фæлæ цавæрфæнды куыст кæныс, уæд зонæйы мидæг, уым нæ фесæфдзынæ.

Нарядчик нæ нæзы фæйнæджытæй арæзт баракмæ бакодта æмæ нæ цæстдарæджы бар ныууагъта. «Заходи по двое!» – райхъуыст командæ. Баракмæ хъарм кодтой агуыридурæй фундаментыл æвæрд пецтæй – æфсæн боцкъатæй. Сæ арæзт уыди хуымæтæг: боцкъайы разæй дуаргонд лыг, рæбынæй та дзы хæтæл уагъд тохынайы бæсты. Хæтæл æмæ боцкъа дæр æхсызгон хъарм лæвæрдтой адæймагæн. Къулрæбынты та – фæйнæджытыл конд цыппарбынатон тъахтинтæ æвæрд. Цæст талынгыл ацахуыр æмæ тъахтинтыл нæхи æруагътам. Ацы хатт нæ царды уавæртæ хуыздæр рауадысты. Хъармы, æфсæст. Мæ дзаумæттæ мæ сæры бын бакодтон æмæ афынæй дæн.

Райсомæй, талынг ма уыд, афтæмæй нæ фестын кодтой. Рудзынгæй зындысты, зонæйы кæрты къордгæйттæй цæуæг адæм. Цы ‘рцыдис, уый мах нæ зыдтам. Дыууæ сахаты фæстæ азæлыд дзæнгæрæг æмæ адæм æдзæмæй иуырдæм фæраст сты. Æрбарухс, æмæ байгом мах барак дæр. Ногæй та сгарæн куыст, джигул, райсомы æрвылбоны хъуыддæгтæ. Хæрæндонмæ цыдыстæм иугæйттæй. Алкæмæндæр нæ фæйнæ 100 граммы сау дзулы хæйттæ уæрстой. Уыцы хæйтты сæрыл ма ноджыдæр дзулы къæбæртæ, цæмæй нын 200 граммæ схиза сæ уæз. Дзул хæрзфых нæ уыд, æмæ-иу карды комыл баззад. Стæй та-иу нын нæ дзулы кæрстытыл æркодтой æнгуырстуаны дзаг тарбын сæкæр, уый дæр уымæл: къæбицы-иу æхсæвы сæкæры фарсмæ доны къæртатæ сæвæрдтой. Хæрзхуыз хæринаггæнæг нын-иу æркодта 500 граммы хуыппаг, кæд æй хæринаг схонæн уæвгæ дæр уыдис, уæд.

Хамбохъ хохаг хъæдуримæ кæнæ сысджыимæ, æмбыд кар-

тоф, къабуска, цъата. Кæд æмæ-иу хæринаггæнæгимæ дæ ахастдзинæдтæ нывыл уыдысты, уæд дын-иу хуыппаджы мигæнæны бынтæй æркодтаид. Хуыцау бахизæд, фæлæ йын бауайдзæф кодтай, зæгъгæ, уæд дын куысийæ дæ сæр ныдздзæхст ластаид. Уыдис ма дзы кас дæр. Хъæбæрхоры кас. Уыдысты-иу фылдæр хатт сысджы кæнæ æндæр хоры къурупайы цъæрттæ. Бригады мемæ иу хъазаг хахойлаг лæппу уыдис, Сашæ Теличенко, æмæ-иу нын уый хъазгæмхасæнты афтæ бакодта: «Бæхтæ дæр сысджы хæрынц æмæ куыд фидар, æнæниз сты, уый уынут?»

Гулагы фыццаг аходæны миниуджытæ бæлвырд нæма зыдтон. Адæм дæс азмæ дыгай институттæ каст фæуынц, æз та цыдæртæ базыдтон Гулагы тыххæй. Фæлæ мæ ныхас дарддæр касыл ахæццæ кæнон. Куыд ма райсон кас, цæм æй ныккæнон, иунæг къус йеддæмæ мæм куы нæй, уæд? Цæугæ цæуыны мæ донджахи хуыппаг аныстон æмæ мæ къус касмæ бадардтон. 200 граммы – иу стыр агуывзæйы дзаг. Техникон процессы цæстæнгасæй нæ хæрæндон конвейерон хæрæндон рахонæн ис. Цымæ, Никитæ Хрущевы ахæм хæрæндæтты фæлтæрддзинад базоныны тыххæй Америкмæ цæуын цæмæн бахъуыд, йæхи бæстæйы алы лагеры рагæй дæр ахæм хæрæндæттæ куы уыдис, уæд? Уæвгæ, уый лагеры никуы уыд. Фæлæ нæ уый суæгъд кодта ахæстæттæй...

Баракы нæ размæ фесты цавæрдæр æфсæддонтæ æмæ дуне пъисыртæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй адон уыдысты ахст адæмæй. Сарæзтой номхыгъдтæ æмæ нын фехъусын кодтой, карантины, дам, æртæ суткæйы фæуыдзыстут, стæй уæ алы бригадæтыл байуардзысты. Æфсæддонтæ куы ацыдысты, уæд мæм пъисыртæй иу лæппу иуварсмæ фæдзырдта æмæ мæм иронау куы сдзурид. Æз уæд, «фæндараст», «æгас цу» æмæ «фæйнæ баназæм»-æй уæлдай иронау ницы зыдтон. Мæ хабæрттæ йын уырыссагау фæдзырдтон. Уый мын уæд бамбарын кодта Свердловы облæсты горæт Тавдайы кæй стæм, æндæр æй мах нæ зыдтам, кæм æмæ цы ран стæм, уый. Нæ лагерь егъау уыд. Адæм дзы хъæдгуыстгæнæн заводы куыстой, уыдис дзы агуыридуры завод дæр, арæзтой цæрæн хæдзæрттæ, фæлæ мах арвыстой хъæдгуыстмæ. Куы йæ бафарстон, кæдæм нæ æрвитынц, зæгъгæ, уæд мын афтæ бакодта:

– Туда, где Макар телят не пас и где раки зимуют.

Зæрдæ мын бавæрдта мæ ног бынаты мын æххуысгæнджытæ кæй уыдзæн, уымæй. Баракæй нæ æртæ боны дæргъы нæ рауагътой. фæлæ уæддæр бафиппайдтам, лагеры кусджытæ иууылдæр æмпъызтытæ бæмбæджджынты кæй цыдысты, сæ сæртыл хъусджын худтæ, афтæмæй, уый. Сæ къæхтыл нымæтын цырыхъхъытæ. Се ‘нахуыр уæлæдарæсыл гаччы хуызæн ирдæй зындысты сæ урс номыртæ.

Рельсы зæлланг-иу куы айхъуыст, уæд-иу адæм куыстмæ рагуылф ластой. Кулдуары раз сæ-иу фæндзгæйттæй слæууын кодтой.

Уыдзæн ма

Уырыссаг æвзагæй
Саутæты Тамилæйы *тæлмац*

ФИДАРАТЫ Руслан

АБОНЫ ХЪЫНЦЪЫМ

Ирон æгъдау – бæлæгъ,
Ирон æвзаг – фыййаг...

* * *

Æууæнк æмæ æнæууæнк –
Лымæн æмæ ызнаг.
Гæды æмæ рæсты уæнг
Кæддæриддæр – æвзаг.

Куынæ у лæг æгуыппæг, –
Ысрæцугъы йæ хъаст...
Нæ хæлы топп йæ гуыппæй –
Нæу цард гуыппытæй хъазт.

Гæды æмæ рæсты уæнг
Кæддæриддæр – æвзаг.
Æууæнк æмæ æнæууæнк –
Лымæн æмæ ызнаг.

* * *

Цардæн йæ сыбыртт –
Арвы гуыр-гуыр...
Рæстæг æрцыбыр,
Бонджын – мæгуыр.

Дзуры къæзæнæг –
Нæ цæгъды сæнттæ:
Хохбæсты зæнæг,
Хæхты зæдтæ...

Рæстæг æрцыбыр,
Бонджын – мæгуыр.
Цардæн йæ сыбыртт –
Арвы гуыр-гуыр...

* * *

Терк Терк уæдмæ вæййы,
цалынмæ денджызмæ нæ бакæлы.

Цы мæ хъæуы, цы агурын,
Цы мын нæ кæны фаг?
...Уираг дуртæ, агуыри,
Терчы дон – тæлфаг...

Терчы дон кæлы, кæлы...
Доны был – хæррæгътæ.
Тутсæр та цы ми кæны?! –
Рагмæрдтæй – гæрæхтæ.

Уираг дуртæ, агуыри...
Терчы дон – тæлфаг...
Цы мæ хъæуы, цы агурын? –
Кæд ивгъуыды тæфаг?!.

* * *

Уад – нæрæмон – сисы здухæнтæ,
Уаст æмæ ниуд – йæ зард...
Бæласы хъуырдухæнтæ...
Раст мæгуыр лæджы цард.

Уымæн ныфсы мур: цы бакусай,
Уый дын бæркад уыдзæн.
Зæрдæ дæ хъал фынтæй макуы сай,
Науæд... фæсмон дæм зындзæн...

* * *

Цъæх-цъæхид райсом – хуры цалх ыстылд,
Уæлцъуппытыл зыны йæ фыццаг тынтæй...
Цыма æртæхтæ стъалытæ ысты,
Цыма цæхæртæ азгъæлди мæ фынтæй.

Нæ фæндаг дарæм уыгæрдæнмæ комыл,
Фæлмæн, цъæх мигъæй дзаг – Бидайы ком.
Мысинаг – диссаг – рохуатмæ нæ комы,
Сыгъдæгдæр бæстæм аздæхæн у гом.

...Кæмæ уыдис цæвæг, кæмæ та – сагой.
Сæууон дымгæйы узæлд нын – æххуыс...
Цæмæй та фосæн холлæгтæ ысфаг уой, –
Уыдзæни хосдзау хосгæрсты æххуырст.

* * *

Фæззæджы нывтæ, фæззæджы мыртæ...
Хъуыдытæ сыстынц, хъуыдытæ стæхынц:
«Фосы рæгъæуттæ, бæхты мыр-мыртæ, –
Уый та фыдæлтæ стæрæй ыздæхынц...»

Абоны сагъæс, абоны хъынцъым –
Райсомы боныл, фидæны цардыл.
Цардæн йæ хинтæ зæрдæ нæ хынцы,
Бауæнды дзырдыл, бауæнды ардыл.

Фæззæджы мыртæ, фæззæджы нывтæ...
Райгуырынц, гуырынц хъуыдытæ цадæг, –
Рагдуджы цардæй баззад æхсныфтæ,
Иугай æхсныфтæй аразæм кадæг.

САБИДУГ, БАЙРАЙ!

Хъæуы бынæй хъæуы сæрмæ
Дун-дуне хуыдтам,
Райсомсарæй бон-изæрмæ
Хуры тын сырдтам.

Хъазгæ-рæзгæ куыст æнкъуыстам, –
Цастæ уыд нæ бон!
Цардмæ уæд зæрдæйæ хъуыстам,
...Сабидуг – хæрзбон...

Хъæуы сæрæй хъæуы бынмæ
Уагæвæрд – æфсарм.
Æрхы сæрты былæй-былмæ
Лæг лæгæн – ныфс-арм.

* * *

Цæуæм, цæмæй къæдзæхдуртæ фæлдахæм...
Цæмæй æгъдау нæ хæс уа æмæ фиддæн.
Цæмæй уа Ир, уа Иры фæндон ахæм, –
Цæмæй уа абон, ивгъуыд æмæ фидæн.

КОКОЙТЫ Махар

ДЫУУÆ ÆМДЗÆВГÆЙЫ

СÆУМÆРАЙСОМ

Нæ бæрзæндтæм сæумæрайсом куы скæсын,
Мæ цин, мæ дисæн нал вæйиы кæрон.
«Нæй а зæххыл мæнæй хъалдæр, – фæзæгъын, –
О, зардзынæн сыл, цалынмæ цæрон».

Æфсады мæ йæ урс æхсырæй цъити,
Рæууддзæф мын ныццæйкæны хъæбыс,
Ныззары мын нæ цæугæдон Сымыти,
Йæ уылæнтæм сæууон стъалы æрхызт.

Мæ хъару мын куы басæтта мæрдон тых,
Куы нæуал уа мæнузæгъын мæ бон,
Уæддæр, мæ мад, дæ иунæг фыртыл ма тыхс, –
Рæвдаудзæн мæ йæ уылæнтæй нæ дон.

ТÆХУДЫ

Тæхуды, лæгау-лæг куы уаин,
Нæ лæзæрин тар хъæды уæд.
Мæ уд уын цырагъау фæдарин, –
Уадз, макуы фесæфа уæ фæд.

О Уастырджи, курын, æрцар мæ,
Мæ лæгъстæйæн исты дзуапп ратт!
Мæ арфæ куыд хъуыса уæларвмæ,
Куыд кала тæмæнтæ, цъæх арт!

...Æххуысмæ мæм иу зæд нæ зыны,
Куырмæджы кæдæмдæр тындзын, –
Фæкалди мæ удæртау рындзыл,
Куы ахуысса, уымæй тæрсын...

БАГАТЫ Аврам

НОВЕЛЛÆТÆ

ФÆСФУРДАГ ХÆДОН

Ацы хатты хуызæн бузныг никуы фæци йæхицæй Сæниат. «Куыд хорз у, универмагмæ кæй фездæхтæн, уый. Хъуырман мын ацы кæркæ-мæркæ хæдæттæ куы ‘рбакæна, уæд та йæм бирæтæ хæлæгæй мæлдзысты. Кæс-ма, æрмæст сæ этикеткæтæ дæр иу хæдоны аргъ сты, цы тынг æрттивынц. Стæй се ‘фцæгготтыл уыцы рæсугъд фыст «ЧИК». Раст «Чикагойаг хæдæттæ!»

Уалынджы йæм кæйдæр къæхты хъæр фехъуыст. Кæсы, æмæ йæ размæ æруайы Налхъуытæ. Худы йæм дардæй. «Æллæх, æллæх, калм, дам, битъынайæ тарст... Удхæссæг дæ фæхæсса, цæй æнад сылгоймаг дæ. Йæхи кæуыл бары! Ма кæн, дæ тъанг æгæр лыстæг у, нымпъæртт дын кæндзæн. Мæнæн мæ лæг сæйраг бух у, сæйраг, дæуæн та – дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр – завхоз. Уæвгæ та йæ куы бафæрсат, цы куыст дын кæны, зæгъгæ, уæд къæркъæрæг фесты:

– Районы сæйрагдæр рынчындоны сæйрагдæр дохтыры фыццаг хæдивæг хæдзарадон хъуыддæгты!

– Æнхъæлдæн, мæ сыхаг, цæуылдæр та дзы фæхæст дæ, – æрбаввахс Налхъуытæ.

– Ницы ахæм, мæнæ цыдæр хæдæттæ...

– Æмæ дæ уал хæдоны цæмæн хъæуы?

– Алы бон æлхæныны бæсты...

Уæвгæ та йæ, цымæ, цы рын тилы? Хъæуынц мæ! Рæхджы Хъуырманы директор йæ райгуырæн бон бæрæг кæндзæн. Уый размæ та милицæйы бæрæгбон уыдзæн. Сæ хицау – нæ тæккæ сыхаг. Цас диссаг у, сæ зæрдæтæ сын фæйнæ лæгъз хæдонæй алхæнын», – хинымæр загъд кодта Сæниат.

– Диссаджы хæдæттæ! Кæм сæ райстай, кæ?

– Уæртæ универмаджы уыдысты, «ЧИК» фыст сыл ис, мæнæ кæсыс, – ацамыдта æфцæгготмæ. «ЧИК», ома, дам, Чикаго! – уыцы ныхæстимæ Сæниаты цæсгом ныррухс, стæй æвиппайды фæтар. «Цы мæ мæ дзых хордта, – цы йын схæцыдтæн дзурынтыл, кæд ма дзы, дуканийы уыдис, уæд дзы ай дæр райсдзæн æмæ уæд... Цæй, хæйрæг æм басмуда» - Налхъуытæйы фæстæ ма иу каст акодта æмæ уынджы кæрон цæхгæр фæзылд – лæфлæфгæнгæ фæстæмæ бахæццæ универмагмæ.

– Хорз чызг, уыцы хæдæттæй уæм нал ис?

– Цавæр хæдæттæй?

– Мæнæ, мæнæ адонæй, «Чик», «Чик»-тæй?

– Нал. Сæ фæстæгтæ сын ды райстай....

Сæниат уынгмæ рахызт. Налхъуытæ зынæг нæма уыд æмæ сыгъдæг уæлдæфæй риуы дзаг сулæфыд, бахудт йæ мидбылты, стæй сæхирдæм фæраст. «Фучъи дын, Налхъуытæ, фучъи! Дæ тæнджын завхозыл фæсарæйнаг хæдон куы нæ скæнай, уæд нæ фæлæудзæн? Хъуырманау сæйраг бухæй куынæ кусы. Дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр – завхоз. Йæ къубал хъырихъуппы къубалæй даргъдæр...

Бахæццæ сæхимæ. Дуарыл бахæцыд æмæ – гом.

– Ам дæ цы, Къуырма? (Афтæ йæ хуыдта фырбуцæн).

– Уæдæ, уæдæ, не ‘хсин, – райхъуыст мидæгæй.

– Ракæс-ма, цы диссаджы хæдæттæ ис!

Къæсæрыл фæзынд Хъуырман.

– Гъæй дæ хæдзарыл, кæд сæ хист нæ кæныс...

– Хистытæ фæкæнæнт, мах чи нæ уарзы, уыдон! Æртæ дзы – дæхи. Иннæтæй та искæйты зæрдæтæ алхæндзыстæм, уæдæ куыд вæйиы, и, нæ лæг?

Цыдис рæстæг. Æрхæццæ Хъуырманы хицауы райгуырæн бон дæр. Бамбырд сты сæйрæгтæ: сæйраг бухгалтер, сæйраг агроном, сæйраг инженер, сæйраг зоотехник...

– Куывд адæмæй фидауы, мæ хуртæ, адæмæй, – сдзырдта Хъуырман æмæ аивæй бакаст Бакарырдæм – хицаумæ.

– Æмæ адон адæм не сты?

– Сты, зæххардыстæн, фæлæ ма нæ, зæгъын, милицæйы хицау дæр куы фæуыдаид...

– Цы мæнг зæгъыс, Хъуырман, не ‘мсæр лæгтæ хъуамæ абон ам уой. Ноджыдæр ма дзы кæуылдæрты мæ цæст нæ хæцы: райпойы хицау, базæгæс, хуыйæн фабричы директор...

– Уæд та сæм мæхæдæг ауаин, – фæрæвдз Хъуырман.

– Гъе уый дын лæг! Марадз, уартæ мæ машинæйы абад!

Хъуырман уыциу тъæбæртт фæкодта, машинæйы абадт. Размæ, зæгъгæ, ацамыдта шофырæн. Уый цынæ бакæндзæн Бакары тыххæй: уæлдæр скъола йæ руаджы фæци каст, ныр та дзы йæ фырт дæр ахуыр кæны уым – Бакары фæрцы. «Йæ хорздзинæдтæ йын истæмæйты фидын хъæуы, уæдæ цы, – хъуыдытæ кодта Хъуырман. – Галстук æмæ фæсарæйнаг хæдон... бæргæ стырдæр лæвары аккаг у, фæлæ... Скъулбадæг кодта уыцы лæппуйы не ‘фсин. Алы цыдæн дæр ын фондз мин сомы дæтты, æмæ кæм ис уыйбæрц?..

Фынгтæ зæхмæ ‘ртасыдысты. Бакары æфсин Сæниат æмæ сæ къанторы кусджытæй цалдæр æрыгон чызджы афтæ саив кодтой, æмæ сæхи зæрдæмæ дæр фæцыдысты. Æмæ дзы цынæ уыдис! Чидæр ма Калакæй суанг дзондзолийы цæхджынтæ дæр æрбаласта.

Тæккæ æрбадын афон йæ хуынд лæгтимæ фæзынд Хъуырман. Бацин сыл кодтой куывддзаутæ. Æппæты сæрæй райпойы сæрдар, дыккаг хистæр – милицæйы хайады хицау, æртыккаг уыд Бакар йæхæдæг, йæ дæллаг фарс – хуыйæн фабричы директор Али, уый ныхмæ – базæйы хицау. Фынджы астæу дыууæрдыгæй – цалдæр сылгоймаджы. Стæй алы дæлдæр-уæлдæртæ.

– Мæнæ хорз адæм, чысыл кæрæдзимæ байхъусæм, – райдыдта хистæр. – Ам чидæриддæр ис, уыдон нæ рæстæджы домæн хорз кæй æнкъарынц, уымæн æвдисæн – мæнæ ацы фынг. Æртæ авджы йеддæмæ йыл нæй хъæбæр нозт. Уый дæр, æвæццæгæн, фæтчыгъæдæн, нæ хорз хæлар Бакары цæрæнбоны тыххæй фæйнæ баназæм, зæгъгæ. Гъемæ нын бирæ цæрæд! – сыкъа йæ къухмæ систа æмæ сыстад. – Нæ районы нымаддæр разамонджытæй у æмæ йын ноджы фылдæр æнтысæд! Зонæм æй, Бакар, æрæджы дын хицауад кадджын хæрзиуæг саккаг кодта, уый фæдыл дын мæхæдæг арфæ ракодтон, фæлæ ма дын арфæ кæнын мæнæ ацы хорз адæмы номæй дæр. Рæхджы дæ фæтæн риуыл

Сыгъзæрин Стъалы цæхæртæ куыд скала, ахæм амонд дæ уæд!..

...Сидт сидты æййæфта. Йе ‘фсины, йæ цоты, йæ шофыры, секретарь-мыхуыргæнæджы æмæ цы ‘фсон нæ рауагътой сидт! Куывды æмбисыл сылгоймæгтæ хатыр ракуырдтой æмæ сыстадысты. Чысыл фæстæдæр Сæниат фынджы хистæры раз æрæвæрдта йæ хуын – æртæ чъирийы, гуыбынджын авг, гогыз.

– Мæнæ уыдон та фæрнæй фæдар, мæ хæрæфыртæн сæ сæрвитын кодтон Мæскуыйæ, хæдон раст фæсфурдаг у, «ЧИК» фыст ыл ис...

– Стæ-ма, Хуыцауы тыххæй, æз дæр æй фенон, – Бакары къухтæй тыхтон айста Али.

–Æмæ мæнæ хæдон нæ фабричы хуыд куы у!

– Уанцон нæу?

– Æнцон у, зын у, уæддæр цыколайаг хæдон у. Мæнæ ма кæс, – йæ галиу дыс ын рафæлдæхта. Дæлармы бынæй цавæрдæр уаццаг раивæзта. Бакары фындзы бынмæ йæ бахаста.

– «Чиколинская швейная фабрика», – бакаст уый дæр хъæрæй. – Ома, «ЧИК». Гъе уый дын чик! Хынджылæг мæ кæнут æви? – тызмæгæй бакаст Хъуырманмæ.

– Нæ, нæ! Мæ уды мард фен науæд, мæхицæн дæр дзы æртæ куы балхæдта, – цæф йæхимæ райста Хъуырман.

– Уæдæ мæнæн дæр нæ бæрæгбоны фæдыл ахæм фæсфурдаг хæдон балæвар кодтай, нæ? – мæстæлгъæдæй бахудт милицæйы кусæг дæр. Сæниат ма фырадæргæй цы акодтаид, уымæ нал арæхст, ныссырх.

Хъуырман багомыг.

ТУМАН

Сахаты дзæнгæрæджы зæллангмæ Додти фехъал, йæ цæстытæ аууæрста, йæ уæнгтæ фæйнæрдæм аивæзта æмæ йæхи рæвдз кæнынылъ балæууыд.

«Ехх, æвæдза, зноны хуызæн бон! – батабу кодта йæхинымæр. – Æниу æндæрæбонæн дæр ницы уыд, фæлæ уæддæр знон... Фæлæуу-ма, дæ хорзæхæй, цы бон уыдис? Гъм, майрæмбон, уæллæй, майрæмбон! Табу дæхицæн, Мады-Майрæм, уый мæм дæу фæрцы æрбахауд иунæг бонмæ æртæ цъæх «гæххæтты».

Джеоргуыбамæ кусæрттаг æлхæнгæйæ бахъæудзысты»...

Рахызт уынгмæ. Фæззыгон уазал дымгæ йын йæ цæсгом бацъыкк ласта. Раст ын Хангуассæйы фендау хъыг уыди. Йæ уæнгтæ æрбампылдысты ихæнæй, фæлæ уæддæр йæ цыд нæ фæтагъддæр кодта. «Цæмæ дзы тындзын, исты мын зноны хуызæн бæркадджын бон уыдзæн? Кæд мæм дзы туман-дыууæ разгъæла, уæд – хорз, иннæты та мын ассивдзысты... Цымæ, знон кæм мæрдты уыдысты? Кæм сыл ныккалдæуыд сыджыт? Хуымæтæджы нæ фæцух кодтой, æвæццæгæн. Уыцы сырх хæмхутджын... бабады мын машинæйы, скъæрын дæр ма куы зонид! Гъай дын мæ къух, уый йæ «праватæ» æлхæнгæ бакодтаид – æхца хъуаг мын у цы? Ныр нæ фынддæс азы стъигъы. Мах – паддзахады, уый та – мах. Æмæ ма банымай, уал азы дæргъы æрвылбон æппынкъаддæр туман куы хауа дзыпмæ, уæд кæуылты æвæлмон æфтиæгтæ сты уыдон? Уæдæ уыцы «Калинæ» йæ мызды фараст минæй алхæдта?!»

– Додти! Æнхъæлдæн, æмæ та дзы дысон Чермены цæссыгæй дæхимæ фæкастæ? – Йæ хъуыдытæ йын фескъуыдта куыстуаты автобусы тæрæг Саукъах. Мидæгæй райхъуыст куыстмæ цæуæг шофырты худын. – Æви дын уыцы «сырх зæд» дæ сæрызонд фæцæуын кодта?

– Фæлдыст ын фæу, фæлдыст! Хуыцау дын æй дæ хæдзарæй рахизын кæнæд, – мæстджынæй загъта Додти, схызт автобусмæ æмæ, салам ратгæйæ, йæхи æруагъта фæстаг бадæныл.

– Мæгуыры мæлæтау, фæсивæд йæ алыварс бындзытау уымæн æмбырд кæнынц, цыма сын мыды чыргъæд у, – нал æнцад Саукъах.

Додти йæм, кæд ныхъхъус уаид, зæгъгæ, ницыуал сдзырдта. Канд йæ ныхас нæ, фæлæ йын йæ уынд дæр æнад у. «Йæ бын нæма схъарм кодта, афтæмæй йæ ног автобусы шофырæй авæрдтой. Ничи йæм кæсы, къæбæда, куыд схъæлæй фæдзуры. Афтæ кæны блат: сæйраг инженер йæ мады æфсымæр у, нæ хицау дæр, дам, ын цыдæр хæстæг æййафы. Айразмæ йын цы сырх-сырхид фæткъуытæ сласта Кæсæгæй! Базары дæр сæ ма ссарай: цыдæр дзæнæтонтæ сæ хонынц. Æнæхъæн æртæ асыччы! Уæд хуымæтæджы? Козбау чидæр!..»

– Æрхæццæ стæм, – загъта Саукъах. – Уæ бон у æмæ рагацау бафидат.

– Ома? – нæ йæм фæлæууыд Додти.

– Ома ма ома, уæддæр изæры цас фиддзынæ, уый – ныр.

– Лыстæг мæм нæй, – Додти æддæмæ рахызт. «Дæ туманы тыххæй мæ Джеоргуыбайы кусæрттаджы аргъ куыннæ къахыр кæндзынæн».

...Мæнгагъуыстæй кæртмæ йæ автобус ратылдта Додти. Иу хатт ма йæм æркæстытæ кодта, бензиндоны сæр разылдта, тел дзы фæтъыста, базмæлын æй кодта дыууæрдæм, фæлæ дзы æмыр зæллангæй дарддæр ницы райхъуыст. Бамбæрста хъуыддаг: чидæр ын йæ бензин «фæбырын» кодта. Бакатай кодта Додти, йæ дзыхæй судзгæ 'хсидæвтæ дæр схауд. Ныр цы кæна, йæхи дзыппæй æркæна бензин æмæ кусæрттаджы аргъмæ куыд бавнала? Нæ, фæлтау артаг райсомы хардзæн йе 'мбис ракурдзæн æмæ уал уымæй кусдзæн абон.

Сагъæсгæнгæйæ рараст Додти рейсы. Автостанцæйы адæм бакалдысты автобусмæ. Уайтагъд айдзаг. Цалдæрæй скъорд сты шофыры уæлхъус. Уалынмæ зокъодзаутæ дæр фæзындысты. Бахъæлдзæг Додтийы зæрдæ. «Ис та дзы, – хъуыды кодта йæхинымæр. – Иунæг билет дæр никæмæн ратдзынæн. Уæвгæ, агургæ дæр мæ ничи фæкæны. Хъæуы цæрджытæ уæздандæр сты. Горæты дын мачи ныуагътаид билет, схурх-иу мæ кодтой. Налат чъынды адæм!..»

Æнхъæл кæм нæ уыд, раст уыцы ранæй йæ размæ рагæпп ласта Хангуассæ. Сырх къурткæ, сырх цырыхъхъытæ, тымбыл сырх худ. Сырх зæд дæр æй хуымæтæджы нæ хонынц.

Додтийы буар ауазал, уæнгтæ адон сты. Æнæбары ахæцыд алакъийыл.

– Удхæссæг дæ фæхæсса, Додти, – йæ сыгъзæрин дæндæгтæ йæм базыхъхъыр кодта, афтæмæй дардгомауæй дзурын райдыдта Хангуассæ. – Мæ фенын та дæ тынг фæндыди? – йæ мастыл ын ставд цæхх кæны. Йæ тæнæг былтæ фæцъупп сты, йæ галиу къухы æнгуылдзтæ сыл авæрдта æмæ райхъуыст: «Пъа!» Раст уый хæдразмæ сылгоймаджы иннæ къухы февзæрд сырх «гæлæбу».

Æндæрæбонау та йæ цæстытæ талынджы лидзæг гæдыйы цæстытау ферттывтой. «Цæуылнæ мын пъатæ кæна, сыстыгъта та мæ. Дæ хъуыры ныссæдзæд, фаджыс... Йæ хæмхутджын сырхцъар лæг та кæм ис? Уæртæ Битъыры хъазау уæлгоммæ ауагъта йæхи «Жигули»-йы. Тæхудиаджы цард ын нæй! Ды та руль раздух-баздух кæн, Додти. Æмбырд кæн абазитæ, сомтæ...»

Фæстæмæ здæхгæйæ дæр та адæм уыдис дзæвгар, æмæ та рухсы цъыртт бакалд Додтийы риумæ. Æхцаты уындæй уæ-

рыккау кафыд йæ зæрдæ. Туман, дыккаг, æртыккаг... Дзагæй дзагдæр кодта йæ арм, ракъуыпп йæ риуы дзыпп.

Сæххæст кодта йæ дзырд: иунæг билет дæр никæмæн радта, нæдæр иуæрдæм цæугæйæ, нæдæр иннæрдæм. Куыддæр фæцæуынхъус, афтæ къæсæрыл æрбалæууыд раст Бериты Хъеллауы дæргъæн лæг. Тæрхæгыл æрæвæрдта ног æвзист туман. Додти йæ йæ дзыппы нывæрынмæ хъавыд, фæлæ... «Ничи йæ айсдзæн», – ахъуыды кодта æмæ дарддæр йæ цыды кой кодта. Иу заман автобус гуыргъахъхъы сысхъиудта, æмæ æфсæйнаг туман йæ къæхты бынмæ ныххауд, йæ зæлланг фæцыд. Додти йæм фæгуыбыр кодта, фелвасон æй, зæгъгæ. Стæй... Егъау уæзласæн машинæ ма бæргæ ауыдта, фæлæ дын мæнæ йæ цæстыты раз фегуырд бындзыты дзыгуыр...

...Хуыссы уæлгоммæ Додти, йæ къах сынтæджы сæрмæ баст. Сæры рыстимæ йæ хъусты азæлы уыцы æрттиваг туманы дзинг. «Цымæ ма, кæдæм æрхаудта, уым уа?» – хъуыды кæны.

КЪОБОР

Йе ‘цæг номæй йæм ничи дзырдта, иууылдæр æй Къобор хуыдтой. Сыхаг læппутæй йæ фехъуыстой бинонтæ дæр. Æмæ райдианты мæсты кодтой, уый цавæр ном у, зæгъгæ, фæлæ сæм фæстагмæ хорз кæсын райдыдта.

Æцæгæйдæр хæрзхаст роды хуызæн уыдис Саукуыдз. Йæ гуыримæ абаргæйæ, сæр – егъау, рустæ – хæмпус, фæсонтæ – дыууæ уыдисны фæтæнæн, зæнгтæ – хъамбул, къухтæ – арсы дзæмбытæ. Тынг ыл фидыдта йæ ног ном, тынг.

Йæ тых цас уыдис, йæ фыдуаг митæ уымæй ноджы фылдæр уыдысты. Сыхаг læппутæй-иу куы кæй ранадта, куы кæй. Бонцухæй сæ хæдзары раз загъд-замана уыд. Мæнгæй нæ фæзæгъынц, хыл куыдз æмæ сывæллоны сæрыл рауайы. Æрбалæбурдтой-иу сыхæгтæ, сæ дзыхæй-иу цæхæртæ дæр скалдис.

– Цæрын нæ нал уадзы уыцы Къобор! – хъæр кодтой иутæ.

– Кæм-ис, кæм?! – домдтой иннæтæ.

Сыхæгты скъæты уæлхæдзарæй-иу сæм æнцад хъуыста Къобор: уым уыдис йе ‘мбæхсæн бынат. Хæдзармæ чи уæндыд! Иухатт, йемæ хъæбысæй хæцгæйæ, Тебойы къух æнæбары куы фелвæст, уæд Къоборы йæ фыд уырды над скодта æмæ ныр,

исты фыдуаг ми куы ракæны, уæд сæхимæ нал фæуæнды – æрхаудзæн та йыл дзы. Æртæ боны размæ йæ дзыцца æмбисæхсæвмæ агургæ кодта, йæ къæхтæ йæхицæй нал уыдысты, мæгуыр. Уæддæр ницы ссардтаид, гæдытæ куынæ уыдаиккой – æхсæв бонмæ йæ цæстытæ не ‘рцъынд кодтаид, йæ лæппуйы агургæйæ йыл бон æрбарухс уыдаид. Куыддæр Бутусты цурмæ æрхæццæ, афтæ гæдыты «миау-миау!» æмæ кæйдæр «цитт-цитт!» райхъуыст. Мады зæрдæ уайтагъд фехсайдта:

– Къобор!

– Гъы!

– Кæм дæ, кæ?

– Мæнæ.

– Æмæ уым цы кусыс æмбисæхсæв?

– Ницы.

– Рацу нæхимæ, – лæгъстæгæнæгау загъта мад.

Къобор æрхызт уæлхæдзарæй. Бацыд сæхимæ. Схуыссыд, фæлæ йæ цæстытæ нал æрцъынд кодта – тынг фæтарст уыцы дзæгъæлдзу гæдытæй.

Азтæ дугъон бæхтау азгъордтой. Ралæг ис Къобор. Фембаргæ. Ноджы ма йæ чысыл хотимæ дзыццайы æвджид куы аззад, уæд йæ митыл йæ къух бынтондæр систа.

Адæм уæдмæ раздæры хуызæн хъæлдзæг нал уыдысты. Изæрыгæтты уынгтæй нал хъуыстис фæндыры цагъд, зарын æмæ къæрццæмдзæгъд. Мæй дæр цыма фыццаджы хуызæн ирд нал уыдис, хур дæр цыма раздæрау нал тавта.

– Кæм ис баба? Куыд æрæгмæ цæуы? – арæх-иу афарста йæ мады Къобор.

– Рæхджы зындзæн, мæ къона, рæхджы, – æрхæндæгæй йын дзуапп лæвæрдта мад. Йæ фыд кæйдæр дам-думтæ æмæ хахуырты азарæй кæй басыгъд, уый йын никуы схъæр кодта.

Ралæууыд сæрд. Мæнæутæ гæзæмæ фæбурбын сты. Нартхоры хуымтæй дæр зæрдæ рухс кодта, уыцы хъалзæнг уыдысты æвзартæ. Адæм æнхъæлмæ кастысты хъæздыг тыллæгмæ. Фæлæ уалынмæ арв хæсты фæздæгæй айдзаг. Адæм кæрæдзимæ фæдисы тахтысты. Æрхæндæг æрцардис сæ зæрдæты. “Хæст! Хæст!” Æндæр ницыуал дзырдтой.

Хæстхъом фæсивæды афæндараст кодтой сæумæцъæхæй. Æппæты разæй цыд Къобор. Цыд хæдзармæ зæрдæхсайгæйæ, æнкъардæй.

Хæст сцæхæр. Ихуарæгау кæнынц нæмгуытæ. Бомбæты

рæмыгъдæй, сармадзанты уынæргъынæй хъустæ къуырма кодтой. Уалынмæ дуне фæсабыр, дард кæцæйдæр ма-иу æрбайхъуыст иугай гæрæхтæ.

– Ура-а-а! – ныхъхъæр кодта ротæйы командир.

– Ура-а-а-а! – анæрыд æфсæддонты тыхджын хъæлæс, стæй размæ абырстой. Фашисттæ исдугмæ сæ бынæттæй нæ фезмæлыдысты, фæлæ сæм махонтæ куы баввахс сты, уæд лидзынмæ фесты. Уæлвонг хæцæн фæзы ма аззадысты сæ мæрдтæ æмæ цæфтæ, иннæтæ ададжы тъæбæрттæй згъордтой ныгуылæнырдæм.

Къобор æрдзуццæг. Галиу къухы рæмбынкъæдз уæраджы чъиримæ фæцарæзта æмæ ныхъхъавыд, фашисттæ къорддæр кæм уыдысты, уырдæм. Аскъæрдта сыл автомат. Цалдæры дзы фæкуырис кодта, иннæтæ къуыбыры ауон амбæхстысты.

Фæлæ ай цы диссаг уа? Не ‘фсæддонтæн разæй ныхкъуырддæттæг нæй, афтæмæй иугай-дыгай хауынц зæхмæ. Къоборы зæрдæ иу чысыл обаугондмæ фехсайдта. Базгъордта йæм æмæ йын уыциу сæррæтт скодта йæ сæрмæ. Уæззау Къоборы къæхты бын ныккæнды сæр ныттыдта.

Немыцаг дзырды бæрц джихауæй аззад, стæй Къоборыл цæф сырдау йæхи ныццавта. Кæрæдзи цæнгтæ ацахстой. Аргъауы уæйгуытау рахæсс-бахæсс систой кæрæдзи. Ныккæнды къулыл куы сæ иуы тъæпп фæцæуы, куы – иннæйы. Лæбуры дæндагæй немыцаг Къоборы буармæ, сцæвы йæ къахæй. Уымæн йæ сæры хил арц абадт: йæхи хуызæн домбай разынд фашист.

Къобор æй йæ тых, йæ бонæй æрбалвæста. Сæрæй йæ сцавта – йæ фындзы туг ын акалдта. Ноджы тынгдæр фезнæт фыдгул. Æрбацавта та Къоборы йæ къахæй. Къобор ын йæ къах ацахста æмæ йæ цæхгæр фездыхта. Немыцаг ныхъхъæр кодта фыррыстæй æмæ фæуæлгоммæ. Къобор ын дыууæ къухæй ацахста йæ хурх...

...Уайтагъд госпиталыл айхъуыст хабар. Цæуынхъом цæфтæй байдзаг уат – Къоборы фенынмæ цыдысты. Æрбахызт иудзонгон бæзæрхыг læг дæр. Æдзынæг ныккаст хъæбатыр хæстонмæ.

– Къобор! – баппæрста йæм йæхи.

– Баба! – фæгæпп кодта Къобор, йæ цæфтæ ницæмæ æрдаргæйæ.

Цины цæссыгтæ уадысты хъæбыс-хъæбыс læууæг фыд æмæ фырты уадултыл.

Хæсты тугамæст цалх тылдис Ныгуылæнмæ...

«Мах дуджы» равдыст

Ацы аз «Мах дуджы» фæндзæм номыры рауагъ-там америкаг нывгæнæг Кристофер Уайты скульп-турæты къамтæ. Адæмы зæрдæмæ тынг фæцы-дысты. Нæ равдысты йын джиппы уадзæм йæ иннæ куыстыты къамтæ. Уайт йæ диссаджы скульптурæтæ аразы, чи бахуыскъ, ахæм æхсæлытæй.

МЗОКТЫ Аслæнбег

«ÆГАС ИРÆН ЙÆ ЦЫТ»

(Интегративон урок Едзиты Сослæнбеджы аивадæй)

Урок-номарæны тыххæй ма фыстон «Мах дуджы» (2002, №8, 132–149 фф.; 2007, №2, 131–154 фф.). Ахуыры азы алы цыппæрæм хайы дæр 6-æм–11-æм къласмæ ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæн ис ссарæн фадат ахæм куыстæн фæйнæ дыууæ сахаты радих кæнынæн. Цæмæн хъæуы баиу кæнын мадæлон æвзаг æмæ литературæйы уроктæ? Уымæн æмæ æрмæстдæр дыууæ урочы рæстæг фæпайда вæйиы ахуырдзаутæн нæ зындгонд фысджытæ, ахуыргæндтæ, нывгæнджытæ, композитортæ, спортсментæ, артисттæ æмæ æвзагиртасджыты сфæлдыстадон куыст æмæ царды хабæрттæ базонынæн, скъоладзауты зонындзинæдтæ раиртасынæн, ныхасы рæзтыл бакусынæн, текст æвзарыныл æмæ æмдзæвгæтæ аив кæсыныл æмæ дзурыныл ахуыр кæнынæн.

Дæлдæр цы урочы тыххæй цæуы ныхас, уый дæр у *урок-номарæн*. Зонгæ кæны скъоладзауты зындгонд ирон скульптор Едзиты Сослæнбеджы цард æмæ сфæлдыстадон фæндагимæ. Хъыгагæн, нæ ахуырдзауты зонындзинæдтæ ирон нывкæнынады аивадæй æмæ йæ архайджытæй (нывгæнджытæ æмæ скульптортæ) сты тынг кадавар. Номхуындæй уый тыххæй ахуыры рæстæджы хъæуы ахæм *уроктæ-номарæнтæ* арæхдæр кæнын. Æз скодтон ахæм интегративон урок ирон æвзаг æмæ литературæйæ 10-æм къласы.

Къæйыл – урочы темæ æмæ Тугъанты Махарбеджы конд Сослæнбеджы портрет (1949 аз, ныртæккæ æфснайд у Дзæуджыхъæуы, Махарбеджы ном цы Аивадон музей хæссы, уым) æмæ *скульпторы автопортретты хуызистытæ*: автопортрет дзæбугимæ æмæ автопортрет-рельеф (1943 аз, дыууæ дæр конд æрцыдысты гранитæй) скульпторы хæдзары къулыл Сындзыхъæуы.

Къласы къултыл *Ходы, Сындзыхъæуы, Урсдоны, Къорайы æмæ Дигорайы уæлмæрдты Сослæнбеджы цыртдзæвæнты*

нывтæ: «Голгофæ» (1903), Едзиты Дзыджы цырт (1903), Дзугкойты Сæрæбийы цырт, Дзугкойты Дусийы ингæндур, сылгоймаджы ингæндур «Дзуарыл тыгъд»-имæ, ингæндур лæг æмæ усы сурæттимæ, Дзитойты Аслæнбеджы цырт (1930), Хъайтыхъты Сасинкъайы цырт (1926), Фардзинты Тедойы цырт (1946), нæлгоймаджы цырт йæ сывæллæттимæ, Лазарты Алиханы ингæндур (1948), Къусраты æртæ фырты ингæндур, сырхæфсæддон Залеты М. цыртдзæвæн (1946).

Сослæнбег бирæ куыста хъæдæрмæгимæ. Къласы къултæй иуыл йæ *хъæдæрмæгæй конд скульптурæты нывтæ*: Дзæрæхохты Хадзы-Мураты сурæт топпимæ, æргъомхæссæг сылгоймаг, кæхц Уастырджиимæ, кæхц «Бæхфæлдисæн», Едзиты Темырыхъойы номыл арæзт кæхц, *Сослæнбеджы лæдзджыты нывтæ* – лæдзæг зайлагмарæгимæ, лæдзæг «Æрвонгæн Хуыцау æххуыс кæны, расыгæй та хæйрæг хъазы», *рельефты нывтæ* – «Фæндырдзæгъдæг» æмæ скульпторы автопортрет Сослæнбеджы хæдзары къулыл Сындзыхъæуы.

Уыдоны фарсмæ фенæн ис Сослæнбеджы *тымбыл скульптурæйы* хуызистытæ: «Сылгоймаг æргъомимæ» (дурæй), «Фыр æмæ калм» (гранит), «Бæсты Мад» (дур), «Сылгоймаг цъыхырыйы æргъомимæ»(дур), «Æрхæндæг зæд» (дур), «Хохаг лæг», «Куыройдзау» (дур).

Къæйыл урочы темæйы бын – ирон зындгонд скульпторы *стырдæр аивадон шедевры хуызист* – «Зайлагмар Уастырджи» (1942–1943) Хурхоры кувæндоны монумент Сындзыхъæуы.

Сослæнбеджы цард æмæ сфæлдыстадон куысты тыххæй къласы тæрхæгыл фенæн ис *журналты æмæ чингуыты равдыст.* Ам сты: 2013 азы цы ног альбом рацыд мыхуырæй скульпторы куысты хуызджын нывтимæ (йæ автортæ – Биазырты Людмилæ æмæ Кромвел), уый æмæ «Мах дуджы» 2000 азы 6-æм чиныг: уым фенæн ис Сослæнбегæн йæхи, йæ бинонты æмæ йæ куыстыты хуызистытæ. Ахуырдзаутæй тынг кæй бафæнда скульпторы царды тыххæй базонын, уымæн та бар уыдзæн аивадиртасæг Цæгæраты Валерийы цымыдисаг чиныг «Аивад æмæ рæстæг» (Дзæуджыхъæу: Ир, 2003, 257–313 фф.) бакæсынæн. Фæлæ цæмæй урокты заман скъоладзауты æмæ ахуыргæнæджы иумæйаг куыст æнтыстджындæр рауайа, уый тыххæй хъуамæ ахуыргæнæг, уæлдæр цы чингуытæ ранымадтон, уыдонимæ, æппæты фыццагдæр, йæхæдæг базонгæ уа æмæ хорз зона

Едзиты Сослæнбеджы царды хабæрттæ æмæ йæ сæйрагдæр аивадон уацмысты мидис.

Ахуырдзауты æххуыс ма бахъæудзæн ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæджы плакаттæ урокмæ бацæттæ кæныны куысты. Уыдоныл бакæсæн уыдзæн, Едзиты Сослæнбеджы аивадон сфæлдыстад чи иртæста æмæ йын стыр аргъ чи скодта, уыцы нывгæнджыты æмæ ахуыргæндты куырыхон ныхæстæ.

АИВАДЫ АРХАЙДЖЫТÆ СОСЛÆНБЕДЖЫ ТЫХХÆЙ

* * *

Сындзыхъæуы кусы 66-аздзыд зæронд лæг Сослæнбег. Æнæхъæн Дыгур дæр ын зоны йæ хæдзар – фидауцы хос ын сты дурæй конд фæлгонцтæ æмæ барельефтæ. Ам дыккаг ахæм хæдзар не ссардзынæ: дуæрттæ дæр, къултæ дæр, хъæдын цæджындзтæ дæр сты Сослæнбегæн йæхи къухты фæллой. Едзиты Сослæнбег у курдиатджын, хæдбындур скульптор. Цæгат Ирыстоны бирæ ис уый конд цыртытæ барельефтимæ. Сæ мидисмæ гæсгæ йæ куыстытæ иууылдæр сты хуымæтæг æмæ зæрдæдзуаг. Нывгæнæг æввахс у адæммæ. Йæ куыстыты ‘хсæн нæй, æнæнхъæлæджы кæй сарæзта, чи нæ ахады, ахæмтæ. Иуæй-иутæ та дзы сты адæмон аивады æцæг шедевртæ.

Тугъанты Махарбег

* * *

1945 азы мæ фыд райдыдта Хурхоры Уастырджийы дурыл Уастырджийы хуыз кæнын. Хурхормæ цыди бæгъæввадæй. Скодта къахвæндаг кувæндонмæ. Æххуыс ын кодта сындзыхъæуккаг Мæрзойты Сталин. Уастырджийы хуыз куы арæзта, уæд æм-иу арæх æрцыдысты, фарстой-иу æй, чи дын радта ацы куыст, æхца дын чи фиддзæн æмæ а.д. Уый сын дзырдта: æхцайыл нæ кусын, хъыгдаргæ дæр никæй кæнын. Хурхоры Уастырджийы дурыл мæ фыд фæкуыста суанг йæ амæлæты онг – 1953 азмæ.

1948 азы нæм уазæгуаты уыди Тауаситы Сослæнбег. Бирæ фæныхæстæ кодтой мæ фыдимæ. Мæ фыды къухтæй загъта хъазгæйæ, ацы сау къухтæ, дам, мæныл фæуæлахиз сты аивады. Уый уыди сæ фæстаг фембæлд…

Ирон аивад иртасджытæ бинонытæй нæма раиртæстой Едзиты Сослæнбеджы сфæлдыстад, аргъгонд ын нæма æрцыди кæронмæ.

Едзиты Руслан, Сослæнбеджы фырт

* * *

Лæдзджытæй зæгъай, кæхцытæй зæгъай, цыртытæй зæгъай – йæ алы куысты дæр Едзиты Сослæнбег æввахс лæууы адæммæ, адæмон сфæлдыстадмæ. Уый адæмон сфæлдыстад канд зонгæ æмæ уарзгæ нæ кодта, фæлæ архайдта йæ бамбарыныл, йæ уидæгтæ йын раиртасыныл, цæстыгагуыйау ын хъахъхъæдта æмæ дарддæр хаста йæ сыгъдæгдзинад, йæ традицитæ. Адæмон аивады мотивты æндæвдад ирдæй зыны Сослæнбеджы сфæлдыстадыл. Йæхи сфæлдыстад дæр ссис адæмы аивады æнæфæхицæнгæнгæ хай.

Дзантиаты Анатоли

* * *

Нывгæнæджы цард нæ фæвæййы йæ мæлæтимæ. Уымæн йæ цæрæнбон ис йе сфæлдыстады. Сослæнбег баззад йæ автопортреты (зæрдыл æрлæууы астæуккагæнусон «Хъыггæнæг Чырысти»-йы тип), йæ цыртыты, йæ хæдзæртты рельефты. Фæлæ нывгæнæг ногæй амæлы, йæ уацмыстæй искæцы куы амæлы, уæд. Чи зоны, æрлæууа ахæм рæстæг, æмæ ма Аивадон музейы баззайа йæ куыстыты иу чысыл къорд æмæ, чи бабын, уыцы цыртыты слайдты чысыл уæлмæрд. Уыцы хъуыддаджы аххосджын уыдзысты ирон культурæйы æппæт минæвæрттæ дæр – официалон хицаудзинад кæмæ ис æмæ кæмæ нæй, уыдонæй алчидæр.

Биазырты Кромвел,
Биазырты Людмилæ

Фыццаг урок

(Ирон æвзагæй)

Урочы темæ. Тексты иумæйаг æвзæрст *(Дзантиаты Анатолийы текстмæ гæсгæ).*

Раиртасын тексты амады сусæгдзинæдтæ, йæ аивдзинады тых банкъарын. Æрдзурын тексты лексикон, морфологион, синтак-

сисон, орфографион æмæ пунктуацион æууæлтыл, æвзаг æмæ ныхасы æмбастдзинадыл.

I. Алкæцы ахуырдзауы размæ дæр хицæн фарсыл компьютерыл мыхуыргонд Дзантиаты Анатолийы уацæй скъуыддзаг. Ацы æрмæгимæ скъоладзаутæ кусдзысты урочы рæстæг, кæндзысты алы хуызы равзæрстытæ.

Едзиты Сослæнбег

Ирон адæмон аивады сæрмагонд бынат ахсы Едзиты Сослæнбеджы *хæдбындур курдиат.* Уый райгуырди 1878 азы Ходы хъæуы. Фæстæдæр ралыгъди Сындзыхъæумæ æмæ йæ амæлæты онг царди æмæ куыста уым. Уым сфæлдыста йæ хуыздæр уацмыстæ дæр, сарæзта адæмон *скульптрурæ* æмæ архитектурæйы *æвæджиауы цыртдзæвæн* – дурæй амад дыууæуæладзыгон хæдзар.

Ирон аивад тынг хъæздыг у адæмон сфæлдыстады алы хуызтæй. Едзийы-фырт, кæй зæгъын æй хъæуы, зонгæ уыдис уыдонимæ се ‘ппæтимæ дæр, стæй фæсауонмæ нæ, фæлæ сæ уыдта йæхи цæстытæй. Хохаг лæджы фырт, йæхæдæг дæр хохаг уæвгæйæ, уый рæзыдис адæмы ‘хсæн. *Йæ зæрдæмæ арф иста* адæмон аивад, ахуыр ыл кодта. Уый уæлдай тынгдæр фæзынд, йæхæдæг цы цыртдзæвæнтæ сарæзта, уыдоныл. Ныртæккæ дæр сын фенæн ис Сындзыхъæуы уæлмæрдты алы къуымты. Сæ фылдæрыл хъуына схæцыд, баиу сты æрдзимæ æмæ сæ хуымæтæгдзинадæй сты хъæддаг кæрдотæ æмæ ичъиты хуызæн. Хатгай сæ адæймаджы цæст иртасгæ дæр нæ ракæны, фæлæ искуыцæй дымгæ рацыд æмæ хæмпæлтæ базмæлыдысты, зæгъгæ, уæд æмбæрзæн аиуварсгæнæгау бæзджын *цъæх фæлысты* фæстæ разыны – кæм æрыгон сылгоймаджы ныв, кæм ацæргæ хохаджы сурæт.

Сослæнбеджы номарæн къæйтыл фенæн ис зæронд устытæ æмæ лæгты, сывæллæттæ æмæ чызджыты, лæппутæ æмæ цуанæтты, барджытæ æмæ фæндырдзæгъдджыты сурæттæ. Хъæуон уæлмæрдтæй рауад скульпторы куыстыты музей, гом арвы бын – *скульптурон галерей.*

Едзийы-фырты къухы стыр сгуыхтдзинæдтæ бафтыд *тымбыл скульптурæйы* дæр. Йе сфæлдыстады егъау бынат ахсынц

«Автопортрет», «Æд уаргъ сылгоймаг», «Куырд», «Фыс æмæ калм» æмæ æндæр куыстытæ.

Сослæнбег йæ царды фæстаг азты (амард 1953 азы) йе ‘ргом уæлдай тынгдæр аздæхта хъæдын нывтæ кæнынмæ: арæзта къустæ, лæдзджытæ, нуазæнтæ. Йæ лæдзджытæ сты гыццыл скульптурæтæ, *классикæйы бынтон стæм жанр.* Сослæнбеджы лæдзджытыл орнаментон нывтæй уæлдай æнæмæнг раиртасæн вæййы сюжет – адæймаджы æмæ цæрæгойты сурæттæ.

Едзиты Сослæнбеджы сфæлдыстадыл тынг фæзындысты *адæмон аивады мотивтæ,* уыцы иу рæстæг йæхи сфæлдыстад та сси адæмон аивады æнæфæхицæнгæнгæ хай.

*(Дзантиаты Анатолийы текс*т)

II. Дарддæр ахуыргæнæг æмæ ахуырдзаутæ кусдзысты фарстытæм æмæ хæслæвæрдтæм гæсгæ.

Хæслæвæрдтæ æмæ фарстытæ текстмæ:

1. Текст хъæуы аив бакæсын, йæ мидис æмæ дзы йе ‘взаджы хицæндзинæдтæм гæсгæ логикон цавдæй цы дзырдтæ рахицæн кæнын хъæуы, цыбыр кæнæ дæргъвæтин æрлæудтытæ скæнын кæм æмбæлы, уыдонмæ хъус даргæйæ, цы хъæлæсы уагæй йæ кæсын хъæуы, уый сбæлвырд кæнгæйæ.

2. Кæй тыххæй у ацы текст? Цы у йæ темæ текстæн? Цавæр сæйраг хъуыды бавæрдта йæ тексты Дзантиаты Анатоли? Сбæлвырд æй кæнут. Рахицæн кæнут текстæн йæ темæ æргомгæнæг дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ.

3. Цæуыл дзурæг у тексты сæргонд? Ис ын аивæн? Æрхъуыды ма кæнут æндæр сæргонд текстæн.

4. Цавæр стильмæ ис ахæссæн Дзантиаты Анатолийы текстæн? Зæгъут: цæмæн?

5. Ссарут тексты æнæзонгæ дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ æмæ сын бацамонут сæ нысаниуæг.

6. Бацамонут тексты банысангонд дзырдтæ *(тексты мыхуыргонд цæуынц курсивæй).*

7. Хицæн дзырдтæм ссарут тексты: а) синонимтæ *(хъæу, сфæлдисын, скульптурæ, ацæргæ);* б) антонимтæ *(егъау, амæлын, хъæууон, фæзынын)* æмæ сын сæ фæлгъуызтæ бацамонут.

8. Ссарут тексты дыууæ дзырды – æмнысанон æмæ бирæнысанон æмæ сын раргом кæнут сæ нысаниуæг (пайда кæнут ирон æвзаджы дзырдуатæй).

9. Зæгъут, тексты ис ахæсгæ нысаниуæг кæмæн ис ахæм дзырдтæ кæнæ стилистикон æгъдауæй ахуырст дзырдтæ? Ссарут сæ тексты æмæ сбæлвырд кæнут: цавæр функционалон нысаниуæг ис уыдонæн ацы тексты?

10. Текстæй рахицæн кæнут æрбайсгæ дзырдтæ, архаизмтæ, диалектон æмæ профессионалон дзырдтæ, фразеологион дзырдбæстытæ, бацамонут сын сæ нысаниуæг.

11. Саразут текстæн пълан, уымæ гæсгæ йæ хи ныхæстæй дзурынмæ бацæттæ кæнут.

Пълан.
1. Хæдбындур курдиат.
2. Сослæнбеджы цыртдзæвæнтæ.
3. Скульптурон галерей гом арвы бын.
4. Тымбыл скульптурæ.
5. Къустæ, лæдзджытæ, нуазæнтæ.
6. Адæмон сфæлдыстады æнæфæхицæнгæнгæ хай.

12. Ахуыргæнæг хъуамæ ахæм урочы радих кæна рæстæг тексты орфограммæтæ æмæ пунктограммæтæ равзарынæн: ахуырдзаутæ сæ кусæн тетрæдтæм рафысдзысты текстæн йæ II абзац æмæ дзы бацамондзысты æмæ бахахх кæндзысты орфограммæтæ æмæ пунктограммæ.

Урочы кæрон скъоладзаутæ сæ куысты тетрæдтæ раттынц ахуыргæнæгмæ, цæмæй уый иннæ æвзаджы урокмæ сбæлвырд кæна, куыд раст æрцыдысты тексты бындурыл конд æвзæрстытæ æмæ сын сæвæра æмбæлгæ бæрæггæнæнтæ.

Хæдзармæ куыст: ныффыссын бархийæ цыбыр нывæцæн – миниатюрæ ахæм темæтыл: *«Едзиты Сослæнбег – зындгонд ирон скульптор», «Цавæр хъуыдытæ бавæрдта йæ цыртдзæвæнты Едзион?», «Едзионы къухтæй конд къусты æмæ лæдзджыты сусæгдзинæдтæ», «Чи уыд Хурхоры къуылдымы амæддаг?», «Куыд æмбарын æз Едзиты Сослæнбеджы Лæгты дзуар Уастырджийы сурæты мидис?», «Цæмæй мын у зынаргъ Едзиты Сослæнбеджы аивад?»*

НÆ НÆМДЗЫД АХУЫРГÆНДТÆ

ТОХСЫРТЫ Къоста

ДОХТЫР, ПРОФЕССОР, ХОРЗ АДÆЙМАГ

Æвзонджы зæрдæ тæхгæ маргъæй уæлдай нæу. Кæм нæ балæууы, цы хохы цъуппæй нæ ракæсы, ахæм нæй. Фæлæ Хуытиты Цæра йæ фæнд никуы аивта.

Цæвиттон, йæ мад Надя бон дæр æмæ æхсæв дæр уымæ куывта, цæмæй йæ лæппу дохтыр суыдаид. Канд ныййарæг нæ уыд Цæрайы бæллицты цæхæр агайæг. Йæхи дæр куыд нæ фæндыд дохтыр суæвын, рынчынты тыхст æнкъарын, сæ рынтæ сафын. Æвзонг лæппу æмбæрста, йæ нысан æрмæстдæр зонындзинæдты руаджы къухы кæй бафтдзæн, уый.

Фæсхæст адæм кæм хæринагхъуаг æййæфтой, кæм уæлæдарæсыл тыхстысты. Фæлæ-иу алы райсом дæр Цæра, йæ чингуытæ йæ дæлармы, афтæмæй фæцæйтахт Къостайыхъæуы астæуккаг скъоламæ.

– Æнцон нæ уыд ахуыр кæнын, – æрымысыд Цæра, – нæ фаг кодтой чингуытæ, тетрæдтæ, ручкæтæ. Фылдæр хатт-иу скъоладзаутæ æддаг уæлæдарæсы бадтысты уазал кълæсты. Тыхст ныхас никæмæй фехъуыстаис. Алчидæр тырныдта ахуырмæ, зындзинæдтыл хъуыды дæр ничи кодта. Абон дæр ма мæ зæрдыл лæууынц мæ фыццаг ахуыргæнæг Боциты Татьянæ, скъолайы директор Багаты Вадим, ахуыры хайы сæргъæлæууæг Золойты Барис, ахуыргæнджытæ Мамиаты Иван, Саутæты Азæ æмæ Саутæты Заремæ.

Ахуыргæнджытæй канд зонындзинæдтæ нæ иста. Æвзонг læппу ахуыр кодта сæ удыхъæды хорз миниуджытыл. Кæстæрæй-хистæрмæ хъæубæсты никæй хъыджы бацыд, адæммæ цы зæрдæ дары, уый та сывæллоны бонты рабæрæг. Скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд йæ хуыздæр æмбæлттæ уыдысты Дзапарты Елхъан æмæ Цыбырты Мурат. Уæлдай тынгдæр та балымæн фидæны зындгонд нывгæнæг, сæхи хъæуккаг Хетæггаты Хъазыбегимæ. Уæвгæ дзы уый афæдз хистæр уыд. Ацы кар та се ‘хсæн зынгæ дæр нæ кодта. Дыууæ læппуйы кæрæдзийæ атонын нæ куымдтой. Куы-иу Хетæггатæм уыдысты, куы – Хуытитæм. Уæрст сын ницы уыд. Хъазыбег фыццагдæр цы нывтæ скодта, уыдонæй иу уыд Цæрайы сурæт.

Дыууæ ‘мбалы æфсадæй куы сыздæхтысты, уæд сæ алчидæр ацыд йæ бæллицты фæдыл. Хъазыбег ссис Ленинграды И.Е. Репины номыл нывкæнынады, скульптурæйы, архитектурæйы институты студент, Цæра та 1959 азы фæлварæнтæ læвæрдта Цæгат Ирыстоны паддзахадон медицинон институтмæ. Фæстæдæр конкурсы чи ацыд, уыдоны номхыгъды йæ мыггаг куы нæ разынд, уæд йе уæнгтæ куыд нæ æрызгъæлдысты. Фæлæ йæ фæнд нæ аивта. Ноджы ныфсджындæрæй æрлæууыд йæ равзæрст фæндагыл.

– Ау, рагæй дæр мæ зæрдæйы цы арт судзы, уый æрмынæг уыдзæн? Мæ мады фæндон куы нæ сæххæст кæнон, уæд мæ цард цы у? – фидарæй загъта læппу.

Ахæм мидхъуырдухæнты бирæ бонтæ, æнæхуыссæг æхсæвтæ арвыста. Стæй бавдæлд, æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты бæрæгуатæй рафыста, медицинон институттæ кæм уыдис, бæстæйы уыцы горæтты нæмттæ. Фидарæй йæхицæн загъта, æз ахуыр кæндзынæн Самарканды медицинон институты, зæгъгæ.

Фæлæ фыд æмæ мад, æфсымæртæ æмæ хотæ æмхуызонæй æрлæууыдысты йæ фæндагыл. Нæ сæ фæндыд, æнæзонгæ бæстæйы рахау-бахау кæна, уый.

Адæм хорз сты. Цæра Бакуйæ браны куы фæцæйцыд, уæд фæзонгæ алагираг læппу Козаты Георгиимæ. Фæстæдæр куыд базыдта, афтæмæй уый ахуыр кодта кооперативон институты цыппæрæм курсы. Самарканды куы рахызтысты, уæд ма йæ Козайы-фырт базонгæ кодта ирон læппутимæ. Уæлдай æхсызгондæр та йын уыдис сæхи хъæуккаг, хойраджы техникумы студент Дзапарты Амырханы фенд. Цæра læппутæн йæ

хабæрттæ куы фæкодта, уæд ын загътой, цæмæй уал куысты ныллæууа. Цалынмæ æрбынæттон, уæдмæ та йæ æмдзæрæнæй нæ рауагътой.

Цалдæр боны фæстæ Цæра бетонгæнæгæй кусын райдыдта арæзтадон организацийы, изæрæй та ахуыр кодта изæрон скъолайы дæсæм къласы. Æнцон кæм уыдис кусын æмæ уыцы иу рæстæг ахуыр кæнын дæр.

1960 азы лæппу йæ гæххæттытæ балæвæрдта Самарканды паддзахадон медицинон институтмæ. Фæлварæнтæ æнтыстджынæй радта, æмæ æнхъæлмæ каст конкурсы бæрæггæнæнтæм. Цалдæр боны фæстæ йæ ном, институтмæ чи бахауд, уыдоны номхыгъды куы федта, уæд ма йæ цинæн кæрон кæм уыд. Уайтагъд, Хуытитæ рагæй кæмæ æнхъæлмæ кастысты, ахæм тел атахт Къостайыхъæумæ.

Хорз хъуыддагæн алы хатт дæр йæ райдайæн зын вæйиы. Ахуыры аз куы райдыдта, уæд Цæра сæмбæлд ног зындзинæдтыл.

– Ахæм уавæрты мæ сæвæрдтой, æмæ нæ стипенди уыд, нæ – æмдзæрæн, – загъта уый. – Фæразын та хъуыд. Æмæ, кæм куыстон, уыцы организацийы æмдзæрæны мæ ныууагътой.

Студент кæддæриддæр фæкæсинаг вæйиы. Канд Цæрайæн нæ, фæлæ Самарканды чи ахуыр кодта, Ирыстонæй æрцæуæг ахæм лæппутæн хорз æххуыс кодтой, ам чи цард, ахæм ирæттæ: Социалистон Фæллойы Хъæбатыр, СЦКП-йы XXII съезды делегат Цхуырбаты Григори, таксомоторон парчы кусæг Бесолты Вадим, базарадон кусджытæ Мырзаганты Тамир, Фидараты Сослан æмæ иннæтæ.

Ахуыры азтæ куыд атахтысты, уый Цæра зонгæ дæр нæ бакодта, 1966 азы каст фæци институт, æмæ йæ арвыстой Термезы районы поселок Ангормæ – районы центрон клиникон рынчындоны хирургæй. Иунæгæй нæ. Йемæ уыдис йæ цардæмбал Тамарæ Кимягорова дæр. Æртыккаг курсы ма куы ахуыр кодтой, уæд баиу кодтой сæ цард.

Дыууæ къайыл уайтагъд районы цæрджытæ сæ цæст æрæвæрдтой. Хуытийы-фырты хъæппæрисæй хирургон хайады байгом тугуадзæн пункт, туг дæргъвæтин рæстæг æфснайд кæм цыд, ахæм бынат дæр. Æрыгон хирург дзæбæх кодта ахсæны, тъæнгты, мисындзæджы, игæры, масты дзæкъулы низтæ. Бирæты фервæзын кодта мæлæты дзæмбытæй.

Уæдæ йæ къай Тамарæ дæр куысты фæллад нæ зыдта. Уыди

рынчындоны инфекцион хайады хицау. Фылдæр хатт-иу районы цæрджыты дзæбæх кæнын бахъуыд тъæнгты низæй. Ахæм низтæ адæмыл цæмæй нæ хæцыдаиккой, уый тыххæй та хъуыди профилактикон мадзæлттæ кæнын, æмæ уыдон дæр æххæстгонд цыдысты Тамарæ Кимягоровайы æххуысæй.

Иуныхасæй, Цæра æмæ Тамарæ узбекæгтæн ахæм уарзон фесты, æмæ сæ алы хъуыддагыл дæр æууæндыдысты. Облæсты æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрæй Хуытийы-фырт хуынды гæххæтт куы райста специализацимæ ацæуыны тыххæй, уæд рынчындоны хирургон хайады хицау Эждавлят Васитов архайдта, цæмæй Цæра йæ куысты баззадаид.

Кæд зын уыдис уарзон коллективæй фæхицæн уæвын, уæддæр дыууæ азы хирургæй бакусыны фæстæ 1968 азы Хуытийы-фырт специализацимæ æрвыст æрцыд Мæскуыйы дохтырты дæсныйад уæлдæргæнæн центрон институты фыццæгæм хирургон клиникæмæ. Ам рабæрæг фидæны ахуыргонды наукон курдиат. Хъуыддаг та æнæнхъæлæджы рауад.

Цæвиттон, Цæра, специализацийы уæвгæйæ, ныффыста дыууæ уацы: «Фимоз – как причина возникновения камней в мочевом пузыре у детей» æмæ «Ущемление тонкой кишки во врожденном отверстии брыжейки».

Ацы уацтæ клиникæйы сæргълæууæг, медицинон наукæты доктор, профессор Борис Розанов куы бакаст, уæд бафиппайдта, зæгъгæ, иуæй-иу хатдзæгтæ, дам, ныронг литературæйы зындгонд не сты. Фæстæдæр Цæрайы наукон куыстытимæ сывæллæтты хирургийы кафедрæйы хицау Станислав Долецкий дæр куы базонгæ, уæд сын стыр аргъ скодта. Хъуамæ, дам, дыууæ уацы дæр, æнæмæнгæй, центрон мыхуыры рацæуой. Хуытийы-фыртæн зæрдæ бавæрдта, аспирантурæмæ йæ кæй райсдзысты, уымæй. Æрмæст, дам, Узбекты ССР-йы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрадæй гæххæтт хъæудзæн.

Уæд аспирантурæмæ гæххæтт райсын бирæты къухы не ‘фтыд. Хуытиты Цæрайы та республикæйы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады зыдтой дæсны хирургæй. Дыууæ нæ загътой йæ курдиатыл. 1971 азы æнтыстджынæй фæлварæнтæ радта, ссис Мæскуыйы дохтырты зонындзинæдтæ уæлдæргæнæн институты хирургийы дыккæгæм кафедрæйы аспирант. Йæ наукон разамонæг уыдис медицинон наукæты доктор, профессор Тимофей Макаренко.

Ам дæр Хуытийы-фырт йæхи равдыста зæрдæргъæвдæй. Аспирантурæ каст фæцис æмгъуыдæй æхсæз мæйы раздæр. Цæттæ кодта наукон куыст медицинон наукæты кандидаты ном бахъахъхъæныны тыххæй ахæм темæйыл: «Функциональная динамическая сцинтиграфия печени и желчных путей хирургии».

Ивгъуыд æнусы æвдайæм азты райдайæны диагностикæ схызтис уæлдæр къæпхæнмæ. Уæд институт америкаг горæт Чикагойæ райста, адæймаджы низтæ æнцонæй чи бæрæг кодта, ахæм аппарат. Мæскуыйы, Ленинграды, Киевы фæзындысты фыццаг, иннæ горæтты нæма уыдысты. Цæра сбæрæг кодта, рынчынты низтæ америкаг аппаратæй куыд æвзарын хъæуы, уый. Телевизион экраныл-иу фæзынд низы тыххæй бæлвырд диагноз, ома, операци кæнын хъæуы, нæ хъæуы, уыдæтты тыххæй бæстон бæрæггæнæнтæ. Фæстæдæр Хуытиты Цæра æнтыстджынæй бахъахъхъæдта йæ диссертаци, ссис медицинон наукæты кандидат.

Фыццаг бонтæй фæстæмæ æрмæг æмбырд кæнын райдыдта докторы диссертацийæн. Республикæйы рынчындæтты уæвгæйæ, рахатыдта иу хъуыддаг. Адæм фылдæр рынчын кодтой ракæй, сафронæй. Адæймажы буар-иу сбур æппæтæй дæр, игæр барæсыд, арæх-иу ыл уæлдай фыд дæр æрзад.

Ай цы хабар уа, зæгъгæ, Цæра дисы бацыд. Йæхимæ хæс райста низыхатт сбæлвырд кæнын.

– Хъуыддаг афтæ уыд, æмæ уæды рæстæджы маргджын химикаттæ æнæхъуаджы бирæ хастой мæрмæ, – загъта Хуытийы-фырт. – Ахæм мадзалæй бæмбæг тагъддæр цæттæ кодта, тыллæг фылдæр уыд. Химион фæрæзтæ æнæбæлвырд амынддзинæдтæй хаст цыдысты сæнæфсиры, дыргъты цæхæрадæттæм, уæлдайдæр халсары хуымтæм.

Мæр чъизи кæй уыд, халсартæ, дыргътæ хæргæйæ, адæймаджы хуылфыдзаумæттæм – ахсæнмæ, тъæнгтæм – улæфæнтæй маргхæццæ буаргъæдтæ кæй хæццæ кодтой, уый тыххæй-иу бирæ адæм æруатон сты.

Ацы уавæр æрыгон ахуыргонды æнцой нæ уагъта. Йæ куыст скодта, гербицидтæ, æндæр химион препараттæ цы зиан хæссынц, уый бæлвырд сахуыр кæнын. Фæстæдæр ныффыста диссертаци «Первичный рак печени в регионах интенсивного и длительного применения пестицидов».

Хъыгагæн, ахуыргонды иртасæнтæ республикæйы уæды рæстæджы хицаудзинады оргæнтæ хъуыды дæр не ‘ркодтой.

Сæ мæт æмæ сæ сагъæс уыдис зæххæй æрмæстдæр фылдæр пайда райсыныл, кусæг адæмыл та чи хъуыды кодта! Наукон куыст æрцыд æхгæд. Æгæр-мæгуыр мыхуыргонд дæр не ‘рцыд, пайда дзы кодтой иуæй-иу рæтты, æмæ уый дæр сусæгæй.

Уæддæр Хуытиты Цæра йæ размæ цы хæс æрæвæрдта, уый æрдæгыл нæ ныууагъта. Диссертацийыл куыст цыдис дарддæр. Фыццагдæр уал сбæрæг кодта, уæлдæр амынд низтæй Бухарайы, Сухандарьинскы, Самарканды облæстты алыхуызон химикаттæй пайда кæнын куы нæма райдыдтой, уæд цас рынчынтæ уыд, уый. Уæдæ 1950–1989 азты чи æруатон, уыдоны хъысмæт дæр дзы нæ ферох. Архивты фæфæлдæхта низты историтæ. Уымæй уæлдай йæ цæст фæдардта 1200 рынчынмæ. Се ‘мбис уыдысты, Цæра йæхæдæг кæй дзæбæх кодта, ахæмтæ.

Ахуыргонды къухы бирæ æрмæг бафтыд æрæмбырд кæнын. Цы æрмæг сахуыр кодта, уый та дисы æфтауы алкæй дæр. Зæгъæм, кæд Бухарайы, Сухандарьинскы, Самарканды облæстты алы 100 мин адæймагæй дæр 1950 азы фæрынчын 59,3 адæймаджы, уæд 1989 азы та онкологион низты азарæй чи æруатон, уыдон къорд хатты фæфылдæр сты.

Ацы уавæр тыхсын кодта Хуытиты ахуыргонды. Фæдисы дзæнгæрджытæ цæгъдын райдыдта. Республикæйы хицаудзинады оргæнтæй куырдта, цæмæй химион фæрæзтæй хъæууон хæдзарады пайдагонд цæуа бæлвырд агротехникон амынддзинæдтæм гæсгæ. Докторон диссертацийыл та куыст иу бон дæр не ‘нцад. Гауыз алыхуызон хæлттæй куыд уафай, афтæ Цæра дæр мургай нывæста йæ хъуыдытæ. Диссертацийы темæ уыдис ахæм: «Клинико-экспериментальная работа о роли химикатов по возникновению рака и предракового заболевания печени».

Ахæм бындурон куыст фыдхъæдджын низты тыххæй уæды онг нæма уыд канд Советон Цæдисы нæ, фæлæ фæсарæнты дæр. Хуытиты Цæра йæ дæс азы фæллой хъахъхъæдта Мæскуыйы Æппæтцæдисон онкологион-наукон центры. Бæстæйы зындгонд онкологтæ лæмбынæг хъуыстой Цæрайы ног хъуыдытæм, иртасæнтæм, бæлвырд хатдзæгтæм.

Мæнæ куыд загъта Хуытиты Цæрайы официалон ныхмæлæууæг, Ташкенты медицинон институты дохтырты дæсныйад уæлдæргæнæн институты уæды ректор, медицинон наукæты доктор, профессор Акрам Фазылов, диссертаци хъахъхъæд куы

цыдис, уæд: «Диссертант цы хатдзæгтæ скодта, цы практикон амынддзинæдтæ дæтты, уыдон æз рахæсдзынæн нæ республикæйы Президенты Советмæ. Канд махæн не сты ахсджиаг, фæлæ, бæмбæг чи тауы, уыцы æппæт республикæтæн дæр, æнæмæнг, пайда æрхæсдзысты».

Ирон ахуыргонды наукон фæллой ахъæр фæсарæнтæм дæр. Фыццагдæр æм сæ хъус æрдардтой немыцаг онкологтæ. 1990 азы Хуытиты Цæра фыстæг райста Пестицидты химийы æппæтдунеон конгрессæй. Зæрдиагæй куырдтой, цæмæй сæм Цæра фехъусын кæна йæ иртасæнты тыххæй. Фæстæдæр уыдон тезистæй мыхуыргонд æрцыдысты конгрессы æрмæджыты.

Ацы фыстæг та ахуыргонд Англисæй райста. «Маргджын химикатты ногдзинæдтæ», зæгъгæ, ахæм журналы редактор Давид Буфин фыссы:

«Доктор Хуытийы-фырт.

Англисы алфамбылай æрдзы æхсæнады дисы бафтыдта дæ куыст. Стыр бузныг дæ фæуыдзыстæм, цы хъуыддагыл архайыс, уый тыххæй нæм фылдæр æрмæг куы ‘рбарвитис, уæд. Мах æй стыр æхсызгонæй ныммыхуыр кæндзыстæм нæ журналы».

Афтæ Давид Буфины хъæппæрисæй англисаг журналы мыхуыргонд æрцыд ирон ахуыргонды уац «Проблемы применения пестицидов и связанные с этим многочисленные трудноизлечимые и неизлечимые заболевания».

Хуытиты Цæрайы зонынц бирæ фæсарæйнаг бæстæты. Йæ наукон иртасæнтæ мыхуыргонд æрцыдысты дунеон конгресстæ æмæ съездты æрмæджыты, Нью-Йорчы, Парижы, Дубай æмæ Хуссар Африкæйаг бæстæты журналты.

Ныртæккæ ахуыргонд дарддæр кусы онкологион низтæ адæймаджы организмы куыд фæзынынц, æмæ уыдон афоныл профилактикæ кæныныл. Ацы хатт узбекистайнаг æрмæгæй нæ пайда кæны йæ иртасæнты. 1992 азы ссыди йæ райгуырæн бæстæмæ, æмæ уæдæй фæстæмæ факультетон хирургийы сæргълæууæгæй куыста Республикон клиникон рынчындоны. Фæстаг азты та у Цæгат Ирыстоны паддзахадон медицинон академийы хирургийы кафедрæйы профессор. Ныр йæ авналæнтæ фæуæрæхдæр сты. Цы хъуыддагыл архайы, уый Ирыстоны дæр у ахсджиаг, абон нæ чи хъæуы, ахæм. Республикæ Узбекистаны хуызæн, махмæ дæр хуыздæр уавæртæ нæй рак, æндæр æгъатыр низтæй нæхи бахизынæн.

– Уæлдай арæхдæр нæм фæзынынц ахсæны, рæуджыты, тъæнгты хирургион æмæ онкологион низтæ, – загъта Цæра. – Ацы низтæ та хойраджы продукттæй цæуынц. Цас æмбæлы, уымæй фылдæр сæ химион иугæндтæ кæй вæйиы, уый аххосæй. Уæлдайдæр ныртæккæ Ирыстонмæ алыхуызон хæринæгтæ, тамако, насвай, энергетикон нуазинæгтæ ласынц æндæр бæстæтæй. Низ куы фæзыны æмæ афоныл бæрæггонд куы не ‘рцæуы, уæд йæ ныхмæ тынг зын тохгæнæн у. Низ куы стыхджын вæйиы, ахæм заман та дохтырты къухы сдзæбæх кæнын нал бафты иуæй-иу рынчынты. Уымæ гæсгæ ныртæккæ стыр ахадындзинад ис профилактикон куыстæн. Хъуамæ дохтыртæ медицинон зонындзинæдтæ хæццæ кæной уæрæх дзыллæтæм. Уадзын хъæуы алыхуызон ахуырадон-методикон амынддзинæдтæ, мыхуырон æндæр фæрæзтæ, видеокинонывтæ дæр.

Ацы хъæугæ архайдмæ аккаг æвæрæн хæссынц профессор Хуытиты Цæра æмæ медицинон академийы иумæйаг хирургийы кафедрæйы сæргъæлæууæг Беслехъоты Уырызмæг. Цы скринингон программæ арæзт æрцыд, уый фæлгæты æнæнизты æхсæн арæх бæрæг кæнынц рынчынты, цæмæй афоныл сæ низтæ дзæбæх кæнын уа æнцондæрæй.

– Мæ хæсыл нымайын нæхи адæмæн æххуыс кæнын, – йæ ныхас дарддæр кæны Цæра. – Цæмæй куыст цæуа ацы хъуыддаджы, уый тыххæй иугæйттæй æмæ дыгæйттæй ницы сараздзынæ. Фыццаджыдæр нæм хъуамæ арæзт æрцæуа «Цæгат Ирыстоны цæрджыты æнæниз кæныны æмæ йæ æххæст кæныны программæ». Фæлæ йыл кæд медицинон æхсæнады дæргъвæтин рæстæг ныхас цæуы, уæддæр ахæм программæ саразыныл хъæддыхæй ничи архайы.

Хуытиты Цæра медицинон академийы иумæйаг хирургийы кафедрæйы у, дохтыры арфæйаг дæсныйад чи равзæрста, уыдонæн сæ хуыздæр зондамонæг. Æдзухдæр йæ мидисджын лекцитæм, практикон ахуыртæм зæрдиагæй фенхъæлмæ кæсынц цыппæрæмæй фæстæмæ иннæ курсыты студенттæ.

Раздæры зæрдæргъæвд аспиранттæ Тохсырты Аслан, Гæлуаты Руслан, Реуазты Егор æмæ иннæтæ – æдæппæт 14 адæймаджы – Хуытиты Цæрайы разамындæй æнтыстджынæй бахъахъхъæдтой медицион наукæты кандидаты ном, Куындыхаты Элинæ æмæ Моргуаты Аслан та систы медицинон наукæты доктортæ. Ныртæккæ уыдон хирургтæй кусынц Мæскуыйы, нæ

республикæйы клиникон рынчындæтты æмæ Беслæны медицинон центры.

Хистæр æмбæлтты фæстæ абон ныфсджын къахдзæфтæ кæнынц æхсæзæм курсы студенттæ Боситы Аланæ, Зассеты Мæдинæ, Годзойты Алинæ æмæ иннæтæ дæр. Кандидатон диссертацитæ фыссынц, æмæ Хуытиты профессор æдзухдæр вæйиы сæ хуыздæр æххуысгæнæг.

Фарон, 2016 азы, нæ республикæйы хицауад Цæгат Ирыстоны Паддзахадон медицинон академийы хирургион низты кафедрæйы сæргъæууæг профессор Хуытиты Цæрайæн йæ удуæлдай æмæ профессионалон куысты тыххæй саккаг кодтой «РЦИ-Аланийы сгуыхт дохтыр»-ы кадджын ном.

Фæлæ адæм Хуытийы-фыртæн канд хорз дохтыры тыххæй аргъ нæ кæнынц. Чи йæ зоны, уыдонæй уын алчидæр фæдзурдзæн йæ удыхъæды хорз миниуджыты фæдыл. Сабырзонд, хиуылхæцгæ, искæй тыхст чи æмбары, ахæм хуымæтæг адæймаг. Æдзухдæр рынчынтимæ фæныхас кæны зæрдæйæ-зæрдæмæ. Хæстæджытæ æмæ къабæзтыл та йæхицæй æнувыддæр ничи у. Циндзинад кæнæ йæм æндæр хъуыддаджы фæдыл куы фæдзурынц, уæд йæ хæдзары хъуыддæгтæ ныууадзы. Уæдæ бинонты сæргъы ис, æмæ хистæры ныхасыл дыууæ ничи фæзæгъы. Хуытиты кæстæртæ æдæрсгæ цæуынц ныййарджыты равзæрст фæндагыл. Хистæр зæнæг Руслан у Республикон венерологион низтæ дзæбæхгæнæн диспансеры дохтыр, Сардион кусы Æфсæддон госпиталы, Надеждæ та – Октябрыхъæуы стоматологион поликлиникæйы, у медицинон наукæты кандидат.

Кæддæр Надя бæллыд, Цæра дохтыр куы суыдаид, уымæ. Ныр Хуытиты хæдзары æхсæз дохтыры ис. Сардионы бинойнаг – Цогойты Иринæ дæр ацы дæсныйадыл кусы, у медицинон наукæты кандидат. Иу ныхасæй, ныййарæг мад йæ зæрдæйы хорзæх мæрдтæм нæ ахаста. Уæлæуыл ис, æмæ дзы бинонты фарн азæй-азмæ тыхджындæр кæны.

АДÆМЫ ЗНÆГТÆ ХÆЛДТОЙ АХУЫРАДОН-ИРТАСÆГ ИНСТИТУТЫ КУЫСТ

Цæгат Ирыстонæй АСС Республикæ арæзт кæй æрцыдис, уымæ гæсгæ ахуырадон-иртасæг институты размæ лæууын байдыдта бирæ стырдæр домæнтæ.

Республикæйы хъæуы ахуырадон кадртæ социалистон арæзтады æппæт къабæзтæн дæр. Уыцы кадртæ цæдтæ кæныны ахсджиаг хай хауы Цæгат Ирыстоны ахуырадон-иртасæг институтмæ дæр. Гъе, уымæ гæсгæ нæ Республикæйы организацитæ хъуамæ се ‘ргом уæлдай тынгдæр радтаиккой ахуырадон-иртасæг институтæн æххуыс кæнынмæ, дæсны ахуырадон кусджытæ цæдтæгæнынхъом куыд уа, афтæ.

Институт кусын куы байдыдта, уæдæй нырмæ нæма радта иунæг дæсны специалист дæр, диссертаци чи радта, ахæм, кæд аспирантурæйы 60 адæймаджы бæрц ахуыр кодта, уæддæр.

Цæмæн афтæ у хъуыдтаг? Уымæн æмæ институт не ‘ххæст кæны, йæ размæ цы стыр хæстæ æвæрд ис, ахуырадон кадртæ цæдтæ кæныны хъуыдтаджы, уыдон. Уымæн та йæ сæйрагдæр аххос уый у, æмæ бирæ рæстæджы институты сæргъы лæууыдысты, ныртæгкæ æргомгонд чи æрцыдис, уыцы буржуазон националисттæ, дыдзæсгæмттæ. Уыцы хъуыдтагмæ иу цасдæр рæстæг сæ цæст нæ дардтой ÆК(б)П-йы обком æмæ горком, стæй ахуырады хайад. Æмæ йын æнæ афтæ уæвгæ дæр нæ уыдис, уымæн æмæ ÆК(б)П-йы обкомы сæргъы лæууыдысты буржуазон националисттæ æмæ, æрæджы æргомгонд чи æрцыдис, уыцы дыдзæсгом Маурер.

Сæрмагондæй зæгъын хъæуы, ÆК(б)П-йы обкомы секретар чи уыдис, уый – Маурер ахуырадон-иртасæг институты куыстæн «разамынд» куыд лæвæрдта, уый тыххæй. Уый сæрæй бынмæ

* Уацты стиль æмæ растфыссынадмæ æвнæлд не ‘рцыд.

хæцыдис, институты куыст бынтон æдзæллагмæ чи æртардта, йæ æнагкаг митæ институты чи кодта, уыцы Барахъты Еленæйы фарс.

ÆК(б)П-йы ЦК-йы феврал-мартъийы Пленумы æмбал Сталин цы историон доклад скодта, уый институты мидæг куыстгонд куы цыдис, уæд дзы рапарахат ис карз критикæ æмæ хикритикæ æмæ æргомгонд æрцыдысты институты куысты стыр хъæнтæ. Партион организаци йæ уынаффæты ныффыста, Барахъты Еленæ раст фæндагыл кæй нæ лæууыдис æрыгон ахуырадон кадртæ цæдтæ кæныны хъуыдтаджы, уый. Барахъты Еленæ институтæй сырдта, аспирантурæ фæуды фæстæ институтæн йæхи мидæг куысты чи баззадис, уыцы æрыгон специалистты. Уый институтæй сæ куыстæй систа Хадайы-фырты, Хъулы-фырты æмæ Бигъуылайы-фырты, ома, «нæ арæхсынц», зæгъгæ. Бигъуылайы-фырт æбпæрст куы æрцыдис институтæй, уæд уый фæстæ та Барахъты Еленæ йемæ сарæзта бадзырд, ахуырадон куыст цæмæй ныффысса, уый тыххæй. ÆК(б)П-йы уæнг Хадайы-фырт институтæй æбпæрст куы æрцыдис, уæд уый фæстæ та æрбахуыдта, аспирантурæ каст чи нæ фæцис, стæй кулак бинонтæй равзæргæ чи у, ахæмы – Карсаны-фырты. Дарддæр уый дыгкаг курсæй абпæрста 2 аспиранты, фаг цæдтæ не сты, зæгъгæ.

УСФСР-йы Наркомпрос аивта институты дирекцийы уынаффæ аспирантты ацух кæныны тыххæй.

Рауагъдады куысты пъланæй институт æбпындæр ницы сæххæст кодта, уый, ахуырадон кусджытæй хъуаг кæй у, уый тыххæй мыййаг нæу, стæй йæ ома ахуырадон продукци нæ хъæуы, зæгъгæ, уый тыххæй дæр нæу, фæлæ уымæн, æмæ партион организаци, стæй институты ахуырады хайад куырм æууæнд кодтой институты директорыл æмæ нæ бæрæг кодтой, институты ахуырады пълан куыд æххæстгонд цæуы, уый, къæрцхъусджын нæ уыдысты æмæ нæ уыдтой, уый йæ сæйрагдæр хæсæн йæ лæг, буржуазон националисты сæрыл хæцын кæй æрæвæрдта, уый.

Партион организаци раргом кодта дыдзæсгом Барахъты Еленæйы цæсгом. Уый æбпæрст æрцыдис ÆК(б)П-йы рæнхъытæй æмæ фарста æвæрд æрцыдис партийы горкомы размæ, куыстæй йæ сисыны тыххæй. Фæлæ горком уыцы хъуыдтаг ныддæргъвæтин кодта æмæ Барахъты Еленæйы партийæ абпарыны тыххæй уынаффæ сфидар кодта æрмæстдæр 17 боны фæстæ æмæ та уæддæр иу

ныхас дæр не скодта горком уый йæ куыстæй сисыны тыххæй.

Институты ахуырадон кусджытæ æмæ аспиранттæ фарста æвæрдтой партион организацийы размæ: «Барахъты Еленæ ныры онг цæмæн ис институты сæргъы», æмæ домдтой, цæмæй уыцы куыстæй æвæстиатæй ист æрцыдаид. Фæлæ кæм. Барахъты Еленæ йæ фæдфæливæн митæ кæнын байдыдта – ÆК(б)П-йы рæнхъытæй æбпæрст куыддæр æрцыдис, афтæ сæрмагонд писмо ныффыста партийы обкомы уæды секретар Маурермæ, æмæ йын уый йæ фæдфæливæн митæн æххуыс кодта, йæ хъуыдтаг ын барæй фæстæмæ-фæстæмæ хаста.

Барахъты Еленæ дыдзæсгом Маурермæ цы дыууæ писмойы ныффыста, уыдон бæлвырд амонынц Еленæйы цæсгом, куыд подхалим, æбпæлой æмæ дыдзæсгом. 1937 азы 2-æм февралы уый фыста Маурермæ:

«Генрих Владиславы фырт!

...Ænæхæдзардзин хъуыдтæгтæ æмæ æдзæллагдзинæдтæ ис музейы... мæ партион хæсыл нымайын дæуæн уыдоны тыххæй фехъусын кæнын...»

Диссаг у, музейы хъуагдзинæдты тыххæй Барахъты Еленæ музейæн йæхи партион организациимæ, кæнæ музейы директоримæ кæй никуы дзырдта, уый. Уый дзырдта, зæгъгæ, æз «мæ партион хæсыл нымайын музейы хъуагдзинæдты тыххæй дзурын», фæлæ йæ партион хæсыл нæ нымадта партион организацийæн йæ лæг Барахъты Гинойы контрреволюцион куыст æмæ буржуазон-националистон элементтимæ йæ бастдзинæдтæ сæргом кæнын, баххуыс кæнын институты куысты хъуагдзинæдтæ сæргом кæнынæн æмæ сæ сраст кæнын.

Барахъты Еленæ Мауреры номыл цы дыгкаг писмо ныффыста, уый дзаг у гæды æмæ æбпæлой ныхæстæй.

Уый фыссы: «...æз сцалцæг кодтон институты агъуыстытæ, аспирантурæмæ райстон ахуыргæнинæгтæ, сарæзтон ахуыргæнæн пълантæ æмæ программæтæ.

Æз мæхæдæг фæкуыстон библиотекæйы, æгъдауыл сæвæрдтон скълад» æмæ æндæртæ. Æмæ йæ писмойы кæроны Маурерæй куры: «...мæн тынг фæнды, цæмæй нæм ды исгуы æрбакæсай». Дарддæр Еленæ йæ писмойы фыста: «Зонын, Генрих Владиславы фырт, бирæ куыстытæ дын кæй ис æмæ дæ мæ даргъ писмотæ кæсынмæ кæй не ‘вдæлы, уый. Хадтæй-хадт мæ

демæ фембæлын фæфæнды, кæнæ та дæм ныффыссын фæхъæуы, ахуырадон-иртасæг институты куыстимæ дæ цæмæй зонгæ кæнон, уый тыххæй». Гъе, ахæм сайæн методтæй Барахъты Еленæ архайдта Мауреры æххуысæй хъуыдтаг афтæ равдисыныл, цыма институты хъуыдтæгтæ хорз сты, уыйау, стæй архайдта облæсты организациты иуæй-иу кусджыты цæсты йæхицæн кад скæныныл.

Дыдзæсгом Маурер æнæмæнг зыдта, институты хъуыдтæгтæ æвзæр кæй сты æмæ Барахъты Еленæйы писмойы æцæгдзинадæй кæй ницы ис, уый, фæлæ уæддæр ницы дзырдта, уымæн æмæ йæхи дæр ахæм подхалимтæ æмæ æбпæлойтæ хъуыдис. Маурер архайдта, цæмæй Барахъты Еленæ баззадаид институты сæргъы.

Уыцы хъуыдтæгты фæдыл Мауреримæ ныхас кодта институты парторг, фæлæ дзы ницы рауадис. Ацы аз 9-æм июны институты парторг Маурермæ куы бацыдис институты хъуыдтæгты фæдыл, уæд ыл хъæртæ кодта, тæрсын æй кодта: «...фендзыстæм, æнæ Барахъты Еленæйæ куыд кусдзыстут, уый. Æз уын кастдæн уæ фыст кæронмæ æмæ сæрмагондæй уый тыххæй сымахимæ аныхас кæндзынæн».

Дыдзæсгом Маурер Барахъты Еленæйы тыххæй йæ фæндон загъта партийы обкомы кусæг Абайты А.-йæн, æмæ уый дæр парторгыл фæхъæртæ кодта, аххосджын æй кодта, дæ писмойæ Мауреры бафхæрдтай, зæгъгæ.

Ныртæгкæ бæлвырд у, Маурер цæмæн афтæ урæдта Барахъты Еленæйы хъуыдтаг, уыцы ран дæр йæхицæн хъузæттæ кæй арæзта, уый.

Барахъты Еленæ институты директоры куыстæй ист æрцыдис, фæлæ уый институты куыст фæхуыздæр кæнынæн æгъгъæд нæу. ÆК(б)П-йы обкомы скъолаты хайад хъуамæ æвæстиатæй мадзæлттæ сараза ахуырадон-иртасæг институты куыст куыд æмбæлы, афтæ сæвæрынæн. Хъуамæ уыцы ран институты сæргъы æвæрд æрцæуа дæсны æмæ куыстхъом разамонæг, стæй институты куысты æвæрд æрцæуой хорз специалисттæ, йæ куыст ын размæ ракæнынхъом чи уа, ахæмтæ.

Цæллагты Муссæ,
Газет «Рæстдзинад», 1937 аз

ÆРКÆСУТ-МА БАРАХЪТЫ ЕЛЕНÆЙЫ ÆЦÆГ ЦÆСГОММÆ

Ахуыр-Иртасæг институт хъуамæ хъомыл кæна, дæдта Цæгат Ирыстоны Республикæйæн æвзонг ахуырадон кусджытæ, хъуамæ бакуса теоретикон æгъдауæй, марксистон æгъдауæй ирон адæмы историйыл, хъуамæ раиртаса, бакуса ирон литературæйы, аивады бынтыл, хъуамæ дæдта ног большевикон кадртæ нæ социалистон наукæйы куыстæн.

Уыцы хæстæ сты егъау хæстæ. Нæ дуг уыцы хъуыдтæгтæ домы нæ ахуырады фронтæй æнæфæстиатæй. Фæлæ Ахуыр-Иртасæг институт абоны онг мур дæр ницыма сæххæст кодта йæ сæйрагдæр хæстæй.

Ныр институт кусы 12 азы æмæ абоны онг иунæг æвзонг ахуырадон кусæг дæр нæма рауагъта. Аспирантурæйы каст чи фæци, уыдонæй иунæг дæр диссертаци нæма ныффыста, фæлæ сæ фылдæр (ацы институты аспирантурæйы чи фæци каст, уыдонæн) разындысты классон знæгтæ, троцкисттæ æмæ уыдон фæсдзæуинтæ.

Абоны онг ирон адæмæн сæ истори фыст нæма æрцыди, стæй йыл ныртæккæ дæр куыст нæ цæуы. Æцæг, зæгъын хъæуы, Дзитойы-фырт ныффыста контрреволюцион статья. Фæлæ коммунистон парти ахæм «историктæ» нæ хъомыл кæнын кодта институтæн.

Институтæн ÆК(б)П-йы Обком йæ бæрны бакодта Хетæгкаты Къостайы литературон бынтæ бабиноныг кæнын академикон рауагъдæн. Уый тыххæй хицæнгонд æрцыд бирæ æхца. (...) Ныр, 1937 азы онг дæр ницыма бакуыста институт уыцы хъуыдтаджы. Æцæг, зæгъын хъæуы, хуымæтæджы дзæнгæдатæ бирæ конд æрцыди институты æмбырдты уыцы хъуыдтаджы фæдыл, фæлæ куыст нæй. Уый нæ, фæлæ ма адæмы знæгтæ институтæй Къостайы сæйрагдæр къухфыст дæр адавтой. Æмæ институты директор Барахъты Еленæ, уыцы хъуыдтаг зонгæйæ, æнцад-æнцойæ сбадти. Цыма ацы хъуыдтагæй бæрæг нæу, Байаты Гаппойы фæсдзæуинтæ та Ирыстоны адæмæй Къостайы бамбæхсынмæ кæй хъавынц? Цымæ бæрæг нæу, Барахъты

Еленæ уыцы адæмы знæгты йæ базыры быны кæй кæны, уый? Бынтон бæлвырд у, уый институтæн йæхи хæс уыди нæ ирон литературæйы аивады истори ныффыссын, фæлæ уыцы хъуыдтаджы дæр хус ныхæстæй фæстæмæ мур дæр ницыма бакодта институт. Иу ныхасæй, институт йæ сæйрагдæр хæстæй абоны онг ницыма сæххæст кодта.

Цы къорд известийы рауагъта, уыдон та ист æрцыдысты, знагдзинад куыд хастой, троцкистон контрабандисттæ дзы кæй бабырыдысты, буржуазон националисттæ дзы сæхицæн ахстон кæй скодтой, уымæ гæсгæ.

Æргом зæгъын хъæуы, уыимæ институты 1925 азæй нырмæ цы директортæ æмæ ахуыргонд хъарутæ куыста, Æлборты Б., Дзагуырты Г. æмæ æндæртæ, уыдон нæ бакуыстой æвзонг ахуырадон кусджытæ схъомыл кæныныл. Уыдонæн сæ сæйрагдæр нысан уыди буржуазон-националистон идеологи пропагандæ кæнын.

Æвзонг ахуырадон кусджытæн æххуысгонд нæ цыди наукон куысты, фæлæ сæм каст цыдис уæлæнгай цæстæй. Нæ сын læвæрдтой размæ фæндаг, фæлæ мыхуыр кодтой сæхи куыстытæ. Æлборты Барис æхсæвæй-бонæй пайда кодта аспиранттæй æмæ сын сæ хъару арæзта буржуазон-националистон фаджыстæ къахынмæ.

Институты мидæг куыстой буржуазон интеллигенцийы зондыл хæцæг кусджытæ, институты мидæг нæ уыди большевикон разамынд, фæлæ бадтысты æмбыд либерализмы цады.

Абон дæр та Цæгат Ирыстоны Ахуыр-Иртасæг интитут сыгъдæг нæу знæгтæй.

Институты мидæг нæй æххæст коммунистон хъомылад, нæ цæуы институты мидæг политикон ахуырад. Аспиранттæн нæй æххуыс, не сты фаг баст институты ахуырадон куыстимæ.

Институты мидæг бынат нæй бынтондæр хикритикæйæн, æгæр мæгуыр ма институтæн йæ къулы газет дæр нæ цæуы (йæ редактор Мамиты Гига).

Аспиранттæн ахуырадон сектор сæ æрвылбоны куыстмæ ницæмæй кæсы, афтæ зæгъæм Цæлладжы-фыртæй. Расписани ивд цæуы сахатæй-сахатмæ æмæ, аспиранттæн кæд цавæр уроктæ вæйиы, уый бæрæг нал вæйиы, сæмхæццæ вæйиынц ахуыргæнджытæ дæр.

Сæрмагондæй æрлæууын хъæуы ацы ран институты директор Барахъты Еленæйыл. Еленæ директорæй цы бон кусын бай-

дыдта, уæдæй нырмæ ныхас кæны æрмæст, йæ разæй чи куыста институты, уыцы кусджытыл.

Цæмæй йæ «хорздзинад» равдиса, уый тыххæй бавдæлд æмæ аспирантурæйы фæстаг курсæй рацух кæнын кодта Гутнаты Хъ. æмæ Мæхæмæтты З.-йы. Уыцы хъуыдтагæй Барахъты Е. уæлиау ныххæцыд йæ синыл, «куыст систон уæлæмæ», зæгъгæ, æмæ алы бон уымæй æбпæлы йæхицæй.

Æркæсæм-ма ныр Барахъты Еленæйæн йæхи куыстмæ. Ныр ыл æнæхъæн афæдз куы рацыд. Сарæзта егъау пълантæ æмæ алы бон уыцы пълантæм кæсы. Ныр æнæхъæн афæдз иу практикон куыст дæр нæма бакодта, æмбырдты хус дзæнгæдайæ фæстæмæ. Абоны онг Хетæгкаты Къостайы фыстытыл куыст нæма цæуы. Куыст нæ, фæлæ сæ адæмы знæгтæн фæхæссын кодта. Зæрдиагæй бакуыста, цæмæй наркомпрос Æлборты Барисæн сæрмагонд мызд радтаид, ууыл. Æлборы-фырт алы мæй дæр исы 800 сомы, афтæмæй та институты мур дæр ницы кусы, стæй дзы уæвгæ дæр исгуы стæм хадтæй фæстæмæ нæ вæййы. Куы æрцæуы, уæд та Барахъты Еленæимæ «производственни плантæм» ракæс-бакæс фæкæнынц.

Облæсты мидæг цыдæриддæр вистæвкæтæ арæзт цыд, уырдæм-иу йæхи фæтъыста, йæхи «активонкæнгæйæ», æмæ-иу аспирантты, ахуыр кæныны бæсты, хъæутæм арвыста æрмæг æмбырд кæнынмæ, ахуырады пълан та-иу баззад рохуаты.

Арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны Ахуыр-Иртасæг институты Къостайы музей. Уый уыди стыр хорздзинад, адæм æм цыдысты къордгæйдтæй, фæлæ уайтагъд æрцыд æхгæд æмæ йыл ныр æнæхъæн афæдз стыр гуыдыр хъеллау кæны. Цымæ амæй дæр та бæрæг нæу, Барахъты Е. Къостайы адæмæй æмбæхсынмæ кæй хъавы, уый?

Ацы æдзæллагдзинæдты фæдыл аспиранттæ æмбырды куы радзырдтой Барахъты Еленæйы ныхмæ, уæд ын стыр хъыг уыд, æбпæлгæ дзы кæй нæ ракодтой, уый, æмæ аспиранттыл йæхи ныццавта. Иу ахæм æмбырды радзырдта фæстаг курсы аспирант Бигъуылаты Барис, æмæ йыл Барахъты Еленæ йæхи ныццавта, «мæ ныхмæ цæмæн дзурыс», зæгъгæ.

Уыцы раныхасы фæдыл цухгонд æрцыд Бигъуылайы-фырт аспирантурæйæ. Уымæй уæлдай хицæнтæй басидтис иннæ аспиранттæм дæр æмæ сæ тæрсын кæнын байдыдта, «мæ ныхмæ куы цæуат, уæд уæ хъуыдтаг хорз нæ рауайдзæн», зæгъгæ.

Барахъты Еленæ партийæ къорд хадты цухгонд æрцыд, йæ лæг Гино у националист, троцкист – адæмы знаг. Барахъты Еленæ иу хадт дæр æмбырды мидæг йæхи æмæ йæ лæг Гинойы тыххæй иу ныхас дæр никуы загъта, фæлæ-иу цæстфæлдахæн хус дзæнгæдатæ ацæгъды æмæ ууыл фæвæййы.

Уæдæ Барахъты Е. æнæхъæн мæй цы ми кодта æмæ кæм уыди, уый иу дæр нæ зоны институты кусджытæй. Æрмæст зæгъын хъæуы уый, æмæ институты хъуыдтæгты æфсонæй Мæскуы æмæ Ленинграды йæ ахст лæджы хъуыддæгтæ кæй кæны, æмæ та аспирантты куыстмæ кæсæг кæй нæй. Уымæй уæлдай Барахъты Еленæ йæ куысты райдайæны фидар баст уыд троцкистон контрабандисттæ Къосирати С., Фæрнион Къоста æмæ æндæр ахæмтимæ, уыдон уыдысты йæ актив.

Хъуамæ каст æрцæуа ацы хъуыдтæгтæм æмæ институтæн лæвæрд æрцæуа раст политикон фæндаг. Афтæмæй дарддæр нал ис кусæн. Æгъгъæд у знаггады цъымарайы бадынæн.

Хъ. Хъ.
Газет «Рæстдзинад»,
1937 азы 15 апрель, №86

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ЗАКАТЫ АЛЫКСИ

(1931–2005)

Закаты Алыксандры фырт Алыкси (Алексей) райгуырд 1931 азы 27 февралы Ставд-Дурты.

Хæсты хæд фæстæ йæ мадимæ ралыгъдысты Камбилеевкæйы хъæумæ. Ам дæс къласы каст фæци сызгъæрин майданимæ. 1950 азы сси Хæххон-металлургон институты студент æмæ фондз азы фæстæ райста хæххон инженер-электромеханичы диплом.

Къорд заводы æмæ æрзæткъахæнты алы бæрнон бынæтты фæкуыста 1992 азы онг – пенсийы рацæуынмæ.

Хайджын уыд фыссæджы курдиатæй дæр. Йæ радзырдтæ мыхуыры цыдысты «Мах дуджы».

Алыкси рагæй бæллыд искуы хъæуы хи хæдзар скæнын æмæ уым цæрын. Æмæ йæ бæллиц сæххæст – æрцарди Раздзоджы (Емаусы). Ам трагикон хуызы фесæфт 2005 азы 24 февралы.

ÆДЗÆСГОМ УАРИ

Радзырд

Хохы нæ мыггаджы мæсыг стыр нæу. Нæ мыггаг дæр бирæ не сты. (Хорзæй бирæ кæм федтай? – фæзæгъы нæ хистæр). Иууылдæр сæ зонын: чи кæм цæры, тилифон кæмæ ис, фæсвæд чи цæры, уыдонмæ кæуылты цæуын хъæуы... Студент ма куы уыдтæн, уæддæр-иу мыггаджы хистæр мæн бацагуырдта.

– Не ‘рвадæлтæн фехъусын кæн: Басил сабаты йæ кæстæр чызджы ‘рвиты, æмæ сæмбæлут.

Иуахæмы мæм газеты куыстæй цыдæр гонорартæ бамбырд æмæ мотоцикл балхæдтон. Уæдæй фæстæмæ не ‘рвадæлтæм цин уа, зиан уа – фæхабар кæнын мæ иудадзыгон хæсыл нымад æрцыд. Æмæ, зивæг цы у, уый нæ зыдтон – æрыгон ма уыдтæн. Фæлæ ныр... Институт фæдæн, азтæ мыл рацыди – мæ фондз æмæ ссæдз азы мæхи фесты. Мæ мотоцикл цъæх

«Жигули»-йæ раивтон, чысыл фирмæ «Саби» байгом кодтон. Сывæллæттæн дзы фæлмæн хъазæнтæ æмæ сæрдыгон дарæс хуыйæм. Не ‘рвадæлтæй мæм цалдæрæй æхцайæ фæкастысты... Æртыккаг аз мæ хæстæй бынтон схицæн дæн, æмæ ныр ме ‘фтиæгтæ мæхицæн баззайынц. Фыццаг хатт мæ мызд æнæхъæнæй мæ мадмæ куы бахастон, уæд мыл тарстхуызæй сбустæ кодта:

– Кæм дын уыди уыйбæрц æхца? Банк рахафтай?

– Нæ, дыдта, бакуыстон, бакуыстон!

– Дæ фыд дæуæй æгуыдзæгдæр нæ уыди, фæлæ мæм уый ахæм æхцайы цъæпæра никуы ‘рбахаста!

– Уæд æндæр рæстæг, æндæр уавæртæ...

– Уæртæ сæ скъаппы сæвæр. Ахæм æхцатыл ахуыр нæ дæн...

– Ныр сахуыр уыдзынæ, гæнæн нæй.

Азтæ цæуынц, рæстæг ивы. Фæлæ мæ нæ мыггаджы хистæртæ нæ рох кæнынц: «Уарийы нын ссарут, не ‘рвадæлты уый хуызæн хорз ничи зоны». Æмæ та æз, ныр – фирмæйы сæр... араст дæн не ‘рвадæлтæн хабар фехъусын кæнынмæ: «Долæт йæ хистæр фыртæн иннæбон хъуыддаг кæны, сæмбæлут». Тилифон кæмæ ис, уыдонæн та изæры мæ секретарь фехъусын кæндзæн. Хæстæг хъæутыл уайтагъд æрзылдтæн æмæ изæрырдæм мæ фæндаг горæтгæроны нæ хæстæджытыл ракодтон. Хабар сын куыннæ уыд æхсызгон, фæлæ мын цыма мæ ног машинæйыл ноджы зæрдиагдæрæй бацин кодтой. Сæна æд сывæллæттæ мæ фæдыл рацыд, дуармæ мæ фæурæдта:

– Мæнæ ма Микъалатæн дæр фехъусын кæн ацы хабар. Æдзух хъаст фæкæнынц. Иуæй, хъæуы сыхæгтæй хорз фæцардыстæм, иннæмæй нын, цыма, хæстæг дæр æйфæнц... – Уыцы ныхæстимæ йæ цæсгомыл цыдæр хин худызмæлы ‘ндæрг абадт. – Мах уал дын дæ ног машинæмæ фæкæсдзыстæм.

Машинæйы дуар фегом, æмæ дзы сывæллæттæ рæвдз абадтысты. Æз дæгъæл рафтыдтон (цы нæ вæйиы?) æмæ Микъалатырдæм бараст дæн, дуар бахостон. Ничи мæм дзы ракасти, фæлæ дуар гом разынд, æмæ кæртмæ бахызтæн. Кæртæй дæр мæ хъæрмæ ракæсæг нæ фæци, æмæ уаты дуарыл рахæцыдтæн. Дуар райгом, мидæггаг уатæй мæм магнитофоны хъæр райхъуысти. Мидæмæ бараст дæн – иу къахдзæф, дыууæ... Мидæггаг уатæй мæм цы ныв разынд, уый мын мæ къæхтæ зæхмæ андæгъта, ме ‘взаг дзурынмæ нал арæхст, цыдæр æнахуыр тых мын

ме уæнгтæ алхъывта, æрмæст ма мæхинымæр скуывтон: Хуыцау! Ацы ныв мын мæ разæй ма ‘рбайсаф! Ма ныххауæд зæххы скъуыды! Ма стæхæд уæлæ...

Стыр кæсæны цур Микъалайы кæстæр чызг Зæринæ цыдæр архайдта мадард бæгънæгæй. Федтон, куыннæ федтон сылгоймаджы аив гуыры ныв тæ Венецийы, Германы зындгонд нывгæнджыты сфæлдыстады, нæ бæстæйы курдиатджын скульпторты куыстыты, Эрмитажы... Фæлæ дзы ахæм æгас гуыры аивдзинадыл мæ цæст никуы æрхæцыд! Йæ къæбуты здыхт дадалитæй суанг йæ зæвæттæм – уыцы аив фæзилæнтæ... æваст æрбайсæфтысты. Æвæццæгæн мæ цæстытыл ауад...

Иу уысм ма уадзыгæй алæууыдтæн, фæлæ мæм кæсæны фæстæйæ сау мæсты цæстытæ куы радзагъул кодтой... (Хъилæй мыл цыма ралæууыдысты... Царм-буар мыл цыма нал фæуагътой...) Уæд æрчъицыдтон.

– Æдзæсгом! Кæцæй февзæрдтæ ам?! Кæцæй æрхаудтæ?!

– Кæртæй хъæр кодтон, Зæринæ, зæгъгæ, фæлæ мæм ничи ракаст. Дуар гом уыд, æмæ æз дæр ‘рбацыдтæн.

– Æдзæсгом дæ, Уари, æдзæсгом! Фæстæмæ фæзылдаис...

– Мæ къухы нал бафтыд. Ныббар мын, Зæринæ.

– Мæ къаба акæнон æмæ дыл... ныппардзынæн... Бабайы лæдзæг рацагурон!

– Лæдзæгæй та цы кæныс?

– Дæуимæ æнæ лæдзæгæй зын дзурæн у! Ам ма дæ?!

– О... Æз хъуыддаджы фæдыл æрбацыдтæн. Долæт йæ хистæр фыртæн хъуыддаг кæны... Æз дæр уæ хонын...

– Ды дæр хъуыддаг кæныс?

– Кæд разы дæ, уæд...

– Разы? Цæуыл?

– Ома, махмæ...

– Сымахмæ?! Ахæм æдзæсгом...

– О, махмæ. Дыдта дæ бирæ уарзы!..

– Æз дæр дыдтайы уарзын, фæлæ ды та?..

– Æз уал ахуыр кæнынмæ ацæудзынæн.

– Кæд сусæггаг нæу, уæд кæдæм? Иу институт фæдæ...

– Венецимæ! Ныр та ныв кæнынылахуыр кæндзынæн.

– Уыцы хъуыды дæм рагæй?..

– Нæ, æрдæбон... Цы ‘нахуыр рæсугъд ныв федтон, уый хъуамæ феной адæм...

– А-а! Адæм феной, зæгъыс?! Бабайы лæдзæг ацагурон!

– Лæдзæг нæ хъæуы! Дæхæдæг сразы у æмæ уæд...

– Уæд мæ бæгънæгæй адæммæ не ‘вдисдзынæ?!

– Нæ, не ‘вдисдзынæн.

– Бузныг! Фесæф ардыгæй! Ныйичъи мыл и: сразы у! Сразы у! Ныронг кæм уыдтæ?!

–Хорз, Зæринæ. Æвæццæгæн байрæджы кодтон. Хæрзбон! Хатыр...

– Хатырæй дын фæуæд! Фæндараст у... фæлæ бабайы дæр бафæрсын...

– Зæринæ! Бабамæ нæ хистæртæ а изæр зындзысты! Мæнæ цы хорз...

– Фæуром! Фæлæуу!! Кæд топпыхос нæ дæ! А къуыри нæй гæнæн – кæдæмдæр цæуинаг у.

– Хорз, иннæ къуыри...

– О, сабатмæ ‘ввахсдæр...

Мæ машинæмæ куы баввахс дæн, уæд Сæна мæ размæ рауад:

– М’ арт бахорз! Нуазгæ сæм акодтай? Цом уал мидæмæ...

Æз машинæйы дуарыл рахæцыдтæн, сбадтæн.

– Мæ мæрдтыстæн, нæ дæ ауадздзынæн! Мæ зæрдæ дæм æхсайдзæн! Мидæмæ уал цом, абадæм, аныхæстæ...

Машинæ скусын кодтон, араст... «Мæ сывæллæттæ!» – айхъуыстон Сæнайы цъæхахст. Машинæ фæурæдтон æмæ сывæллæттæ худгæ акалдысты фæстаг дуарыл. Куыд нæ сæ æрхъуыды кодтон раздæр?

Сæ кæл-кæл худынмæ мæ зæрдыл æрлæууыд иу фæззыгон бон. Афтæ зæрдиагæй æрæджыты никуыуал фæхудтæн. Горæты стыр базары мæ фæткъуыты голлагæй куы фенæмæт дæн, уæд проспектмæ мæхи байстон. Зæринæйы бæлæсты бын бандоныл бадгæ ауыдтон æмæ йæм фæстæты бахъуызыдтæн. Йæ цæстытæ йын мæ армытъæпæнтæй амбæрзтон.

– Базон-базон, чи дæн?

– Сырддонцъиу, Цæргæс, кæнæ та Уари! Ха-ха-ха-ха!!

Худæг ныл бахæцыд. Зæринæ мæм, йæ цæстысыгтæ сæрфгæйæ, ‘рбазылд:

– Цымæ иу сæлдæг цæй аргъ у?

– Нæ зонын. Æртæккæ афæрсдзынæн, – азгъордтон æмæ дыууæ сæлдæджы ‘рбадавтон. Хъæлдзæгæй худгæ араст стæм.

Иу рæстæджы театры раз фæзы февзæрдыстæм. Зæринæ цыдæр æнахуыр каст фæкодта театры дуарырдæм æмæ мыл иннæрдæм йæ къухæй ахæцыд.

– Зæринæ, цы дзы цæуы, цымæ? Цом-ма фенæм!

– Мæнмæ фæндаггаджы бæрц...

– Абон æз хъæздыг дæн, Рокфеллер мæ цуры мæгуыргомауæй разынид! – Худгæ йæ мæ фæдыл театры дуарырдæм баластон. Мæ базары хабæрттæ йын радзурынмæ хъавыдтæн, фæлæ мæ рыгæйдзаг дзабыртæм æркастæн æмæ хорзау нал уыдтæн. Зæринæ мæ фембæрста, мæ къухыл мын фæхæцыд, æмæ Терчы был балæууыдыстæм.

– Фелвас сæ, æз сæ ахсон.

– Нæ, мæхæдæг... – Иуварс ацыдтæн, раластон сæ, сæ рыг сын ацагътон. Зæринæ мын сæ мæ къухтæй акъахта æмæ сæ уайтагъд æхсадæй дурыл хурмæ авæрдта. Æз та уæдмæ мæ къæхтæ æмæ мæ цыбыр цъындатæ ахсадтон. Хæрз хус нæма уыдысты, афтæмæй сæ акодтон æмæ театрырдæм фæраст стæм. «Пæсæйы фæндон» дзы федтам æмæ тынг хъæлдзæгæй рахызтыстæм театры дуарæй, фæлæ мæ уынджы изæры талынг мæты баппæрста: ныр ма нæхимæ куыдæй бафтдзыстæм? Ацафон ма цæй машинæ уыдзæн? Зæринæ мæм æрбазылди:

– Цæуыл фенкъард дæ? Мæнæ комкомммæ «Магниты» рæзты бауайдзыстæм – сахатмæ нæхимæ уыдзыстæм.

Зæринæйы ныхæстæ мæ цыма ныфс бауагътой. Худгæ, ныхæстæгæнгæ, уайтагъд хъæуы рухсытæм æрбахæццæ стæм. Ныр та Зæринæ фенкъард:

– Бабайæн куыд зæгъдзынæн?

Зæрдæ йын бавæрдтон:

– Бабайæн æз зæгъдзынæн: скъолайæ иумæ ацыдыстæм.

Зæринæ фæхъæлдзæгдæр, фæлæ сæ дуармæ куы бахæццæ стæм, уæд мæ раздæхта.

– Мæхæдæг ын радзурдзынæн, куыд уыди, афтæ. Мæнг ныхас хорз нæу.

Уый кæд уыди?..

Ныр нæм æртæ сабийы хъомыл кæнынц. Сæ хистæр Лаемыр Мæскуыйы ахуыр кæны, иннæ дыууæ – Сослан æмæ Замирæт та нырма скъоламæ цæуынц.

Изæрæй фæсæхсæвæр Замирæтимæ иучысыл атезгъо кодтам, йæ ахуыры хабæрттæй йæ цæмæйдæрты афарстон. Куы

‘рбацыдыстæм, уæд мæ цæсгом ахсадтон æмæ мæ уаты чиныгимæ мæхи æруагътон. Зæринæ дæр уæдмæ йæ изæры архайд фæци æмæ уаты йæ дарæс ивта.

– Дæ чиныджы фæрсты та «æдзæсгом» цæст разынд.

– Уый цæст нæу, уый мæ уд у.

– Дæ уд дæр – æдзæсгом, дæ цæст дæр! Дæхæдæг та – æнæхсæст... Фæлæ мæнæ тагъд каникултæ райдайдзысты æмæ дæм уæд иучысыл æркæсдзынæн!

– Æцæг? Бавдæл-ма æмæ иу къуыри хохмæ нæхи байсæм! Мæн дæр кæд равдæлид...

– Охх, Уари, Уари! Адæм – фæдисмæ, мæ Уари та – хохмæ! Æвæццæгæн мæ нæ равдæлдзæн. Завучæй кæдæй кусын, уый хъуыды кæныс?

– Завучæй кусыс? Кæдæй?

– Æртæ азы! Ныр та мæ директыræй ивынц.

– Ницæмæн нæ хъæуы! Мæнмæ дæ ныр дæр нал æвдæлы. Фæсте мæм амондзысты – «Дæлæ нæ директыры лæг фæцæуы». Ма сразы у! Нæ сывæллæттæ ныр дæр дыдтайы дæларм сты...

– Дыдта мæнæй хуыздæр арæхсы семæ, æрдзæй йæм цыдæр стыр курдиат ис... Дæумæ гæсгæ, мæн руаджы хорз ахуыр кæнынц? Куыннæ!! Дыдтайы руаджы! Ладемыр ныр дæр ма Мæскуымæ дыдтайы ныстуантæм æнхъæлмæ фæкæсы. Тилифонæй куы сдзура, уæд йæ фыццаг фарста: дыдта уым и? Æз æмæ дзы ды нымады дæр не стæм.

– Диссаг! Æз уый никуы æрхъуыды кодтон.

– Дæу не ‘вдæлы... Дæ куыст, дæ хъуыддæгтæ...

– Раст зæгъыс, Зæринæ, рæстæг мын нæ фаг кæны... Цы кæнон?

– Уæдæ дыдтайæн куыд фаг кæны: сывæллæтты хъомыл кæны, рæвдауы сæ, дзаджджын хæринаг нын кæны... Суанг ма сусæгæй цы нывгæнæгимæ архайыс, уый дæр зоны! Айфыццаг сæ ныхасгæнгæ ауыдтон...

– Зæринæ, мæнмæ афтæ кæсы, цыма нæ бинонты цардамонд иуыл дыдтайыл лæууы. Цы йын дæтты, кæцæй йæм цæуы уыйбæрц хъару? Куыд арæхсы алырдæм?..

Зæринæ мæ фарсмæ ‘рбадт, лæмбынæг хъус фестад, цы уыд, уымæй.

– Арæх сагъæсы бахауын – афтæмæй нын цасы фаг суыдзæн?

Ænæ уый куыд уыдзæн нæ цард? Куыд уыдзысты нæ чысылтæ?

– Цы, уый зоныс? Нæ сагъæстæ уал фæуадзæм æмæ дыдтайы хохмæ аласæм! Раст кæм райгуырд, уыцы Хурварсмæ! Йæ кой арæх фæкæны. Æз дæр мæхи исты хуызы ракурдзынæн.

– Æмæ сывæллæттæ та...

– Ænæ уыдон нæ, мæнмæ гæсгæ, сдзурын дæр не суадздзæн. Æз цатыртæ, хуыссæнгæрзтæ скъолайы скъладæй райсдзынæн. Ды та хæринæгты кой бакæ. Уырдæм дæр раздæр иу уад бакæ, фен...

– Хорз. Иуæй-иу хатт мæм афтæ фæкæсы, цыма мын дыуæ мады ис.

– Дзæгъæлы мæ ‘ппæлыс! Дыдтайы хуызæн мад мæнæй никуы рауайдзæн.

– Мæн уырны – рауайдзæн, дыдтайы руаджы... Дыдта дæ нæ ныууадздзæн! Æз фондзаздзыдæй баззадтæн æнæ фыдæй. Дыдтайыл та фондз æмæ ссæдз цыди...

– Уый мын дзырдта.

– Агурджытæ йæ уыд, уый дын нæ дзырдтаид. Мæ фыдыфсымæры дæр фæндыд, йæ цард ногæй куы сарæзтаид, уый. Лæппумæ, дам, дæ зæрдæ ма ‘хсайæд. Махимæ цæрдзæн, нæхи лæппу уыдзæн...

– Æмæ йын цы дзуапп радта, уый зоныс?

– Нæ зонын.

– Æз, дам, амондджындæр уыдзынæн æви нæ, уый нæ зонын. Фæлæ бæлвырд зонын – дæлæ уый, – мæнмæ ацамыдта, – нæ уыдзæн...

– Уари, цы амондджын стæм дыдтаимæ!? Тæрсын – куы нын фæуа, бирæ нын куы нæ ахæсса...

– Цы хорз æрхъуыды кодтай, Зæринæ?! Хохы йæ фæллад иучысыл кæд суадзид, фæлæ сывæллæттимæ? Баба сыл бацин кæнид, æхсызгон ын уаид. Аныхас кæн семæ, фæлæ дын сразы уой? Цымæ, мæн хонынц сæ мад, æви дыдтайы? Афтæ мæм кæсы – уый сын хуыздæр, стырдæр мад у.

– Раст зæгъыс, Зæринæ: дыдта не стыр хъомылгæнæг мад, ды та – нæ гыццылдæр ахуыргæнæг-мад. Де скъолайы кой мын рагæй нал ракодтай. Нывыл цæуынц...

– Цæуынц, Уари, фæлæ мæм хатгай цыдæр дызæрдыггаг хъуыдытæ фæзыны: цыма нæ царды цыдæртæ раст бындурыл æвæрд не сты, хуыздæр рацаразинаг сты...

– Уæдæ, уæдæ?! Дæ мыггаг та раздæр куыд уыди? Хрущева æви Горбачева? Рацарæзты дæ хай саккаг кæн!

– Хынджылæггаг макуы фæу! Уыдон нæ æгъгъæд фæхынджылæг кодтой! Æз рæзгæ фæсивæды кой кæнын. Сабитæ нæм фыццаг аз фæззæджы куы ‘рбацæуынц, уæд сæм уæлдай лæмбынæгдæр æркæсын. Æргом разыны сæ хъомылгæнджыты зондахасты æмвæзад. Иуныхасæй – сабиты удахасты кæсæны зын фенæн нæу сæ хъомылгæнджыты фæрнджын армы фæд, кæнæ æгæрон æгуыдзæгдзинад. Давджытæ æмæ расыггæнаг уæцъæфты кой нæ кæнын – уыдон сæфт æмæ сæфт! Хуымæтæг фæллойгæнæг бинонтæ сты мæ сагъæсы сæр. Мæнмæ гæсгæ, ам æгуыдзæг (уый фæлмæн ныхас у!) хъомылгæнджытæ фылдæр сты. Æмæ сабиты сыгъдæг удтыл фæзыны сæ æнарæхст æгуыдзæгдзинад – сыгъдæг урс гæххæттыл сау æвзалыйæ фыстау. Чи зоны, царды уылæнтæ чердæм ахæсдзысты сабийы ахæм сахъат «фыстытимæ»?! Ахуыргæнджыты бон æдзух нæ бавæййы уыдон æххæстæй сраст кæнын.

– Зæринæ, ам ма бафтау иуæй-иу ахуыргæнджыты гæвзыкк миддунейы æмвæзады тыххæй дæр. Бирæтæ дзы уыцы кадджын номæн худинагæй уæлдай ницы хæссынц... Къуымых, цыбырзонд, æнæхсæст ахуыргæнæджы къухы цы бафтдзæн хъомыладон куысты?! Мæнмæ гæсгæ, ахуыргæнæджы куыстмæ чи тырна, уыдон луарын хъæуы «лыстæг сасирæй», стæй сын сæ кад æмæ мызд уæлдæр сисын æмбæлы.

– Нæ, Уари! Фыццаг – «кад æмæ мызд», уый фæстæ – «лыстæг сасир»! Кæннæуæд дзы, «кад æмæ мызд» чи райса, уый нал разындзæн. Ныр дæр сæ фылдæр институты фæстæ скъолатæм нæ тагъд кæнынц – дуканитæ æмæ базартыл ахæлиу вæййынц.

– Ацы вазыгджын хынцинаг фарстатæн æрмæст æппæт æхсæнад ссарид гæнæнтæ, æнæмæнг, паддзахады æххуысæй. Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, нырма не ‘хсæнад цæттæ нæу ахæм фарстатæ хынцынмæ. Кæддæр иу чиныджы кастæн, Америчы индейæгтæ сабиты хъомыладон куыстæн цы бæрзонд аргъ кодтой, уый тыххæй.

– Кæм ис уыцы чиныг? Мæнмæ йæ цæуылнæ равдыстай?

– Ссардзыстæм æй. Фыссæгæн йæ фыд индейаг уыд, йæ мад – поляк. Уый дзы мæ зæрдыл бадардтон.

– Нæ зыдтай, æз ахæм æрмæг кæй æмбырд кæнын, уый?

– Диссертаци дæ зæрды ис?..

– Нæ, чиныг саразын мæ фæнды...

– Хорз фæндиаг... Бантысæд дын! Фæлæ зындонмæ фæндаг цæмæй арæзт у, уый ма рох кæн. Ацы ныхасмæ ма раздæхдзыстæм, мæ чысыл мад?

– Хорз, мæ Уари. Мад нын ис, æз та – дæ чысыл ницæйаг æмбал.

– Мæ гыццыл адджын æмбал! – æмæ йæ мæ хъæбысы æрбакодтон, фæлæ Зæринæ йæхи суæгъд ласта, йæ халат акодта æмæ дуарырдæм фæраст.

– Æз сывæллæттæм бакæсон, – æрбадзырдта мæм фæстæмæ.

Йæ фæдыл кæсгæйæ аззадтæн – сывæллæттæ йæ цин, йæ мæт! Æз та? Ехх, йæ ныв скæнын мын искуы куы бантысид!!

Фæстæмæ æрбацæуы – мæхи фынæй скæнон, мæ цæстытæ ацъынд сты.

– Нæ мæ асайдзынæ – де ‘дзæсгом цæст зыны.

– Цæуыл фæсмон кæнын, уый зоныс?

– Зонын: мæн кæй ракуырдтай, ууыл.

– Ууыл – никуы... Ныв кæныны дæсныйадыл æрыгонæй кæй нæ фæцалх дæн...

– Ныр дæр дын æрæджы нæма у...

Мæ ахуыры хъуыддæгтæ зонгæ нывгæнæгимæ сусæг кодтон, фæлæ мын нæ рауад. Фæливын нæ уарзын, уый дыдта хорз зоны. Æмæ æрæджиау куы ‘рбацæуын изæрæй, уæд мæм мады цæстытæ «аджигул» кæнынц. Иуахæмы мын мæ хæдоныл цыдæр ахорæны фæдтæ ссардтой. Гæнæн нал уыд – мæ сусæгдзинад раргом, ома, нывгæнæджы дæсныйадыл кæй ахыр кæнын, уый.

– Омæ дын зын нæ уыдзæн, мæ Уари? Дæ фирмæйы куыст афтæ ‘нцон у?

– Нæу мын зын. Фирмæйы мын цас куыст ис?

Аныхæстæ йын кодтон, зæрдæтæ йын авæрдтон – мæхи дзы нæ риссын кæнын, зæгъгæ, æмæ цыма сулæфыд, æрæнцад. Фæлæ кæм...

Дыккаг бон изæрæй мæ цуры ‘рбадт. Æз æм разылдтæн, байхъуыстон.

– Уари, мæ хуры цæст, чи зоны, нывгæныны ис дæ амонд? Курдиат дæр агургæйæ разыны... Æз уымæн ницы ‘мбарын. Фæлæ æгæр нæ хæлоф кæныс? Иу хъуыддагыл уал ныххæц... Дыууæрдæм куы суай, уæд куыд уыдзынæ? Зын дын куы уа...

– Нæу мын зын, дыдта. Иу куысты бафæллайын, иннæмæй мæ риуыдзаг сулæфын. Мæ уд афтæ домы. Царды амонды цин мæм куыстæй, фыдæбонæй зыны... Мæ нывтæй исты мæ ахуыргæнæджы зæрдæмæ куы фæцæуы, уæд иуцасдæр зæххыл нал фембæлын, цыма уæлæты фæтæхын...

Иу бон æм мæ «Уæйыг» равдыстон. Фæкасти йæм, бахъæлдзæг. Ахæм хуызы, дам, ничима равдыста уæйыджы уæрæх гуыры кондимæ йæ зонды ‘нахъом æгуыдзæгдзинад. Нæ фыдæлтæ дæр, дам, фаг аргъ нæ кодтой зонды æгæрон хъаруйæн, уæлдæр æвæрдтой уæнгты гуымиры тых. Нарты кадджыты нæм разæй зыны болат Батрадз, æгæрон тыхы хицæуттæ: Сослан, Уырызмæг, Хæмыц... Се ‘хсæнæй Сырдоны сурæт дæр зыны – дæлджинæгæй, бæрнагæй... Цæмæн? Зондджындæр кæй уыди, уымæй?

Ногæй та райста уæйыджы ныв, фæкасти йæм æмæ та дзы раппæлыд. Фæлæ йæм Зæринæйы ныв куы равдыстон, уæд фенкъард. Æппындæр цыма йæ зæрдæмæ нæ фæцыд – иуварс æй аппæрста. Ахæм ныв саразыны фаг, дам, хъарутæ æмæ ахорæнтæ нæма ссардтай. Кусын хъæуы! Кус!.. Чи зоны, искуы дын бантыса...

– Омæ, Уари, дæхи цæуыл хæрыс?!

– Рæстæг, дыдта, цæугæ нæ кæны,тæхгæ кæны... Æмæ ме ‘гуыдзæгдзинæдтимæ нæ фæсдуар «фæнычы фарсмæ» куы афæстиат уон... Уæд...

– Дæ фыды ‘рцыдмæ цæр! Уый дæр «фæнычы фарсмæ» бадынæй тарсти. Дæхи фæндиаг уæнт дæ хъуыддæгтæ!

– Дæу фæндиагæй сын цы уаид, дыдта?

– Мæн фæндиагæй? Ницы! Иу хъуыддаг дæр дзы нал уаид. Мæ цуры «фæнычы фарсмæ» бадис æмæ дыл мæ уырзтæ дарин. Кæсин дæм æхсæвæй-бонæй... Дæ фыдмæ кæсынæй нæ бафсæстæн. Æгæр раджы нæ ныууагъта...

– Дыдта! Бирæ йæ уарзтай?

– Мæ удæй фылдæр...

Иуцасдæр аджих, стæй мæм фæзылд æмæ мыл йæ фæлмæн къухтæй ралæууыд.

– Æдзæсгом – Уари!! Куыд мæ ракъахта?!

– Уый хорз у, дыдта! Æхсызгон мын у...

Йæ къухтæ йын æрцахстон æмæ йæ мæ хъæбысы æрбакодтон.

2002.10.09

АРВИСТОН

ПУТИН ДМИТРИЙ ЛИХАЧЕВЫ ТЫХХÆЙ

Уыцы разагъды хъуыдыгæнæг æмæ гуманисты идейæтæ абон сты æппæтæй актуалондæр.

ДМИТРИЙ ЛИХАЧЕВЫ ХЪУЫДЫТÆЙ

Уæрæсемæ ницавæр сæрмагонд мисси уыдис æмæ ис! Ницавæр национ идейæ агурын хъæуы Уæрæсейæн – уый мираж у. Национ идейæимæ цард раздæр ныхкылы-мылытæ уыдзæни, стæй иннæ расæтæм хæрам зæрдæ дарынмæ æркæндзæни, æндæр адæмтæ, æндæр динтæ сæнад уыдзысты. Фыдæх, хæрамдзинад та æнæмæнг террормæ фæндаг у. Уæрæсе ногæй исты иу идеологимæ раздæха, ууыл тох кæнын нæ хъæуы, уымæн æмæ иу идеологи, раджы уа, æрæджы уа, **уæддæр Уæрæсейы æркæндзæни фашизммæ.**

ЦЫ У АХСДЖИАГДÆР: БÆСТÆЙЫ УАВÆР ÆВИ ФÆТÆГТЫ ХЪЫСМÆТ

Нæ бæстæ тынг зынæй хæрзбон зæгъы советон дуг æмæ йæ фæтæгтæн. Ленин нырма хуыссы мавзолейы, Сталины тыхкæй та карзæй-карздæр кæнынц быцæутæ: стыр фæтæг уыд æви тиран, фыдгæнæг (...)

Ленины тыхкæй дзургæйæ, æнæмæнг æрымысын хъæуы йæ хорз миниуджытæ: йæхи пайдайæн нæ куыста, фæлæ адæмы сæрвæлтау дунеон революци цæмæй æрцæуа, ууыл. Фæлæ абон рохгæнгæ нæу, йæ идейæтæ æмæ политикон методтæ Мидхæстмæ кæй расайдтой æмæ Уæрæсейыл тугуаræн кæй æркодта. Кæуылты уыдысты уыцы хæсты бæллæхтæ, цас адæм систы

йæ амæддаг! Европæйы кæй нымадтой, уыцы стыр бæстæ 1917 азы фæстæ бахауди политикон къуырцдзæвæнмæ æмæ бынтондæр фæиппæрд демократон фæндагæй.

Уæдæ иннæ «стырдæр фæтæджы» тыххæй дæр æнæ зæгъгæ нæй. Кæддæр ын йæ куыстытæ хуыдтой генион... 1950 азы рацыд йæ уац «Марксизм æмæ æвзагзонынады фарстатæ». Бирæ рæстæг уый нымад уыди лингвистикæйы шедеврыл. Абон фæтæджы «теоретикон бынты» кой суанг иузæрдион сталинисттæ дæр нал кæнынц. Уыйхыгъд зæрдыл æрлæууынц æндæр ныхæстæ, зæгъæм, Юз Алешковскийы поэтикон рæнхъытæ:

Товарищ Сталин, вы большой ученый,
В языкознанье знаете вы толк.
А я простой советский заключенный,
И мне товарищ серый брянский волк.

Сталин цы ног эрæйы кой кодта, уымæн йæ кой, йæ хъæр дæр нал ис, зæронд эрæ та нæ фесæфти. Капитализм цæры, доллæр дидинæг калы. Сталины амарды фæстæ дунейы коммунистты нымæц къаддæрæй-къаддæр кæнын байдыдта.

Фидель Кастро æмбаргæдæр разынди, культ кæмæн уыди, уыцы фæтæгтæй – Ленинæй, Сталинæй, Мао Цзедунæй, Франкойæ, Муссолинийæ æмæ а.д. Фидель йæ фæстаг фæдзæхсты фыста, цæмæй йын йæ мæлæты фæстæ йæ ном сахартыл, уынгтыл ма сæвæрой. Фидель æмбæрста, кæй ранымадтам, уыцы фæтæгты хъысмæт куыд рауадис, уый.

Ленин, Сталин, «зынаргъ Леонид Ильич», «зынаргъ Никитæ Сергеевич Хрущев» æмæ иннæтæн сæ кæрон цæмæ ‘рцыд, уый абон хъарын байдыдта адæммæ.

Сæйраг уый нæу, хицау «æппæт рæстæджыты æмæ адæмты фæтæг» уыд æви нæ, зарджытæ йыл фæкодтой, цыртдзæвæнтæ йын февæрдтой æви нæ. Сæйраг у, фæтæг, йæ фæстæ цы фæлтæртæ цæуы, уыдонæн бæстæ цы уавæры ныууагъта, уый.

Вячеслав Костиковмæ *гæсгæ*
АиФ, 2016, №50
ССР Цæдисы цардыуаг ногæй
сæвæрыны сæрыл дзурынц
уæрæсейæгтæн сæ 12 проценты.
АиФ, 2016, №50

АФОРИЗМТÆ

✦ Гадзрахатæй чи цæуы, уый фыццаджыдæр йæхиуыл цæуы гадзрахатæй.

Плутарх

✦ Гадзрахатæй чи цæуы, уый нымайын хъæуы знагыл.

Æнæзонгæ автор

✦ Гадзрахатæй рацæуын æнцон у, фæлæ гадзрахат ми ныхкатыр кæнын та иттæг зын у. Уæвгæ йын ныххатыр кæнæн дæр, æвæццæгæн, нæй... Ныххатыр кæнын æрмæстдæр Хуыцауы бар у.

Франтишек Крышка

✦ Исчи дыл гадзрахатæй куы рацæуа, уæд дын цыма дæ къухтæ асаста, уымæй уæлдай нæу... Ныббарæн ын ис, фæлæ йæ дæ хъæбысы акæнын дæ бон нал суыдзæни.

Лев Толстой

✦ Дзырдхæсджытæй бæз-бæз кæны ахæм бæстæ, дзырдхæсджытæн хæрзиуджытæ кæм уарынц.

Парк Годвин

✦ Æрмæстдæр чъизи уд æмæ гадзрахатæй цæуæг æрлæууы дзырдхæссыны фæндагыл.

Уильям Гэзлитт

✦ Дзырдхæссæджы æгас комбæсты куы базонынц, уæддæр ма йæхæдæг афтæ фенхъæлы, нырма мæ иунæг уд дæр нæ зоны, зæгъгæ.

✦ Дзырдхæссæг иуырдæм куыд симы, иннæрдæм дæр афтæ.

✦ Дзырдхæссæг йæ хæларыл дæр даутæ мысы.

Ирон æмбисæндтæ

✦ Дзырдхæсджытæн хæрзиуджытæ кæм дæттынц, уыцы бæстæ аххосджынтæ хъуаг нæ уыдзæни.

Кретьен-Гильем Мальзерб

✦ Æбузн адæймаджы иуахæмы фыдæхы азар ма басудза, уымæн уæвæн нæй.

Джами

✦ Æбузн адæймаг хуыйау куы бафтъæры, уæд суæздан вæйиы.
✦ Æбузн адæймагæй æвзæрдæр ницы ис.
✦ Æбузн адæймагæн фæнды хорз фæу, фæнды – æвзæр: иу ранмæ йын цæуынц.
✦ Æбузн адæймаг Хуыцауæй æлгъыст вæйиы.

Ирон æмбисæндтæ

✦ Æбузн адæймагæн хорз уæвæн нæй.

Михаил Лермонтов

ПРИВАТИЗАТОРТЫ АХХОСÆЙ

Ныртæккæ Уæрæсейы ис 5 мин стыр æмæ рæстæмбис индустриалон куыстуаты, уыдонимæ раздæры советон заводтæ дæр. Приватизацийы фыццаг аз хицæн адæймæгтæн лæвæрд æрцыд 42 мин заводы (стыртæ, рæстæмбистæ æмæ чысылтæ). Уыдоны бындурыл сарæзтой 12 мины ног хæдзарадон субъекттæ, фæлæ сæ фылдæр фæстагмæ ныххæлæттаг чынди. Цæвиттон, приватизаторты æмæ реформаторты ахх осæй æрбадæлдзæх сты 30 мин стыр æмæ рæстæмбис куыстуаты, сæ исбон та давджыты баци.

АиФ, 2017, №23

ДОЗИМЕТР ФЕРВÆЗЫН КОДТА ПЕНСИОНЕРКÆЙЫ

Уæрæсемæ фæсарæнтæй ластæуы зианхæссæг халсартæ æмæ дыргътæ. Мæскуыйы телеуынæны фыццаг каналæй куыд фехъусын кодтой, афтæмæй иу пенсионеркæ æнæнхъæлæджы базыдта, суанг ма йе ‘хцатæ дæр радиоактивон кæй сты, уый. Нормæйæ 100 хатты фылдæр уыди уыцы æхцаты радиоактивон хъылма. Зæронд усæн йæ хъуыддаг фæрæстмæ, йæ хæдзары дозиметр Соэкс кæй разынд, уый фæрцы. Уымæй куынæ спайда кодтаид, уæд æй, йæ базы бын кæй дардта, уыцы радиоактивон æхцатæ мæрдтæм барвыстаиккой.

АиФ, 2016, №15

АНЕКДОТ

Иу лæг дуканимæ бацыд æмæ фæрсы уæйгæнæджы:
– Ленкгæнгæйæ цы худтæ ныккæнынц, ахæмтæ уæм ис?
– Нæй.
– Хоккейы клюшкæтæ дæр уæм нæй?
– Нæй.
– Лыжæтæ дæр уæм нæй?
–Нæй! Стæй йæ куыннæ ‘мбарыс – ацы дуканийы сæнтæ æмæ водкæ йеддæмæ ницы уæй кæнынц...
– Омæ уæд та водкæйы авг æри. Хуыцау æвдисæн, абон мæ зæрды уыди спорты мæхи аирхæфсын!

* * *

Нæ сæйраг сахары раздæры мэрæн йæ кусæнуат цы фондзуæладзыгон хæдзары уыд, уымæ æввахс неон дамгъæтæй бетон къæйтыл сæвæрын кодта ахæм ирон дзырдтæ: «Æз уарзын Дзæуджыхъæу» æмæ «Амонджын уæм». Æхсæв-бонмæ уыцы неонæй рухсгæнгæ дамгъæтæ цæхæр калынц.

Æнхъæлдтон, ныраæй фæстæмæ уырыссаг æвзаджы æмрæнхъ ирон æвзагæн дæр йæ конституцион бартæ læвæрд æрцæудзысты æмæ иуцасдæр ахадын райдайдзæн. Куыннæ стæй! Мэрæн ирон æвзаг йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд. Йæ мæттæ-сагъæстæ-катæйттæ бынтон æндæр уыдысты. Æвæццæгæн-иу æхсæвыгæтты йæ фынты дæр дзырдта: «Æз уарзын Дзæуджыхъæу», уымæн æмæ мын алы бон дæр мæ дзыпп байдзаг кæны мингай, милуангай сомтæй, цæмæй мæ бинонтимæ «амонджын уæм». Мыййаг мæ фæрнæйдзаг митæ куы раргом уой, уæд та Иры дзыхъхъыл дæр æмæ Дзæуджыхъæуыл дæр мæ къух ауигъдзынæн æмæ адымычъе ласдзынæн».

Æмæ йæхинымæр, «мæнæн дзыпп и, мæнæн дзыпп и» заргæ, цыма зæххы скъуыды ныххауд, уыйау æмбойны æрбадæлдзæх.

2017.04.03

ИС АХÆМ ХЪУЫДЫ

Уæрæсейаг астроном Владимир Коваль гуырысхо нæ кодта, 2–3 миллиард азы размæ Хуры системæмæ кæй æртахтысты

æндæр цивилизациты цæрджытæ. Æмæ сæ фæд ныууагътой, растдæр зæгъгæйæ та – цыртдзæвæн. Уый у... Мæй.

Зындгонд у: кæддæр Зæххæн нæ уыд æмбæлццон. Ахуыргæнды нымадмæ гæсгæ Мæй фæзынди, нæ планетæ Марсы йас цавæрдæр «стъалыимæ» кæрæдзи куы скъуырдтой, уæд. Коваль та афтæ зæгъы, Мæйы, дам, зæхмæ æрбаввахс кодтой, дард дунеты чи цард, ахæм астроинженертæ. Æмæ йæ уыдон ахæм ран сæвæрдтой, зæххон адæм йæ равзæрдыл куыд хъуыды кæной.

Мæйы диаметр ахæм у: цæлхыдзагæй Хуры куы сæхгæны, уæд дуне баталынг вæййы.

Мæй бæлвырд афонты ивы йæ фазæтæ – кусы космосон хронометрæй. Уымæ иудадзыг цæст даргæйæ сарæзтæуыди фыццаг къæлиндартæ.

Мæй егъау у. Уыйас космосон «буар» нæ планетæмæ æввахс йæхигъдауæй нæ фæзындаид. Меркури æмæ Бонвæрнонæн æмбæлццæттæ нæй. Марсæн йе ‘мбæлццæттæ сты хæрз чысылтæ, Мæйы диаметр та у Зæххы диаметры цыппæрæм хайы йас. Зæгъæн ис: системæ Зæхх – Мæй у дывæр планетæ.

Владимир Ковалы гипотезæмæ гæсгæ уæлдунейæ ратæхæг астроинженертæ Мæйы сæ «хæдзарæй» нæ раластой. Фæхæст ыл сты Хуры системæйы. Раздæр уыди планетæ...

Ис ахæм верси: Марс æмæ Юпитеры æхсæн кæддæр уыди планетæ Фаэтон. Гъемæ уыцы планетæ æнæбæрæг астроинженертæ Зæхмæ æрбаввахс кодтой. Мæй æмæ Фаэтон иу сты.

Зæххыл цард цæмæй фæзындаид, уымæн уыд æппæт фадæттæ дæр. Уæлдунетæй чи ‘ртахт, уыдон ацы хабар зыдтой, йе та уыцы фадæттæ сæхæдæг сарæзтой. Мæйы дæр нæм уыдон æрбаввахс кодтой. Уый аххосæй (кæнæ уый фæрцы) нæ планетæйы райдыдтой доны æрбаивылдтытæ æмæ аивылдтытæ, фæзынди вулкантæ – уыдон фæахъаз сты царды равзæрдæн.

Хатдзæг: чи зоны, Мæй æцæгдæр у Дун-Дунейы цард рапарахат кæныны охыл фæлварæны иу хай. Фæлæ уыцы фæлварæнтæ чи кодта, уыдон Зæхмæ уæд та иу хатт цæуылнæ æртæхынц? Кæд мыййаг афон нæма у?

Владимир Лаговский

Комсомольская правда, 2017 азы 8–15 июнь

АЛАЙНАГ КУЫДЗ

Дунеон литературæйы классик францаг фыссæг Гюстав Флобераен 1956 азы рацыд йæ уацмысты фондзтомон рауагъд (чиныгуадзæн «Правда»). Цыппæрæм томы ис, «Легенда о св. Юлиане Страннопримице», зæгъгæ, уыцы уацмыс. Алымыггаг куыйты тыххæй дзургæйæ автор кæны алайнаг куыйты кой дæр: «На отдельном дворе рычали, потрясая цепью и вращая зрачками, восемь аланских догов – странных животных, которые впивались в тело всадников и не боялись даже львов».

Аланты царды куыйтæ цы бынат ахстой, уый тыххæй чысыл зонæм. Афтæмæй та аланты къухы куыйты мыггаг рæзты фæндагыл æрлæууыди: зæгъæм, бантысти сын куыйты ног мыггаг сфæлдисын, сæ ном – алæготæ. Уыдысты хæстон куыйтæ. Уыдонæй фæстæдæр равзæрдысты хъахъхъæнæг, цуанон æмæ хæстон куыйтæ.

Рагон аланты дугæй баззади ингæнтæ Чегемы обауы. Уым разынди 135 адæймаджы æмæ 3 куыдзы ингæнтæ. Куыйтæн сæ раззаг къæхты цур уыди егъау цæрæгойты уæнтæ, стæй керамикæйы сæстæгтæ.

Фæлæ бæллæх у, ахуыргæндтæ нæ сарæхстысты куыйты ингæнтæ антропологион хуызы раиртасын, уымæн æмæ нæ зыдтой, хæстон куыйтæ знæгтимæ тохы цы стыр ахъаз уыдысты, уый.

Незаманты тынг айхъуысти, иберты (иуæй-иуты нымадæй та албанты) паддзах Македойнаг Алыксандræн хæстон куыйтæ куыд балæвар кодта, уый. Фыстой йæ Плиний, Гай Юлий Салин æмæ Присциан. Плиний зæгъы: «Алыксандр Индимæ стæры куы ацыд, уæд ын иберты паддзах лæваræн барвыста егъау куыдз. Алыксандр дисы бацыд æмæ йæ фæлварын байдыдта: фыццаг æм рауагъта æрсыты, хъæддаг хуыты, фæлæ куыдз йæ бынатæй змæлгæ дæр нæ фæкодта, цыма сыл не ‘рвæссыд. Æхсарджын император æм смæсты æмæ йæ амарын кодта. Уыцы хабар иберты паддзахмæ бахæццæ æмæ йын æндæр куыдз рарвыста. Бафæдзæхста йын, ахæм гыццыл цæрæгойтимæ, дам æй ма фæлвар. Фæлтау, дам æм пыл кæнæ домбай бауадз. Алыксандр ын йæ фæдзæхстыл дыууæ нал загъта, æмæ куыдз домбайы уайсахат ныххурх кодта. Стæй та пылимæ райдыдта хъазуат тох. Куыдзæн йæ хъуын арц сбадти, тынг рæйын райдыдта æмæ пылыл йæхи ныццавта – куы йæм-иу иуырдыгæй базгъордта, куы та-иу ын йæ иннæ фарсмæ фæлæбурдта. Фæстагмæ пыл бынтондæр бастадис æмæ йæ гуыпп зæххыл фæцыди».

Алайнаг куыдз алæгойæ уæлдай ма алантæм уыди дыууæ хуызы куыйтæ, сæ нæмттæ – кавказаг фыййау куыдз æмæ хохаг егар. Алайнаг куыдзы байзæддæгтæ сты къаролты дог, испайнаг бульдог, аргентинаг дог, ирландиаг бирæгъхурхгæнæг, мастифф.

Æппæты фыццаг догтæй хæстон хъуыддаджы пайда кæнын райдыдтой Ассирийы æмæ Вавилоны. Уырдыгæй ахæм æгъдау афтыди Мысырмæ, Чысыл Азимæ æмæ скифтæм. Скифтæй догтæ бафтыдысты сарматтæ æмæ алантæм. Европæмæ та догтæ бахæццæ сты астæуккаг æнусты райдайæны алантимæ.

Домбай, егъау алайнаг догтæ тас æфтыдтой алкæуыл дæр æмæ сæ хуыдтой иннæ куыйты цур уæйгуытæ. Алайнаг догтæ уыдысты агрессивон, сæрыстыр, тæрсын цы у, уый нæ зыдтой. Уыцы миниуджытæ цыдысты фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

Хæстон куыйтыл-иу алантæ скодтой згъæрæй агъудтæ, суанг сын-иу сæ сæртыл згъæр такатæ-худтæ дæр бафидар кодтой. Ноджы-иу сын сæ хъуырцæгтæ æмæ сæ такатыл бабастой, хъамайау дыууæрдыгæй цыргъ чи уыд, ахæм кæрдтæ кæнæ «сындзытæ». Уыдоны æххуысæй куыдзæн бирæ фылдæр æнтысти знæгтимæ тохы.

Куыд загътам, афтæмæй Ныгуылæн Европæмæ уыцы куыдзы аластой алантæ. Алантæ Галлимæ бабырстой цыппæрæм æнусы. Уым иуцасдæр ацардысты, стæй ногæй стæры ацыдысты æмæ Испанийы ныддæрæн кодтой. Уыцы бæстæйæ æндæр рæттыл апырх сты æвæджиауы куыйтæ. Ныр сæ пайда кæнынц богътæ æмæ æрсытæ ахсынæн. Куыйты ном раздæрау хуыйны аланос.





* * *

Гл. редактор	*А. М. КОДЗАТИ*
Зам. гл. редактора, проза	*Б. М. ГУСАЛОВ*
Ред. отдела поэзии и драматургии	*К. Г. МАМУКАЕВ*
Шеф-редактор	*И. А. КОДЗАТИ*
Корректор	*З. З. КАРАЦЕВА*
Дизайн	*З. Р. ГУРИЕВА*
Компьютерный набор	*М. К. КИРГУЕВА*

* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны,
стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредитель:
Комитет по делам печати
и средств массовых коммуникаций РСО-Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Гагарина, 30.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; зам. гл. редактора, отдел прозы – 25-20-52;
шеф-редактор, отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.

Подписано к печати 15.08.17. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,35. Учетно-изд. л. 7,27.
Тираж 1100 экз. Заказ № 369. Цена свободная.
Выход из печати 28 августа 2017 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Индекс 73247